**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСИ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ**

Есназарова З., Асамаддинов Э., Тлеумуратова З., Турдиев Б.

# «ДИАЛЕКТИКАНЫҢ ТИЙКАРҒЫ ТҮСИНИКЛЕРИ»

(Оқыў методикалық қолланба)

**Нөкис-2020**

Есназарова З., Асамаддинов Э., Тлеумуратова З., Турдиев Б.

Бул оқыў қолланба жоқары оқыў орынларында өтилетуғын философия курсының бағдарламасына сәйкес жазылған.

Оқыў қолланбада диалектикалық ойлаў, диалектикалық пикирледиң пайда болыўы тарийхы, диалектика түсиниги ҳәм оның философия тарийхындағы орны, XX әсир диалектикасының тәлийматларының тийкарғы бағдарлары көрип шығылады. Диалектика улыўма байланыслық концепциясы сыпатында қаралып шығылып, тийкарынан қатнас, байланыслық, байланысыў өз-ара тәсир түсиниклери кең түрде анализлеген Тийкарынан, оқыў қолланбада диалектика категорияларына, диалектикалық ойлаўдың тийкарғы принциплерине итибар берилген. Жеккелик, улыўмалық, тийкар, ҳәм қубылыс, мазмун ҳәм форма, элемент, структура, система, себеп ҳәм нәтийже категорияларына итабар берилип мазмуны кең көлемде ашып берилген.

Оқыў қолланбада диалектика раўажланыўының универсал нызамлықлары ҳаққында пикир жүргизиледи. Бунда тийкарынан нызам түсиниги, қарсылықлардың пайда болыўы нызамы, қарсылықлардың бирлиги нызамы, айырмашылық, қарсылық ҳәм ҳәрекет, өзгерис ҳәм раўажланыў дереги, бийкарлаўды бийкарлаў нызамы, бийкарлаўдың түрлерине кең түрде филсофиялық анализ берилген.

Жоқары оқыў орынлары студентлери, магистрантлары ҳәм оқытыўшыларға арналған.

**Жуўаплы редактор:**

**М.Махсетова**- Бердақ атындағы ҚМУ «Социал-гуманитар пәнлер» кафедрасы доценти, тарийх илимлериниң кандидаты.

**Пикир билдириўшилер:**

**Б.Базарбаев** – Жәмийетлик пәнлер кафедрасы Проф. ф.и.д

**А.Байриева** – Бердақ атындағы ҚМУ «Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими» кафедрасы доценти, философия илимлериниң кандидаты.

**Оқыў – методикалық қолланба Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Илимий оқыў – методикалық кеңесиниң 2018-жыл қарары менен (баянлама №9) 30 – июнь баспаға усынылды.**

## Кирисиў

Мәмлекетимизде дүнья цивилизациясы системасына өзине тән мүнәсип орынды ийелеў барысында илимде кирип киятырған XXI әсир талабына жуўап беретуғын дәрежеге көтериў ушын алдыңғы илимий, социал-сиясий, ҳуқықый философиялық идеялар, қәдириятлар раўажланып бармақта. Сондай-ақ жәмийетте пайда болатуғын түпкиликли өзгерислер, өзиниң көрнисин тапты. Усы тийкарда философия өзиниң мазмунын жаңаламақта. Бундай жағдайда диалектикалық ойлаўдың тийкарғы принциплеринен, нызамлықларынан, түсиниклеринен пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе.

Раўажланыў философиясында, диалектиканың тийкарғы түсиниклерин, нәрсе, нәрсениң басқа нәрселер менен байланыстырыўшы ҳәм олардың өз ара тәсирге кирсиўи имканиятын бериўши қәсийетлер анық комплексли тийкарда айтылады. Байланыс түсинигиниң мәниси мәселеси, бүгинги күнде философия пәнинде машқалалы процесс. Философияда диалекетика категорияларының болмыстың универсал билиў формасы, байланыслардың классификациясы, ҳәр тәреплеме өз-ара байланыслар, туўры ийиримли байланыслар, тиккелей ҳәм тиккелей емес байланыслар, ишки ҳәм ишки байланыслар, өлшем генетикалық, функционал, структуралық, энергетикалық, материя, инфрмацион байланыслар ҳәзирги дәўир философия илиминде машқалалы процесс екенлиги мәлим.

Диалектика тараўында илимий изертлеўлер алып барыўшы философ алымлар кейинги жылларда бул тараўда бир қанша илимий изертлеў жумысларын алып барды. Диалектика теориясының түрли машқалалары бойынша, оның нызам категориялары, қәсийетлери, практика ҳәм илимий билиўдеги роли, адамларда диалектикалық мәдениятты қәлиплестириў машқалалары, ўақыялықта инсан санасында анық ҳәм бир пүтин сәўлелендириўде диалектикалық ойлаўдың әҳмийети, диалектика, логика, билиў теориясы бирдейлиги, (теңлиги) сыяқлы мәселелер бойынша илимий китаплар баспадан шықты. Бул бойынша мысал ретинде проф.Ж.Туленовтың «Ҳаёт фалсафаси» мийнети, Б.Р. Каримовтың «Диалектика объективного и субъективного в методе восхождения от абстрактного к конкретному» Э.Кадырованың «Диалектика категорий «Элемент» и «структура» в процессе научного познания» Т., 1996 ж., ф.и.д., А.К.Бердимуратованың «Жәмийеттиң

раўажланыў басқышлары ҳәм хабар революциясының диалектикасы» («Илим ҳәм жәмийет» журналы, 2014-жыл ) мийнетлерин қарап өтсек болады. Биз жумысымызда усы диалектиканың тийкарғы түсиниклери мәселесинде алым философлардың илимий мийнетине таяныш жумсымызды алып бардық.

Әлем, жәмийет ҳәм руўхыйлық тараўларында пайда болған раўажланыў ҳәм жаңалықларды ҳәр тәреплеме, терең түсиниў ушын инсаният нәтийжели қуралды- диалектикалық ойлаў усылын ислеп шыққан. Студент жаслар ушын бул усылды өзлестириў жолларынан бири диалектикалық тәлиймат, ҳәм оның түсиниклери ҳәм принциплерин дөретиўшилик жақтан үйренип алыў, баслы ўазыйпа деп қараўға болады.

Философия ҳәм диалектиканың керекли бөлимин гносеология машқалалары пайда етеди. Диалектика ҳәм гносеология өз-ара сапасы ҳәм байланыслығы XX әсир философиясында үлкен орынды ийелеген. Бул жерде тийкарғы мәселе, диалектиканың тийкарғы түсиниклери нәрсе, байланыс, нызамлар категориялар сыяқлы машқалалар ашып бериледи.

# I БАП- ДИАЛЕКТИКА – УЛЫЎМА БАЙЛАНЫСЛЫҚ ҲӘМ РАЎЖЛАНЫЎ ТУЎРАЛЫ ТӘЛИЙМАТ

## *1.1.Диалектикалық ойлаў. Диалектикалық пикирлердиң пайда болыў тарийхы*

Әййемги заманларда дүньяны билиў, оны әмелий ҳәм теориялық тәрептен өзлестириўдиң раўажланып барыўы менен бирге адамлардың санасында әлемдеги нәрсе ҳәм қубылыслардың байланыслығы, пайда болыўы жоқ болып барыўы, мәңгилик ҳәм өткиншилик ҳаққында түрли қараслар пайда бола баслаған. Кейин бундай қараслар философиялық тәлийматларда белгили дәрежеде дүньяға көзқарас бир системаға салынып раўажландырылған.

Арнаўлы диалектикалық билиў усылы ислеп шығылмаған дәўирде-ақ теориялық билиў тараўына ерте адым таслап атырған философлар қудайды бир пүтин болмыс деп көз алдына келтирген. Предметлердиң өз-ара байланыслығын, өзгериўин, бир ҳалаттан екинши ҳалатқа өтиўин сезе баслаған. Бул стихиялы, яғный алдыннан теориялық усыл жаратыў мақсети қойылмаған мәнисинде диалектикалық пикирлеўдиң пайда болыўы деп қараўымызға болады.

Әййемги Қытай философиясындағы «Дао Дэ цзин» шығармасында: Зәрүр, еркин, қойлайсызлық, дурыслық, бослық, толтырылған болады, гөне, жаңа менен алмасады; азлаў умтылып көпке ерисесең; көп нәрсени алыўға умтылыў жаңаланыўға алып келеди[1] деп айтылған. Грек философы Гераклиттиң пикири бойынша, жердиң өлими, суўдың туўылыўы, суўдың өлими, ҳаўаның өлими, оттың туўылыўы керисинше.

Әййемги дәўирдиң ойшылларының диалектикалық ойлаўлары жаңа тәкирарланбас процесслерди аңлататуғын идеяға шекем, раўажланыўы теориясына жеткизилмеди. Олардың уллы айланыў ҳаққындағы көз алдыға келтириўлерине көре, әлемге ондағы нәрсе ҳәм қубылысларға дәўирли, қайтарылып туратуғын қәлиплесиўди шөлкемлестириў тән болған.

Дәўирли ҳәрекет ҳәм өзгерислердиң идеясына өтиўи ўақыттың тиклениўине бағдарланған, тәбият ҳәм жәмийетте тәкирарланбайтуғын қубылыслардың пайда болыўын талап етеди. Тийкарынан, орта әсирлерде христианлық ҳәм ислам динлеринде факттиң бағдары алдын

[1] Древнекитайская философия. 2 том. М.1972.Б.121.

болып өткен ҳәм келешекте пайда болған ўақыялардың асиметриясы түрли тарийхый басқышлардың бар болыўы ҳаққында ойлар ислеп шығылған. Орта әсирлик илаҳиятшы Аврелий Августин бул ҳаққында жәмийет тарийхын гөдеклик,балалық, өспиримлик, ержеткенлик, ғаррылық, ақыры өлим менен тамам болатуғын басқышлардан ибарат болған процесс деп түсинген.

Соның менен бирге тәбият ҳәм жәмийеттеги процесслердиң мәнисин, бағдарын түсиниў мәселесинде илимий ҳәм философиялық көз алдыға келтириўлер ислеп шығылған. Ибн Синаның пикири бойынша, қудай ҳәм тәбият шынжырлы омыртқалар арқалы байланысқан. Тәбият қудайдан тиккелей узақта болып, ол өз нызамлығы менен ҳәрекет етеди.

XV әсирден баслап Батыс Европада капиталистлик қатнасықлар раўажлана баслады. Бул процесс философия, илим ҳәм техниканың раўажланыўына үлкен тәсир көрсетти. Коперниктиң гелеоцентристлик идеяларын раўжландырды, көп түрли дүньялардың өмир сүриўин ашады. Биолог Ламарк тири тәбияттың эвалюция ҳаққындағы тәлийматын жаратты. Фрацуз ағартыўшылары Вольтер ҳәм Кондросе социал раўажланыў ҳаққындағы идеяларды алға сүреди.

Тәбият ҳәм жәмийетте пайда болған түрли өзгерислер, механика ҳәм физикада тәрийипленген динамикалық нызамларға бойсынады деген көз алдыға келтириўлер пайда болған. Усы тийкарда жаңа дәўирде метафизикалық пикирлеў усылы қәлиплескен. Метафизикалық пикирлейтуғын түрли өзгерислерди тән алсаларда бирақ, әлем планета ҳәм жердеги өмирдиң бир сыпаттан екинши сыпатқа жаңа басқыш ямаса дәрежеге өтиўи мүмкинлигин көз алдыға келтире алмаған.

Дүньяны диалектикалық билиў идеясы ҳәм усылын жаратыўда немец философлары И.И.Кант, Г.Фихте, Ф.Ф.Гегельдиң хызмети үлен болды.

Ф.Ф.Гегель объектив идеализм тийкарында турып раўажланыўдың ең улыўма нызамлықларын көрсетип берди. XIX әсирде Ф.Ф.Гегель философиясына қарама-қарсы болған диалектикалық идеялардың иррационалистик көрнислери пайда болды. Шопенгауер, Кьеркегор олардың избасарлары санасызлық өз-өзин аңлаў тек еркинлик сықлы руўхый қубылысларды бирлемши тийкар етип алып идеалистлик мазмуннан диалектикалық көз алдыға келтириўлерди ислеп шыққан.

## 1.2 Диалектика түсиниги ҳәм оның философия тарийхындағы орны.

Диалектикалық ойлаў билиў усылының қәлиплесиўи көп әсирлер даўам еткен поцесс. Ўақыяны үйрениў ҳәм өзлестириў адамның әлемге болған қатнасын, өзегериў ҳәм раўажланыў көз-қарасынан көрип шығатуғын болсақ бизди ойландырып қоятуғын сораўлар пайда болады. Мысалы: әлем жалғыз бир пүтинбе яки бөлек - бөлек нәрсе ҳәм қубылыслардың комплекси, дүньяда ҳәмме нәрсе өзгередиме? Я өзгермейме? Мәңгилик ҳәм өткиншилитиң салыстырмалығы қандай? Барлық өзгерислер қайтарылмас процесспе ямаса олар ишинде зәрүрли тәкирарланғанлығы барма? Пайда болған өзгерислерде қандайда бир бағдар барма? «Дүнья», «Жәмийет», «Гөззаллық», «Жақсы пазыйлет» сыяқлы түсиниклер қандай пайда болады?

«Диалектика» грек сөзинен алынып «гүриңлесиў алып барып атырман, додалап атырман» деген мәнисти билдирип, тәбият, жәмийет ҳәм ойлаўдың раўажланыўдың ең улыўма нызамлары ҳаққындағы пән. Сократ биринши мәртебе диалетикаға тийкар салды. Платон устазы Сократтың диалектикаға байланыслы пикирлерди системаға салды. Философ диалектика бул әлем, адам ҳәм билиў процессиниң болмыстың улыўма тәреплерин ҳәрекет, бирдейлик, өз ара тәсир етиў, байланыс, қатнас, болмыс категориялары жәрдеминде түсиндирип беретуғын билим тараўы, деген пикирге келген.

Аристотель өзинен алдын дөретиўшилик еткен философлардың стихиялы диалектикалық көзқарасларынан хабарлы болған, болмыстың нәрселери, атрибутлары ҳәм олардың сәўлелениўлерин, өзгерип турыўын айтып өткен. Бирақ философ диалектика усылына Сократ ҳәм Платон берген түсиндириўден ажыралып турыўшы анықламаны берген. Оның пикири бойынша диалектика шамалаў дәлилеўлерди анализлеўге қолланатуғын тараў деп қараған. Диалектикалық сыпатлаўда шамалаўдағы дәлиллеўлерден жуўмақ келип шығады. Логикалық зәрүрли жағдайдан аподиктик (грек сөзи) – исенимли – гумансыз дәлиллеўлерден жуўмақ шығарыўда диалектика қолланылмайды.

Орта әсир Шығыс философиясында диалектика теориясы билимди пайда етиўде қәлиплестириў қурамында ислетилген. Фарабий диалектиканы (арабша – синаи ал-жадалийин) логикаға тийкарланған

билимге ҳақыйқатшы қайсы себепликти анықлаў арқалы, белгили болған белгилери ҳаққындағы билимлерге сүйенип белгисиз нәрсе ҳәм қубылыслар ҳаққында дурыс пикир ҳәм жуўмақларға келеди.

Жаңа дәўир диалектиканы теориялық анализлеў ҳәм изертлеў усылы сыпатында ислеп шығыў немис классик философиясында әмелге асырылды. И.Канттың пикири бойынша диалектика бир пүтин билимге ерисиўди қәлеген адамның санасында пайда болатуғын тийкарсыз көз алдыға келтириўлерди, қыялый нәрселерди әшкара етиў қуралы. *Тек таза* билимге ийе болыўға умтылған ақыл шешип болмайтуғын қарсылықларға дус келеди. Мине усындай умтылыў тийкарсыз умтылыўды диалектика көрсетип бериўи керек.

Диалектика тәлийматының кейинги раўажланыўы Ф.Гегель аты менен байланысқан. Ол ҳәр қандай өзгерис ҳәм раўажланыўдың дереги, ҳәрекетлендириўши күши қарсылықлы деген пикирге келеди. Тәбият, жәмийет ҳәм руўхый әлем тараўларында пайда болады, байланыслық, өз-ара тәсир ҳәм өзгерислердиң улыўма дерегин ашып бериўге ҳәрекет етип, бир-бири менен байланысқан категориялар системасы ҳәм диалектикалық усылды ислеп шықты.

Бул усылдың тийкарғы қағыйдасына көре ҳәр қандай өзгерис ямаса раўажланыўдың дереги предметлерде қарама-қарсылықлардың пайда болыўы, олардың қарсылыққа айланыўы ҳәм қарсылықлы бийкарлаў ҳәм синтез арқалы шешиледи.

Ф.Гегель жаратқан диалектика идеалистлик характерге ийе еди. Оның методы диалектикалық болса, ал системасы идеалистлик. Ф.Гегель-объектив идеалист, себеби оның пикиринше, адамзаттың санасынан тыс, кәраматлы ойлаў жасайды. Ойшыл диалектикалық ҳәрекетти сүўретлемекши болады, ўақыялықтан алынған фактлерди илимниң жетискенликлерин өзи ислеп шыққан түсиниклер ҳәм категориялар системасына сәйкеслестирген. Нәтийжеде көп жуўмақлар жасалма объектти еслететуғын түсиниклер қурылмасы формасында анықлаған.

Демек Ф.Гегель философиясында болмыстың улыўмалық байланысын ҳәм улыўмалық нызамлары мойынланады, бирақ олар дүньяның материаллық бирлигин бийкарлаў тийкарында түсиндирди.[2]

---

[2] Бердимуратова А.К. Философия. Оқыў қолланба. Н.2010.Б155.

## 1.3. XX әсир диалектикасының тәлийматларының тийкарғы бағдарлары .

XX әсирде пайда болған илим ҳәм техникадағы революциялар социал-экономикалық руўхый раўажланыў түрли сиясий ҳәм идеологиялық күшлерди ҳәрекетке келтирди. Буны әлбетте диалектикалық идеялар деп қараймыз. Олардың тәсир етиў характери тәсир етпей қалмайды. Бир-бирине альтернатив қатнаста болған диалектиканың түрли көрнислери (вариантлары) пайда болды ҳәм қәлиплести. Төменде биз усылар ҳаққында қысқаша мағлыўмат беремиз.

**Материалистик диалектика.** К. Маркс ҳәм Ф. Энгельс диалектиканы ҳәм материализмди бириктирип диалектикалық материализм теориясын дүзди ҳәм оны тәбиятты, билиў процессин, жәмийетлик турмыс қубылысларын түсиниўге тарқатты. Ҳәзирги философияда диалектика философиялық билимниң зәрүрли элементи сыпатында қатнасады. Оның үстине бүгинлигинде философиялық ойдың көп ғана бағдарларының не себеп диалектика идеясын ислеп шығып атырғанлығы жүдә қызығарлы мәселе. Гәп сонда, ҳәзирги илимий, жәмийетлик практика раўажланыў машқаласын соншалық дәрежеде актуалластырды, оны сезбеў, бийкарлаў туўры мәниске қарсы жүриў деген сөз. Соның ушын ҳәзирги қәлеген философия раўажланыў деген не, не себеп дүнья раўажланады деген сораўларға жуўап бериўге мәжбүр.

Рус диний- идеалистлик философиясында диалектика тәлийматы. Бул ағымның ўәкиллери болмыс, адам ҳәм билиў машқалаларын анализлеў процессинде өзине тән диалкетикалық идеяларды ислеп шықты. В.Соловьевтың азат теософикалық диалектикасы,[3] бунда ойшыл ислеп шыққан тәлийматқа байланыслы бирлемши өзинде барлық белги ҳәм қәсийетлердиң толықлығын жәмлейди. Бунда тийкарынан барлық мәңги, мен болып, өзиниң мазмунына әлем арқалы пайда етеди, оның искерлиги себепли бир пүтин дүнья жүзеге келеди. Барлық-бул анықлық ҳәм көпликти қарслықлы бирликте өзинде қамтып алған дөретиўшилик нәрсе ямаса зат деп қараған.

---

[3] Теософия грек сөзи – қудай, софия – данышпанлық –ақылсыз, санасыз қудайдың билиўи мәнисин аңлатып, бунда исан тиккелей ишки тәжирийбе арқалы, мистикалық интуиция жолы менен қудайды билиў мүмкиншилиги ҳаққындағы пикир атап көрсетиледи.

Усы барлықтың мәнисин билиўге қаратылған диалектикалық ойлаў түсиник формасындағы улыўма принциптен нызам қағыйдадан конкрет мазмунды ажыратып алатуғын теориялық қурал деп қараған.

П.А. Флоренский антиномиялық диалектикасы. Бул тәлийматқа көре парасат ҳәм ақыл бир-бирине қарама-қарсы болған руўхый искерлик көриниси деп қараған. Төменги руўхый қәбилет сыпатында парасат қарсылықсыз болады, қарсылықты өзинде сақламайды. Ақыл қарсылық пенен жасайды. «Альтернатива» атамасы уқсаслық ажыралып турыўшы мәнисине ийе. Альтернатива сөзин французша- альтернативе, латынша-альтер- екеўинен бири еки түрли мәниси бар: 1.Бир – бирине қарсы яки бирнеше мүмкиншиликтен бирин таңлаў зәрүрлиги, халаты; 2. Усы мүмкиншиликлерден ҳәр бири сыпатында қаралады.

3.Жаңакантшилик диалектикасы. Бул бағдар ўәкиллери Коген, Виндельбанд, Риккерт ҳәм басқалар. И.Кантнттың философиясына сүйенип XIX әсир ақыры XX әсир басларындағы тәбият ҳәм социал – гуманитар илимлердиң раўажланыўынан келип шыққан теориялық ҳәм методологиялық машқалаларды қарап шыққан. Жаңакантшылардың пикирлерине көре тәбият ҳәм мәдeният руўхыят, руўхыйлық ҳаққындағы илимлер бир-бири менен қарама-қарсы болған предмет, мақсет ҳәм изертлеў усылларына ийе. Тәбият илими билиў объектине себеп ҳәм нызамлықларын түсиндиреди.

Тәбият илими билиў объектиниң себепли нызамларын түсиндиреди. Сондай-ақ тәбият нызамларын объектив характерге ийе екенлигин бийкар етеди, мәдeният ҳаққындағы илимлер болса изертленип атырған предметтиң тәкирарланбас, индивидуал жағдайын ашып береди. Ҳәзирги жағдайда Жаңакантшылардың теориялық ҳәм методологиялық излениўлери диалектикалық тәлийматтың арнаўлы машқалаларын ислеп шығыў емес, бәлки диалектикалық келтириўлер қарай илгерлеў, ҳәрекет деп баҳаланбақта.

**4.4. Герменевтика диалектикасы.** Герменевтикада / Дильтей, Гадамер, Бэтт ҳәм тағы басқалар философия предмети руўхыят, мәдeният ҳәм тилдиң мәнисин ишки руўхый дүньясында пайда болған арнаўлы герменевтикалық усылды қоллаў арқалы анықлаў изертлеўшиниң санасында қайта жанландырыў, тиклеў машқаласы деп белгиленеди. Болмыс, руўхыят ҳәм тилдиң өз-ара қатнасы машқаласын анализлеў процессинде Гайдмер Хайдаггердиң герменевтикасы менен

гегельше ойлаўдың, логос улыўма жалпы нызамлық пенен сөзиниң шеберлигин, герменевтика менен диалектиканы жаңа синтезди әмелге асырыў зәрүр деген пикирди билдиреди.

Герменевтика ўәкиллери тил ҳәм мәденият өз-ара байланыста, тил қуралы менен мәдений норма ҳәм дәстүрлер жаратыў ҳәм раўажландырыў, санада әлемниң сүўретин салыў машқалаларын анализлейди екен бир қатар диалектикалық характерге ийе болған көзалдыға келтириўлерди ислеп шыққан.

Протестантизм филсофиясы ХХ әсирдиң 20-жылларында диалектикалық иләҳият бағдары қәлиплести. Бул бағдардың ири ўәкили К.Барттың пикири бойынша диалектиканың мәниси бийкар, критикалық бийкарлаў деп қараған. Соның менен бирге ол критикалық иләҳий мазмунды береди. Бул мазмун соннан ибарат, қудай ҳәм адам өтип болмайтуғын бөгет бар болып, ол адамның өмири ҳәм өлими менен белгиленеди. Гүнаға батқан адамларды деп Христос өз жанын қурбан еткен. Ол критикалық бийкарды унамлы болмысқа айналдырады. ХХ әсир қарсылықларынан келип шыққан ҳалда «Уллы бийкарлаў» қудайды Бул дүньядан бет бурғанынан дерек береди. Диалектика иләҳият тәлимийматына байланыслы «Уллы бийкарлаў» унамлы болмысқа өтиў ушын қудайға қайтыў керек деп қараған.

**6. Экзистенциалистлик диалектика.** Бул бағдардың ўәкиллери К.Ясперс, Ж.П.Сартр, А. Камю ҳәм басқаларды айтыўымызға болады. Адамыйзатлық Менниң раўажланыўы нызамлықларын түсиниўге бағдарланған. экзистенциаллық диалектика көзқарасынан диалектикалық ойлаў болмыстың тиккелей логикалық билиў арқалы емес, яки тиккелей жеке, жанлы пикирлеў процессинде пайда болады. Ақылый билиўде субъект ҳәм объект бир-бирине қарама-қарсы тәрепке айланады. Нәтийжеде болмыс ҳәм инсан өзлерин экзистенцияларының барлығын жоқ етип, шахысыз, жанлы қыяпаны жоқ еткен объектке айналады, изертлеўши жанлы жекелик барлық орнына объективлестирилген абстракция түсинигин ҳәм принциплери менен ис көреди.

7. Батыс филсофиясының франкурт мектеби Маркузе ҳәм басқалар дөгерегинде негатив диалектика тәлийматы ислеп шығылған. (Т. Адорно) Тийкарғы идеясы: раўажланыў - бузыў, ҳәммени абсолют бийкарлаў. Ол тәбияттаныў ҳәм гуманитарлық илимлер рамкасында

раўажланыў туўралы анаў я мынаў идеяларды өз ишине алады. Биологиялық изертлеўлер сферасында – бул аллепция исленип шығылды.

**Мессианлық диалектика**. Ол өз тәлийматының тийкарына практика түсинигин қойған ҳәм пүткил дүньяны социология категориялары позициясынан қарайды. Тарийхый билиў диалектикасы. Көбирек Р.Дж Коллингвудтың мийнетлеринде өз сәўлелениўин тапты.

8.Шығыс философиясында диалектикалық көзалдыға келтириўлердиң қәлиплесиўи. Бунда тийкарыан диалектикалық тәлиймат өзине тән социал –идеологиялық руўхый жағдайда ислеп шығылды. Биринշиден, Азия мәмлекетлеринде әмелге асрылған терең социал-экономикалық реформалар ҳәм идеологиялық жаңаланыў тәсиринде ислам мәденияты ҳәм руўхыйлығының мәниси, ҳәзирги дәўирдеги роли, Батыс ҳәм Шығыс ойшылларының өзлерине тән пазыйлетлери, шығыс руўхыяты сондай диалектикалық характерге ийе екенлиги мәселелери негизинде излениўлер теориялық айтыслар пайда болды.

Екиншиден, Шығыс философиясы пәни диалектикалық идеяларға бай болса, бирақ бул идеялар XX әсир философиясын қарсынан қараганымызда еле дурыс изертлеў алып барылмаған философиялық мийрасқа дыққат аўдарған изертлеўшилер тар идеологиялық орыннан келип шығып, көбирек оны идеалистлик, метериалистлик, иррационистлик, иләҳият тәреплерин анализлеўге итибар берген.

Үшиншиден диалетика тәлийматы машқалаларын додалаўда Батыс филсофиясы сезилерли тәсир көрсетпекте. Мыср философы Имам ал- Фаттох 1968-жылы баспадан шыққан «Ф.Гегельдиң диалектикалық методы» шығармасында Ф.Гегель диалектикасының мазмуны ҳәм оның характерли белгиси анализ етилген. Философлар Бадан ҳәм Юсуф ал-Хажин дөретиўшилигинде экзистенциализм филсофиясы, ондағы диалектикалық пикирлер терең тәсир қалдырған.

Адамзат цивилизациясының раўажланыўы, адамгершилик машқаллаларын Рахмон Бадави анализлер екен, «экзистенциалистик логика» деп атаған идеяны ислеп шықты. Ол раўажланыўдың спирал тәризли характери ҳаққында жаңа гегельшилик марксистлик келтириўлерди критикалайды. Диалектика тәлийматының орайында турған «қарсылық» категориясын анализлейди. Карсылық синтез арқалы

шешилетуғын нәрсе емес ямаса қарама-қарсы тәреплер терең жүритилген бирлик деген пикирда айтады.

Диалектикалық ойлаў машқалаларына пикир билдирген философлардан бири Сайф ад – Дауд болып есапланады. Оның пикири бойынша тәбият емес, бәлки инсан, оның искерлиги диалектикалық характерге ийе. Тәбиятта өзгерислер бар, бирақ қарсылық жоқ деп есаплайды. Адамзаттың раўажланыўы қарсылықларды пайда етеди ҳәм шешилиўи арқалы пайда болады.

Солай етип XX әсир философиясында диалетикалық пикирлер үлкен роль ойнаған бундағы пикирлер түсиниклер категориялар принциплер XX1 әсир филсофиясының тийкарғы машқаласы сыпатында деп қараўымызға болады. Бунда тийкарынан тийисли теориялық методологиялық идеялар илимий философиялық жуўмақлар исленип шығылып атыр.

**1.4. Диалектиканың альтернативалары**

Философия дүньяны тутаслық, оның үстине мудамы өзгеристеги ҳәм раўажланыўдағы тутаслық сыпатында теориялық жақтан сәўлелендириўге умтылады. Бул проблеманың шешилиўи әсирлерге созылды. Оның өз ишинде айрықша тәлиймат-диалектика қәлиплести. Диалектиканың жәрдеминде ойшыллар дүньядағы ғалаба байланыслардың тәбиятын ҳәм раўажланыўдың улыўма нызамларының тәбиятын түсиниўге умтылды. Философиялық мәнисте диалектика деген не? Оның мәниси неде? Ҳәмме философлар диалектиклер ме? Диалектикада альтернативалар бар ма? Бул сораўларды бираз кеңирек қарап көрейик. Усы тийкарда диалектикаға қарама-қарсы болған софистика, эклектика, догматизм ҳәм метафизика киреди.

**С о ф и с т и к а** (грекше софизм – үйдирме) саналы тийкарда логиканың нызам ҳәм қағыйдаларын бузыў қәлпеки дәлиллерди ислетиў тийкарында сырттан форма дурыс болып көринген пикирлер жүритиў усылы. Софистикалық тийкарда пикирлеўши адамлар ўақыяны сәўлелендириўши түсиник ҳәм жуўмақтың мазмуны салыстырмалығын, билиў поцессиниң қыйын курамалығын, сөзлерин болса көп мәниске ийе екенлигин нәзерде тутып, жүзегей мәплерди гөзлеп түсиниклерди алмастырыўға, ҳийлекерлик жолы менен дурыстай көринген, ҳасылында дурыс емес жуўмақлар шығарыўға ҳәрекет етеди.

Бул жерде айырым әдебиятларда софистика метафизика менен бир мәнисте деп берген.[4] Бизиң пикиримизше бундай деп айтыў алжасыўлар деп қараймыз. Метафизика софистикадан ажыралып турады. Метафизика деген не ҳәм оны қалай түсиниў керек.

Метафизика түсиниги туўралы бир-еки аўыз сөз. Б.э.ш. I әсирде Родослы Андронник Аристотельдиң өзи биринши философия деп атаған шығармаларын енгизеди. Булар болмыс пенен билиўдиң жоқарғы, биринши, басланғыш принциплерин билиў туўралы шығармалары еди. Олар Андронник Метафизикасы (нақма-нақ физикадан кейин дегенди аңлатады).

Бул дәстүрге сәйкес соңғы ўақытлары ҳәм метафизика термини арқалы болмыс пенен билиўдиң жоқары басламалары туўралы философиялық изертлеўлерди түсинеди (мәселен, схоластиклер, Кампанелла, Гассенди ҳ.т.б.). И.Канттан баслап метафизиканың жаңа трактовкасы басланады. Ол өзиниң философиясын критикалық метафизика деп атайды. Ақыры, ол билиўдиң шегаралары туўралы барлық өткендеги философиялық билимлерди критикалық көз-қарас тийкарынан анализлейди. Пүткил философия И.Кантта критикалық ҳәм критикалыққа дейинги, догматикалық метафизика болып бөлинеди. Ф.Гегель философиялық билимниң бурынғы системасын - метафизиканы толығы менен бийкарлайды. Бурынғы философияның барлық методларын (метафизика) ол метафизика деп атап, оған диалектиканы қарама-қарсы қояды. Философиялық билиўдиң еки қарама-қарсы методының бөлиниўи Ф.Гегельден басланады.

Диалектика менен метафизиканың альтернативасы туўралы айтқанда, метафизиканы диалектикаға тек шеклеўли жағдайда, конкретлирек айтқанда билиўлик принциплердиң, билиўлик концепциялардың шегараларында ғана қарама-қарсы қойыўды есапқа алған жөн. Бирақ метафизикалық тийкарда пикирлеўши философлар, алымлар егерде қандайда бир тар жеке ямаса топарға байланыслы мақсетте келип шыққан мәпке умтылыў болмаса, софистикалық усылын қолланбайды.

Эклектика – түрли, көбинше қарама-қарсы көзқарасынан қарағанда, социал филсофиялық көзқараслар, сиясий принциплерди бир-бири менен араласыў теориясы, идея пайда етиў усылы. Мысалы,

[4] Философский энциклопедический слварь.М., 1983.Б.628.

парапсихиологиялық шығармаларда оккультизмге / лат. оккултус – сырлы, пинҳамы; тәбияттан тысқары күшлер менен қатнаста болыў мүмкиншилигин көрсететуғын тәлийимат пикирлерде адамның санасы қәсийети философиялық, диний, физикалық, энергетикалық көзалдыға келтириўлер анықланады, ойлаў – психоэнергетикалық күш, астрал лат.астралис – жулдызлы; аспан жулдызлары менен тәбияттан тысқары тийкарда байланысыў мәнисинде деп тәрийипленеди.[5] Мине соның ушында сананың мәнисин анықлаў машқалаға эклетикалық жантасыўдан дерек береди.

Диалектикаға қарағанда алтерьнативлик ойлаў усыллары – метафизика ҳәм догматизм деп атйтылады. Айырым шығармаларда бул еки усыл тийкарынан бир нәрсе деп көрсетилген.[6] Ҳақыйқатанда олар ортасында уқсаслық бар, айырым жағдайда бир түрде пайда болады, бири екиншисине айланып кетеди. Сондай болса да олар бирдейлик емес деп қараймыз.

**М е т а ф и з и к а** /грекше: мета та физика – физикадан кейин келетуғын/[1] диалектикаға қарсы болған ойлаў усылы. Метафизика тийкарда пикирлеўши адамлар әдетте нәрсе ҳәм қубылысларға белгили дәрежеде тән болған турақлылыққа тийкарланады. Теориялық билиў тараўында метафизикалық пикирлеў анализлеў предметтеги турақлылықты, бирдейликти, белги сыпатының дәрежесин көбейтип барады. Кең мәнисте метафизика ўақыялықтағы билиў поцессинде пайда болатуғын бир жақламалықты, предметлердиң турақлы ҳәм бир-биринен ғәрезсиз деп түсиниў, өзгерис ҳәм раўажланыўдың дереги ишки ҳәм байланыслар, қарсылықлы екенлигине, қарама-қарсы тәреплериниң бир-бирине өтиў мүмкинлигин есапқа алмайтуғын ойлаў усылын аңлатады.

Метафизикалық пикирлеў қарап шығып атырған предметке қарағанда бир тәреплеме, тар теорияны қәлиплестириўге алып келеди. Бирақ ҳәр қандай мәселеге метафизикалық жантасыў догматизмге алып келе бермейди. Егерде қандайда бир социал, руўхый ҳәм идеологиялық машқаланың негизинде пикирлеў санаға сиңип, исеним формасын алса, бул исеним адамның ескирген социал жағдайы ҳәм дүньяға көз-қарасын

[5] Қараныңыз: Клизовский А.Й. Основы миропонимания новой эпохи. Таллин, 1991. С. 15.
[6] Қараңыз: Введение в философию. Часть 2. М., 1989. С. 105

сақлауға қаратылған искерлигин белгилеп берсе, онда метафизикалық пикирлеў ҳақыйқат догматизмге айналады.

**Д о г м а т и з м** /грекше догма – бийкар етип болмайтуғын гүман етип болмайтуғын, гүманға орын қалдырмайтуғын өзгермес мазмунға ийе тәлиймат/ ақида – ақидапарастлық болып ол илим ҳәм практиканың жаңа мағлыўматларын, орын ҳәм конкрет жағдайларын есапқа алмастан, мазмуны қатып қалған, ескирген түсиниклер ҳәм қағыйдаларға сүйенип қубылысларға баҳа бериў келтириўлерге усы тийкарда ол ямаса бул искерликти әмелге асырыў усылы деп қаралады.

Догматизмди пайда келтиретуғын себеп ҳәм жағдайлар объектив ҳәм субъектив характерге ийе. Оның объектив, социал тийкарында бар аҳўалдың турғынлығын сақлауға қаратылған жеке ҳәм группалық мәплер, усы мәплерди азықландырып турыўшы экономикалық жағдай турмыслық ҳалатқа жатады. Және бир объектив себеп соннан ибарат, илим – техника ҳәм социал раўажланыў шараятында ўақыялықтағы өзгерислер адамлар тәрепинен сол өзгерислерди аңлап жетиўге қарағанда тезирек пайда болады. Адам ўақыяға қарағанда пикирлеў инерциясы, өзгермес қәлипке салынған түсиниклер ҳәм исенимлер менен ис көриў формасында руўхый көнлигиў өзине тән руўхый иммунитет пайда етиў, оның ойлаўы догматикалық характерге ийе бола баслайды.

Догматикалық тийкарда пикирлеўдиң роли ҳәм тәсири әсиресе бир социал системадан екиншисине өтиў, кескин өзгерислер дәўиринде анық пайда болады. Бул айырым социал топарларда бар болған экономикалық, руўхый ҳәм идеологиялық орынлардың қолдан кетиўинен, санаға сиңип кеткен, бирақ өзгерген шараятты, жағдайды дурыс сәўлелендириў болмай қалған көз алдыға келтириўлерди жаңа мазмундағы түсиниклер менен алмастырыўға әззилик етиўден келип шығады. Ҳәзирги жағдайда болса адамлардың ойлаўын қатып қалған түсиниклерди өзгертириў әсиресе шәрт деп қараймыз.

Солай етип, диалетика бир тәреплеме, тар қарастан ақидапарастлық группалық мәпгөйликтиң көриниси болған софистиканың, эклектиканы, метафизиканы ҳәм догматизмди кртитика етер екен, бир ўақытта оны өзиндеги көп қурамалы изертлеў ҳәм улыўмаластырыў тәреплерин беккемлеп барады. Машқалаға ашықтан-ашық болған теориялық усыл система формасында раўажланады, руўхыят ҳәм

руўхыйлықтың квинтэссенциясы мәниси, тийкарғы мазмуны сыпатында раўажландырады. Бул айтылған пикирлерди диалектиканың улыўма байланыслық ҳаққындағы түсиник ҳәм принциплерин анализлеў мысалында көрип шығыўға болады.

# 2 БАП. ДИАЛЕКТИКА УЛЫЎМА БАЙЛАНЫСЛЫҚ КОНЦЕПЦИЯСЫ СЫПАТЫНДА

## 1.1. Қатнас, байланыслық, байлансыў өз-ара тәсир түсиниклери

Диалектика тәлийматының негизги ўазыйпаларынан бири адамды әлем менен байланыстырып туратуғын, предметлердиң ҳәрекетлери ҳәм өзгерислеринде пайда болатуғын байланыслар ҳәм нызамлар ҳаққында улыўма көз алдыға келтириўлерди, түсиниклерди қәлиплестириўден ибарат.

Болмысты диалектикалық тийкарда үйрениў бойынша теориялық нәтийжелерден бири материя руўхый предметлер әлеминде жеке, улыўмалық, ҳәм улыўма байланыслар менен менен бирге ең улыўма, универсал ҳәр тәреплеме, барлық нәрсе ҳәм қубылысларға тән болған байланыслықлар бар екенлиги жуўмак болды. Улыўма байланыслық, универсал байланыслық қатнас, байланыс, тәсир ҳәм кери тәсир арқалы өзин сәўлелендиреди. Соның менен бирге қатнас ҳәр қандай байланыс, байланыслық, тәсир өз-ара тәсирге тән болған айырықша тәрепи қаралады.

**Барл**ық нәрсе ҳәм қубылыслар бир-бири менен барлық ўақытта байланыста ҳәм қатнаста болады. **<u>Қатнас</u> - өз-ара байланыслықтың** зәрүрли лахза нәрселериниң бир-биринен шәртленгенлигинен, өз-ара қарамлықтан, байланысыўдан келип шығады. Предметтиң хоссасы, белгилери оның басқа предметке ямаса әтирап орталыққа қатнасы бар болады. Барлықта қатнас түрли форма, дәреже ҳәм әмелге асыў усылларына ийе. Айтайық, қатнаслар ишинде социал қатнаслар айрықша қәсийетке ийе. Ҳәр бир инсан өзи дөреткен предметлер, шөлкемлер, идеялар ҳәм индивидлер менен социал, мәдений, руўхый идеологиялық басқа ҳәр қыйлы қатнасларды орнатады, усы қатнас дөгерегинде искерлик жүргизеди.

Қатнастың конкрет көрниси, пайда болыў формасы, байланыс ҳәм оның қәсийети менен белгиленеди. ***Байланыс-*** предметлердиң бир-бири менен үзликсиз байланысыўын, өз-ара тәсир етиўин билдиретуғын болмыстың түпкиликли хоссасы. Билиў ҳәм әмелиятта көрсетип өтилгениндей, ол яки булл қубылысты түсиниў ушын оның басқа қубылыслар менен байланысыўын изертлеў керек. Байланыстың барлықтың түпкиликли хоссасы екенлигин алып қарасақ, байланыс категориясы сәўлеленеди.

Демек, байланыслық, байланыслы болыў бул түсиник сондай фактти сәўлелендиреди, бир қубылыс екинши қубылысқа белгили дәрежде байланыслы болған, бойсынған ҳалда бар болады. Бундай байланыслы болыў, бойсыныў я бир жақлама ямса еки жақлама болады (ямаса раўажланады). Бир жақлама болғанда белгилеўши қубылыстан алдын болады.[7] Мысалы, ата – ана менен балалар ортасындағы байланыс; егер еки жақлама болғанда байланыс туўрыдан – туўры, қайтармалы тийкарда болады, яғный байланыслы болған ҳәр еки қубылыс өз-ара бир-бирин белгилейди, сондай-ақ олардан бири жетекши роль ойнаўы мүмкин. Бундай өз-ара байланысқа жәмийет турмысындағы ислеп шығарыў ҳәм пайдаланыў, ҳайўанлар ҳәм өсимликлер эволюциясы нәсиллик, ҳәм өзгериўшеңлик мысал болады деп қараўға болады.

Философ алымлар тәрепинен көрсетилип өтилген, илимий диалектиканың нызамларының ашылыўы нәрселердиң ең улыўмалық байланысларын ашыўды аңлатты. Оның логикалық схемасын төмендегише түрде көрсетиўге болады: Диалектика байланыс ҳаққында тәлиймат сыпатында - өз ара тәсир етиў, байланыс, ҳәрекет, қатнас – байланыстың улыўмалығы ҳәм байланысты бериўдиң шекленген тезлиги – байланыслар түрлери – нызам байланыс түри сыпатында. Бунда көрип турғанымыздай, байланыс түсиниги диалектикалық жақтан өз-ара тәсир етисиў, ҳәрекет, қатнас түсиниклери арқалы ашылыўы керек.[8]

Ҳәзирги заман илиминде байланыслардың түрли типлери бар екенлиги көрсетиледи. Ҳәзирги дәўирде бар болған класссификациялардан бири материаллық, энергетикалық ҳәм информациялық илим ҳәм техникалық байланысларға ажыратыўға тийкарланады. Илим көп жағдайларда себеп ҳәм нәтийже байланыслары тийкарында ис көреди. Раўажланыў процесслерин анализ еткенде раўажланыў байланысларын ямаса генетикалық байланысларды анықлаў әҳмийетке ийе; бул байланыслар әдетте раўажланған объекттиң бир неше избе-из келиўши ҳалатларын салыстырып көриў жолы менен анықланады. Айырым пәнлер

---

[7]Интернет материаллары

[8] Бердимуратова А.К. Философия. Н., «Қарақалпақстан», 2010.- 155.б.

функционал ҳәм  структура байланысларын аранаўлы тийкарда қарап шығады.

Демек, байланыслық – барлық система ҳәм дизимлерде, нәрсе ҳәм қубылысларды бир – бири менен байланыстырыўшы, ишки ҳәм сыртқы қәсийетлерин пайда ететуғын, оларға турақлылық улыўма, универсал ҳәм атрибутлық мәнисли ажыралмас қәсийет. Байланыслықтың барлығы тийкарында нәрсе ҳәм қубылыслардың бир – бирине байланыслығы жатады. Билиў процессинде бир қубылысты түсиниў ушын оны басқа қубылыслар менен байланыслығын көрип шығады.[9] Мысалы, анализлеп қарағанымызда, механикада төменге түсип атырған зат организм, шығыстан батысқа қарап, аўысыў қубылысы, Жердиң өз көшери әтирапында айланыўы менен  усы зат ортасында байланысыўы менен түсиндиреди.

Байланыслық еки тәреплеме байланысыў формасында сәўлеленген болса, онда өз-ара байланыслық пайда болады. Жердиң структурасы ҳәм климаты ортасындағы болған байланысты мысал етип қараўға болады. Әлемде тек қалыс жеке, басқа қубылыс пенен байланыспаған предмет жоқ. Солай екен әлемдеги нәрсе ҳәм қубылыслар ортасындағы байланыслық улыўма өз-ара байланыслықты келтирип шығарады. Улыўма өз-ара байланысыў шексиз көп түрли байланыслар арқалы сәўлеленеди. Булардан тийкарғы ҳәм тийкары болмаған, тиккелей ҳәм тиккелей емес, ишки ҳәм сыртқы, функционал ҳәм генетикалық байланысларды көрсетиў мүмкин.

Тийкарғы байланыслықтың ҳәм байланысыў предметтиң барлығын белгилейтуғын нызамлы ҳәм зәрүрли тәрепин белгилейди. Мысалы, кислородты бир атом менен водородты жекке ортасындағы байланыс суў молекуласын пайда ететуғын байланыслық. Атом дәрежесине келсек, ондағы ядро ҳәм электронлар ортасындағы байланысыў ишки байланыслық пайда етеди. Усы тийкарда, атомды басқа атом менен баланыслығы сыртқы байланыслықты пайда етеди.

Өз-ара байланыстың қарама-қарсы тәрепи қалыслық. қалыслық ажыратылғанлықты жекеликтиң көрниси болып, ол предметлердиң салыстырмалы бийғарезлигигин сәўлелендиреди, олардың бар болыўы нормалық шегарасын  билдиреди.

---

[9] Интернет материаллары

Нәрсе ҳәм қубылыслардың турақлылылығы ҳәм раўажланыўын белгилейтуғын байланыслар функционал ҳәм генетикалық туўылыў, қәлиплесиў байланысыў. Функционал байланыслар өзин-өзи шөлкемлестиретуғын, өзин - өзи тиклейтуғын бир пүтин предметлерге системаларға, объектлерге тән. Буларға организм, тиришилик, биосфера системалары киреди. Айтайық, организмдеги нейтронлар бир-бири менен байланысқан ҳалда ғана өзлигин биологиялық функцияларды әмелге асырады. Тири тәбиятта бар болған нәсиллик, мутация ҳәм тәбийий таңлаў ортасындағы байлансыў барлықтың эвалюциясын келтирип генетик байланыслық деп қараўға болады.[10]

Предметлердиң системасы бир пүтинликти сақлаўға қаратылған бөлимлер ҳәм функциялар ортасындағы байланысыў структуралық байланыслықты пайда етеди. Мысалы, химиялық бирикпедердеги малекулалар, дenениң ағзалары ортасында бар болған байланыс структуралық байланысқа киреди. Предметке алдын бар болмаған қәсийет ямаса ҳалатты келтирип шығаратуғын байланыс детерменистлик себеп байланысты пайда етеди. Себепли байланыс ҳәм байланыслық изертлеў процессисинде илимпазлар тексерилген объекттиң ҳәрекетин ҳалатын белгилейтуғын нызамларды ашады.

Қатнас предметлер, қубылыслар, олардың қәсийетлери бирлигиниң формаларынан бири. Бул форма тийкарында еки ямаса оннан артық предметлердиң, арасында қатнас орнатылатуғын предметлердиң реал яки пикирли улыўмалығы бар. Еки ямаса бир неше предмет өз типине көре түрлише қатнас пенен байланысыўы мүмкин.[11] Мысалы, себеп ҳәм нәтийже қатнаслары, генетикалық келип шығыў қатнаслары дәллил менен функция ортасындағы қатнаслар, т.б. қараўға болады. Билиў предметлер, олардың қәсийетлери ортасында қатнаслар орнатқанда предметлердиң материялық бирлигине сүйенеди. Катнас реал тәризде бир-биринен пүткинлей ажыралған ҳалда салыстырып көриў нәтийжесине де қараўға болады. Усы сөзге мысал менен қарайық, «А, В дан үлкенирек», «Нөкис, Ташкенттен киши», «Ерназар, Айдостан үлкенирек» т.б. усы сыяқлы мысаларды келтириўге болады. Бунда әлбетте қатнас субъект, оны билиў өз қәлеўинше дүзе береди, деген мәнис келип шықпайды. Билиў яки оннан артық предметлердиң

[10] Интернет материаллары
[11] Новейший энциклопедический философский словарь М., 2001

қатнасын анықлағанда предметлердиң өзиниң объектив қәсийетине ҳәм предметлерден ҳәр биринде бул қәсийетти объектив өлшеўге сүйенеди. Қатнаслар ҳаққында айтылған пикирлерди, классификациялаcтырыў формал логиканың бөлимлериниң бири шуғылланады.

Өз-ара тәсир ҳәрекет өзгеристи улыўма әмелге асырыў усылы болып, ол нәрсе ҳәм қубылыслардың бир-бирине масса, энергия ҳәм структуралық алмасыў жолы менен тәсир көрсетиўди билдиреди. Әлемдеги қайсы бир предметти алсақ ол өзиниң элементлери ортасындаы өз-ара тәсир себепли бар болады ҳәм өзлигин сақлайды. Өз-ара тәсир ҳәм байланыста уқсаслық бар. Булардың ҳәр екеўи байланыслардың түри, сәўлелениў усылы. Соның менен бирге олар ортасында парық бар. Ҳәр қандай өз-ара тәсир байланысыўды жүзеге елтиретуғын процесс.Бирақ бунның кериси ҳәр қандай байланысыў, байланыслық өз тәсирин билдиреди деп айтып болмайды. Ҳақыйқатында да, өз-ара тәсирсиз пайда болатуғын тиккелей байланыслық бар. Мысалы, философия ҳәм социал ислеп шығарыў дәрежеси (раўажланыў) ортасында байланыс бар, лекин олар ортасында тиккелей өз-ара тәсир бар дегени емес. XIX әсирдиң басында Германия емес, бәлким социал ислеп шығарыў жақтан бир қанша раўажланған Англия раўажланыў философиясына ийе болыўы керек еди. [12]

Демек өз-ара тәсир, нәрселердиң бир-бирине тәсир көрсетиў процесси, ҳәрекеттиң, раўажланыўдың универсал формасы. Өз-ара тәсир ҳәр қандай материя системаның барлығын ҳәм струтуралық дүзилисти, онын басқа затлар менен бир қатарда қаттырақ тәртиптеги системаға бирлесиўин, процесслер ҳәм қубылыслардың қәсийетлерин белгилейди Өз-ара тәсир болмағанда материя бар болмаған болар еди. Мине усы мәнисте өз-ара тәсир пүткил барлықтың тамамланыўшы себеби ҳәм оннан кейин ҳеш нәрсе жоқ ҳәм болыўы мүмкин емес.[13]

Болмыста бар болған байланыслық, себепли байланыс ҳәм өз-ара тәсирди үйрениў себеплик ҳаққындағы философиялық идеяны, яғный детерменизмниң қәлиплесиўине алып келди. Детерминизмниң тийкарғы принциплери барлық нәрсе ҳәм қубылыслар бир-бири менен себепли байланысқан деген қағыйда пайда болады. Бул қағыйдаға көре әлем бийтәртип шашылған нәрселердиң комплекси емес, бәлки

---

[12] Философия. М., 2000. 215.б

[13] Фалсафа қомусий луғат.Т., «Шарқ».2004.-474Б.

тәртиплескен, системаласқан ҳәм өз-ара байланысқан объектлерден пайда болған дүнья. Детерминизмге қарама-қарсы бағдар индетерминизм пайда болады. Бул тәлийматта себепли байланыстың объектив характери, илимий билиў тараўында себепли түсиндириўдиң қәдир –қымбаты, тәбият ҳәм жәмийетте себепли байланыстың пайда болыў нызамлары бийкар етиледи. Билиў ҳәм инсан әмелияты тарийхы соны көрсетеди, себепли байланысларды үйрениў нәрсе ҳәм қубылысларды илимий көз-қарастан түсиндириўге, тәбият ҳәм жәмийетте әмел ететуғын объектив нызамларды анализлеўде илимий болжаўда жәрдем береди.

Себепли байланысларды, улыўма байланыслықты, жәнe тереңирек түсиниў ушын диалектика категорияларын итибар бериўимиз керек.

### 1.2. Диалектика категориялары

Диалектика ойлаўдың керекли функцияларынан бири адамды әлем менен байланыстырып туратуғын, ҳәрекет өзгерислерде пайда болатуғын байланыслар ҳәм нызамлықлар ҳаққында улыўма көз алдыға келтиретуғын түсиниклерди пайда етиў. Байланысларды, оны сәўлелендириўши түсиниклер категориялар системасын жаратыў әййемги дәўирде философияның дыққат орайында турған. Деген менен философия тарийхында категориялар ҳаққында философия тарийхында категориялар ҳаққында көз-қараслар бир қыйлы емес. Мысалы И.Канттың пикиринше, категория бул априорлық түсиниклер, яғный олар сыртқы дүньяның сүўретлемеси емес, адамзат практикасының пайда болған емес. Категориялар практикаға шекем тысқары дүньядан ғәресиз адамды туўылғаннан бери жасайды. Категориялар адамның билиминиң дәслепки шәрти. Тәбиятта, мысалы, кеңислик ҳәм ўақыт жоқ. Адам тек өзиниң ойлаўындағы кеңислик, ўакыт ҳаққындағы категориялар арқалы кеңислик ҳәм ўақытты қосымшалап тәбиятты тәртипке салады. Категориялар ҳеш ўакытта өзгертилмейди. Олардың арасында байланыс жоқ.

Категориялар (грекше, kategoriya – белги, анықлаў) философиялық ойдың терең айрықша формасы, әлемдеги өзгерис, раўажланыў, байланыслық ҳәм үзликсиз байланыслыққа тән улыўма тәреплериниң сәўлелениўи: нәрсе ҳәм қубылыслардың өзине тәнлиги, уқсаслығы ҳәм айырмашылығын, турақлылығы ҳәм өзгеристи аңлатыўшы, билиўдиң

тийкарғы пайда етиўши ең улыўма түсиниклер.[14] Демек, категориялар арқалы инсан өз тәжирийбесин улыўмаластырған, дүньяға көз-қарсаты қәлиплестирген.

Демек, философия ойлаў қубылыслардың, процесслердиң қандай да бир жеке түрлерине емес, пүткил болмысқа тән ғалаба белгилерди, қатнасларды ашады. Бул теклес билимлер адамзат ойлаўының универсаллық формаларында-категорияларында көрнис табады. Болмыстың универсаллық байлансылары олардың қурамалы, ийилиўшилик, қарама-қарсылықлы динамикасында уғынылыўы, түсинилиўм, улыўмаластырлыўын өз ишине алатуғын философиялық түсиниклер диалектиканың категориялары топарын қурайды. Әлбетте бул категориялар барлық адамзат практикасының тарийхый нәтийжеси ҳәм жуўмағы, адамзат билиўиниң тарийхый раўажланыўының ең улыўма абстракциясы. Сондай-ақ, категория булл – диалектиканың ең дәслепки, басланғыш, элементар логикалық формалары категориялардың раўажланыўының ҳәм өз-ара байланысының нәтийжесинде жүзеге келеди.

Айтайық, сан өзгерислериниң тийкарғы сапа өзгерислерине өтиў нызамы. Оның мазмунын белгили бир аспекте сапа, сан, өлшем, қәсийет ҳ.т.б. категориялар ҳәм олардың өз-ара байланыслары қурайды деў жүдә дурыс болады. Қарама-қарсылықлардың бирлиги ҳәм гүрес нызамының мазмунын болса, бирдейлик, айырмашылық, қарама-қарсылық ҳ.т.б. категориялардың өз-ара байланысын ашатуғыны анық. Тарийхыйлық ҳәм логикалық методлардың мазмуны тарийхыйлық, логикалық категорияларында анықланады. Усы тақылетте түсиник ҳаққында логикалық форма категориялардың бир пүтин бирлигиниң нәтийжесинде келип шықса, пикир жүргизиў ҳаққында логикалық форма түсиниклердиң өз-ара байланысы нәтийжесинде пайда болады.

Булл бир.Екиншиден, конкрет илимлер категориялар менен филсофиялық категориялардың өзгешелиги мәселесинде анықлық киргизиў керек болады. Конкрет илимлердиң категорияларын сысалға алайық физикада – нур түсиниги, биологияда - өсимлик, экономика теориясында – тутыныў, көркем-өнерде – портрет т.б. философиялық категориялар болатуғын болса, олар – материя, кеңислик ҳәм ўақыт, форма ҳәм мазмун, зәрүрлик ҳәм тосынлық ҳ.т.б.

---

[14] Фалсафа қомусий луғат. Т., 2004.193.б.

Гәп сонда, конкрет илимлердиң категориялары ҳәм түсиниклери сырткы дүньяның белгили бир сферасының тәреплерин ҳәм белгилерин я затлардың беклгили бир класының топарларының қәсийетлерин сәўлелендирисе, диалектикалық категориялар дүньяның барлық сфералары, дүньяның барлық затлары ийе болған белгилерди, қатнасықларды, тәреплерди сүўретлейди. Диалектиканың категориялары, конкрет илимлердиң категориялары менен салыстырғанда ең улыўма түсиниклер ямаса улыўмалығы шегине жеткен түсиниклер. Айтайық, ботаника илиминде ақ терек түсинигин улыўмаластырыў қыйын емес. Ақ терек, терек өсимлик. Ал болмыс я материя түсиниклерин алсақ, олардан улыўмалығы жоқары түсиниклер жоқ. Диалектикалық категориялар дүньяның затларының ҳәм қубылысларының конкрет тәреплери ямаса қәсийетлерин сүўретлемейди. Мысалы, материя ҳаққында философиялық ҳәм тәбийий-илимий түсиник бар. Материя ҳаққында тәбийий илимий түсиниктиң мазмуны затлардың механикалық, физикалық, химиялық ҳ.т.б. Мысалы, материяның конкрет қурылысы ҳаққында атом, ядро, электрон, позитрон ҳ.т.б. Материяның филолософиялық түсинигиниң мазмунына материяның конкрет қурылысы ҳаққында, материяның механикалық, физикалық, химиялық қәсийетлерине сыпатлама бериў мәселелери кирмейди, ал оның объектив реаллық болыўы, санамыздан тысқары жасаўы есапқа алынады.

Диалектикалық категориялар менен конкрет илимлердиң категорияларының арасындағы қатнасықта және бир айырмашылық бар. Философиялық категориялардың абстрактағы, улыўмалығы оғада жоқары дәрежеде болғанлықтан, олар конкрет илимлердиң тиккелей методы бола алмайды. Алымлардың пикиринше диалектиканың категориялары менн конкрет илимлердиң арасында, олардың орталығына оларды байланыстыратуғын және бир илимий метолар болыўы керек. Мысалы, тәбийий илимлер ушын математикалық логика, системалық методы ҳәм ҳ.т.б. Тарийхый-жәмийетлик илимлер ушын социаллық философияның методы ҳәм категориялар деп атаўға болады. Бир жағынан олардың тийкарында философиялық принциплер ҳәм методлар ҳәм категориялар деп атаўға болады. Бир жағынан олардың тийкарында философиялық принциплер ҳәм методлар орын тутады. Екинши жағынан улыўма илимий методлар менен категориялар

конкрет илимлердиң белгили бир тараўында филсофиялық ҳәм мектодологиялық ўазыйпа атқарады.

Айырым авторлар улыўма илимий метоларды диалектикалық метод пенен теңлестиргиси келеди, улыўма илимий түсиниклерди диалектикалық категориялардың статусына көтергиси келеди. Ҳақыйқатында булар еки түрли категориялар. Улыўма илимий түсиниклер көбинесе жекке арнаўлы илимлердиң теориялық фундаментал түсиниклери болып табылады. Диалектикалық категориялардың басқа илимлердиң категорияларынан, соның ишинде улыўма илимий категориялардан айырмашылығы мынадан ибарат.

Бириншиден, объективлик аспекте диалектикалық категориялар сүўретлейтуғын ғалабалық байланысларға ҳәм қатнасықларға материаллық ҳәрекеттиң барлық формаларына ийе. Басқа илимлердиң түсиниклери бул қәсийетке ийе емес.

Екиншиден, логикалық аспекте диалектиканың логикалық формалары, соның ишинде категориялар универсаллық формаға ҳәм мазмунға ийе, яғный бул категориялардың мазмунының ишине адамзат билиминиң барлық тараўларының мазмунын киргизиўге болады. Ал конкрет илимлердиң түсиниклерин ямаса улыўма илимий түсиниклерди алсақ, оларды тек көбинесе тәбийий илимлердиң ямаса жәмийет илимлериниң айырым тараўларында қолланыўға болады. Улыўма илимий түсиниклерди универсаллық категориялар ретинде қолланыўға умтылғанда бул категориялардың мазмуны тийкарғы түрде өзгериске ушырайды. Гносеологиялық аспекте диалектиканың логикалық формалары, соның ишинде категориялар билиўдиң универсаллық формасы болып табылады. Оларды теориялық билиў құраллары ретинде адамзат билимлериниң барлық тараўларында қолланыўға болады. Ал конкрет илимлердиң түсиниклерин билиўдиң универсаллық формасы ретинде көпшилик жағдайда қолланыўға болмай қалды. Диалектикалық категориялар, олардың мазмуны адамзат ойлаўының жумысының әўладтан-әўлатданқа өтип жыйнаған тәжирийбесиниң жуўмағы, нәтийжеси. Жаңа категориялар практикалық қатнасықлардың раўажланыўы тек белгили дәрежеге жеткеннен кейин пайда болады. Затлардың ямаса қубылыслардың белгили бир қатарынан тийкарғы белгилерин ажыратып билиў ҳәм оны жуўмақлаў логикалық ойлаў менен емес, ал практика менен белгиленеди. Соның ушын ҳәм

категорияларды шегине жеткен түсиниклер ретинде белгилеў дурыслыққа келеди.

Категориялар бул адамның тәбиятты билиўиниң басқышларын қарап шығамыз. Философия тарийхында категориялар ҳаққында көз-қараслар бир қыйлы емес. Мысалы Канттың пикиринше, категория булл априорлық түсиниклер, яғный олар сыртқы дүньяның сүўретлемеси емес, адамзат парактикасынан пайда болған емес. Категориялар практикаға шекем тысқары дүньядан ғәрезсиз адамда туўылғаннан бери жасайды. Категориялар адамның билимниң дәслепки шәрти. Тәбиятта, мысалы, кеңислик ҳәм ўақыт жоқ. Адам тек өзиниң ойлаўындағы кеңислик ҳәм ўақыт ҳаққындағы категориялар арқалы кеңислик ҳәм ўақытты қосымшалап тәбиятты тәртипке салады. Категориялар ҳеш ўақытта өзгермейди. Олардың арасында ҳеш қандай байланыс жоқ.

И. Канттың каегория ҳаққындағы метафизикалық көз-қарасын Гегель критикалайды, оның пикири бойынша, категориялар раўажланады. Олар өз-ара байланыста. Гегельдиң философия тарийхына қосқан үлеси оның ойлаўдың логикалық формаларын, оның пикиринше ишки қарама-қарсылықларын көрсетиўинде. Соның менен бирге Гегель идеалист. Гегельдиң пикири бойынша, категориялар объектив идеялардың жасаў формаларының, кәраматлы сананың раўажланыўының басқышларының сүўретлемеси.

Тәбият абсолют сананың раўажланыўының нәтийжеси. Булл пикир сынға алынады. Ҳақыйқатында да категориялар ҳақыйқый, яғный объективлик қатнаслардың сүўретлемеси болып табылады ҳәм булл категорияларды шын түсиниклер деўге болады.

Белгили болғанындай ҳәр бир пән екинши бир пәннен өзиниң изертлеў объектиниң қәсийетине, онда ислеп атырған системаның өзине уқсаслығына қарап ажыралады. Түсиниклер системасы болса ҳәр бир пәнниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы басқышларын көрсетеди. Мысалы, масса, аўырлық, тезлик, тезлениў, атом, ядро, электр, магнитизм, жарықлық, лазер, энергия ҳәм т.б. физикаға тийисли болып оның мазмунын белгилейди. Натурал сан, абстракция сан, комплекс сан, өзгермес муғдар, норма, секириў, қарсылық, өзгериўши муғдар, интеграл, дифференциал, теорема, вектор, есап, тензор есап т.б. математиканың раўажланыў басқышларын белгилейди. Философияның өз түсиниклери бола, өзиниң улыўма характери мазмуны менен

ажыралып турады. Мысаллар келтиремиз, әлем, ҳәрекет, мәкан, ўақыт, муғдар, норма, секириў, қарсылық, қарама-қарсылық, еркинлик, сиясат, бийкарлаў, болмыс, мийраслық, себеп, ақыбет, зәрүрли, бирдейлик, бийкарлаў, болмыс, мийраслық, пүтин, бөлим, мәнис, қубылыс, мазмун, нызам, улыўмалық, диалектизм, метафизика т.б. Философияда үйренилетуғын, категориялардың басқа анық пәнлер категорияларының парқы сонда, олар ўақыялықтағы нәрсе ҳәм қубылыслардың айырым, айрықша қатнасларын сәўлелендирместен, бәлки пүткил әлем, инсан өмирин, ойы әлемине тән болған улыўма белгилер, байланыслар, қәсийетлер ҳәм қатнасларды сәўлелендиреди. Усы себепли ҳәр бир конкрет пән өзи үйренип атырған тараўдың қәсийетин ҳәм белгилерин ашыўда, философиялық категорияларға итибар береди. Усы мәнисте категориялардың келип шығыў ҳәм мәнисин туўры түсиниў философия ушын ҳәм барлық пәнлер ушын илимий ҳәм әмелий әҳмийетке ийе.

Сәўлеленип атырған байланыслық ҳәм байланыслар, болмыстың универсал тийкарларын есапқа алып философиялық категорияларды үш топарға бөлиў мүмкин:Болмыс туўралы категориялар буған киреди, болмыс, әлем, субстанция, материя, ҳәрекет,кеңислик ҳәм ўакыт, шексизлик т.б.

1. Билиў теориясына байланыслы категориялар билиў ҳәм сәўлелениў, ҳақыйқат, образ, адекватлик,ойлаў, т.б.
2. Диалектиканың категориялары жекелик ҳәм улыўмалық, қубылыс, мәнис т.б.

Социаллық турмыстың, илим ҳәм философияның раўажланыўы менен бирге категорияларда раўажланып барады. Олар тийкарынан еки жол тийкарында раўажланады: 1. өтмиште қәлиплескен ҳәм ҳәзирги пайтта қәлиплескен категориялар мазмунының байып барыўы; 2. жаңа категориялардың пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи. Философияда кең қолланып атырған жаңа категориялар қатарына система дизим, элемент – структура, гармония, раўажланыў ҳәм кризис категорияларын киритиў мүмкин.

Категориялардың пайда болыўы олардың мазмуны ҳәм санының байып барыўы материя ҳәм рууҳый ислеп шығарыў дәрежеси, инсанның әлемге болған қатнасының көп қырралығы менен белгиленеди.[15]

---

[15] www.philosophy.ru.

Философиялық категориялар системасында өзине тән орынды ийелеген диалектика категориялары болмыста бар болған барлық объект ҳәм предметлерде,нәрсе ҳәм қубылыслар пайда болатуғын байланыслықты, өз-ара байланысларды, ең улыўма атрибутивликти ҳәм нызамларды өзинде жәмлейтуғын универсал яғный ҳәр тәреплеме қамтып алатуғын түсиниклерден ибарат.

Диалектика категориялардың қәсийетлеринен бири- өз-ара үзиликсиз байланысқан, бир екиншисине айланып кететуғын қәсийетлерден бири, бир екиншисин келтирип шығаратуғын тәреплерин, сәўлелендиргени ушын жуп, ямаса үшлеме ҳалатда ислетиў бирдейлик, бөлим, пүтин, система структура, элемент т.б. қараўға болады.

Биз енди категорияларды анализлеймиз, төмендеги тәртипке әмел етемиз. Алдын болмыстағы нәрсе ҳәм қубылыслардың ең улыўма бар болыў қәсийтлерин көрип шығамыз. Кейин усы категорияға мазмуны тәрепинен жақын турған. Объектлердиң тәртипленгенлигин, қыйынырақ универсал нызамлыкларды сәўлелендиретуғын категориялар анализ етиледи. Тийкарынан передметлердиң келип шығыўын, бир ҳалатқа өтиўин белгилейтуғын байланыслырды сәўлелендирген категориялар анықланады.

**Жеккелик ҳәм улыўмалық.** Болмыс тамамлабайтуғын материя ҳәм руўхый предметлерден, қубылыслардан ибарат. Пайда болған, бар ҳәм жоқ болып атырған предметлер тек оларды өзлерине тән болған белгилерге, сезгилерге, қәсийетлерге ийе болады. Конкрет қандайда да бир предметке тән болған тәреп, белги «**жеккелик**» түсиниги менен сәўлеленеди. Жеккелик – бул жалғыз сыпат ҳәм муғдарлы белгиге ийе болған, мәкан ҳәм ўақытта шегераланған, тек өзине тән белгилерге ийе бар болған, объектлерди сәўлелендиретуғын категория.

Ҳәр қандай нәрсениң бар болыўын пайда ететуғын шәртлерден бири оның өзине-тән, жалғыз қәсийети ямаса қәсийетке ийе болыўы. Бул қәсийет қайтарылмас белги, жасаў дәўири, мәлим кеңислик ҳәм ўақытта тутқан орны арқалы пайда болады. Айтамыз, бир қыйлы атқа ямаса түрге ийе болған элементлердиң бөлеклери бир биринен ажыралып турмайды. Бирақ ҳәр бир минутта майда бөлеклер тек белгили кеңисликте бар болыўын, басқа атомлар қурамына кириўи

мүмкинлигин, виртуал ҳалат, заряд айланыўы дәрежесине ийе болыўын нәзерде тутыўы керек.

Жеккелик нәрсе, предмет емес ямаса нәрсеге тән қәсийет. Шегераланған кеңислик ҳәм ўақытта бар болған ҳәр бир нәрсени, объектти байланыс категориясы меннен көрсетиў мүмкин. Ҳәр қандай байланыста бар болған нәрсе жеккелик жалғызлық, тәрепине, белгисине ийе. Бирақ жеккелик қәсийетине ийе болған айырықша барлық. Улыўмалық- бул нәрсе ҳәм қубылыслардағы бөлим, элементлер ҳәм тәреплердиң уқсаслығына, айналғанын, сәўлелендиретуғын категория.

Улыўмалық өзи түрли өлшем ҳәм дәрежеге ийе болыўы мүмкин. Тийкарынан, элементар бөлекшелер, атом, молекула, зат, планета, космос сыяқлы объектлерде мәлим муғдар тән сыпатына тийкарланған улыўмаластырыў ҳәр қыйлы дәрежеде өзин пайда етеди. Жеккелик ҳәм улыўмалық бир – бири менен диалектикалық тийкарда қарсылықлы ҳәм үзликсиз байланыста байланысқан. Олар бир – бирине өтиўи мүмкин. Яғный бириниң орнын ийелеўи емес, бәлким әсте ақырын улыўмалық дәрежесине көтерилиў мүмкин, улыўмалық болса предметлердеги уқсас, айырым тәреплериниң жоқ болып барыўы менен жекеликке айланып қалыўы мүмкин. Мысалы, тири жанзатларда бир ўақытлары бар болған улыўма дене ағзалары өзгерген шарияттa тийисли функцияларды орынламай жоқ болып кетиўи мүмкин. Бирақ соннан кейин де айырым жағдайларда орган қакндайда бир затта атавизм көрнисинде пайда болыўы мүмкин. Физикалық, химиялық ямаса радиация поцесслеринде тәсирленип өзинде ирисий мутация (өзгерис) пайда болады. Бул өзгерис нәсилден - ңәсилге өтиў процессинде байланыс бир заттың улыўма белгисинен популяцияның бир дүркимдеги затларының улыўма белгисине айланыўы мүмкин. Усы мәселеде және мысал келтиремиз, жәмийетте бир социаллық дүзим системасынан екиншисине өтиў пайда болғанда, жеккелик улыўмалықты, улыўмалық болса жекелик дәрежесине көтериледи. Тийкарынан СССРдың ыдырап кетиўи ҳәм оның орнында уқсас социаллық – экономикалық қәсийетлерге ийе болған мәмлекетлердиң пайда болыўы ҒМДАның пайда болыўы дәлил бола алады. Бир қыйлы топарға кирген предметлер топары жеккелик тийкарына ийе болады. Жеккелик қәсийетине ийе болған айырықша предметлер топарына ямаса системаға бирлеседи, онда топарға тән болған белги пайда болады. Жеккелик қәсийетине ийе болған

айырықша предметлер топар ямаса системаға бирлеседи, онда усы топарға тән болған белги пайда болады. Мине усы белги жеккеликти пайда етеди.

Жеккелик– салыстырмалы ғәресизликке ийе болған топарға, бирликке тән болған белги. Айтайық, атом өзинде жеккелик ҳәм улыўмалық қәсийетин сақлайды. Атомдағы жеккелик қәсийети болса оның қурамына кирген бөлимлер элементлер бөлекешелер өзинен жоқарырақ турған объект пенен салыстырғанда пайда болады. Жеккелик, айырымлылық ҳәм улыўмалықты байланыстырыўшы бууўын сыпатында белгили болады. [16]

Дүньяны билиў жеккеликтен ғалабалыққа қарай болады. Айтайық, бул процессти энергияның айналыў ҳәм сақланыў нызамының ашылыў тарийхы менен байланыстырсақ, жәмийетлик өндиристиң биринши басқышларында адамлар отты ысқылаў арқалы алады. Бул жеке ҳәрекетлер болған сәйкес пикирде –«ыссы - жыллының дәреги» деген пикирде көринис тапты. Илимниң, практиканың узақ раўажланыўының барысында адамлар қәлеген механикалық ҳәрекет ысқылаўдың жәрдеминде ыссылыққа айналыў мүмкиншилигине ийе (айрықша пикир) деген жууўмаққа келди. Бул пикирде ҳәрекеттиң жеке формасының (механикалық) ҳәрекеттиң жеке формасының байланысы ҳәм айырмашылығы тастыйықланады. Соңын ала илим практика ашқан фактлерды улыўмаластырыў, ҳәрекеттиң ҳәр түрли формаларының басқаларына айналыўы мынадай жууўмаққа алып келди: ҳәрекеттиң қәлеген формасы ҳәр қандай жағдай ушын белгили шараятларда туўра ямаса жанапай түрде ҳәрекеттиң басқа формасына айналыў мүмкиншилигине ийе ҳәм мәжбүр (ғалабалық пикир).

**4. Тийкар ҳәм қубылыс.** Жәмийетлик практика ҳәм илимлердиң раўажланыўы соны көрсетеди, объектив дүньяның предметлери ҳәм қубылыслары бизиң тиккелей қабыллаўымызға қолай сыртқы тәреплерди ҳәм тиккелей бақлаў қыйын, ишки жасырын тәреплерди ҳәм өз ишине алады.

Тийкар предметлер ҳәм қубылыслардың ишки, ең негизги өз-ара байланысларын аңлатады. Қубылыс - бул ҳақыйқатлықтың предметлериниң, процесслериниң сыртқы, аз турақлылыққа ийе тәрепи. Қубылыс - тийкардың көриниси. Қубылыслар тиккелей сезим

---

[16] Фалсафа дарислик. Т.,2006, 289.б, Фалсафа крмусий луғат, Т., 2004.471.бетлер.

органлары, сондай-ақ бизиң сезиў органларымызды толықтыратуғын ҳәм күшейтетуғын жанапай түрдеги ҳәр түрли қураллардың - телескоп, микроскоп, қурамалы физикалық приборлардың жәрдеминде қабылланыўы мүмкин.

Тийкар категориясы тәбияттың я жәмийеттиң жеке бир қубылысының емес, ал көп қубылыслардың улыўма тийкарын ашады. Буның үстине тийкар категориясы қубылыслардағы қәлеген улыўмаласқан емес, ал бул қубылыслардың тәбиятын ҳәм раўажланыўын белгилейтуғын улыўмалықты аңлатады. Буған мийнет (тийкар) ҳәм қубылыслар (товарлар ҳәм олардың алмасыўлары) мысал бола алады. Мысалы, анаў яки мынаў жәмийеттиң тийкарын оған тийисли болған барлық зәрүрли тәреплер ҳәм байланыслар, оларға кириўши барлық раўажланыў нызамлары береди.[17]

**5. Пүтин ҳәм бөлек** – философия категориялары болып, бул категориялар предметлер жыйнағы менен бул предметлерди бирлестирген, комплексе пытыраңқы жағдайдағы предметлерге тән болмаған жаңа қәсийетлер ҳәм нызамлықлардың пайда болыўына алып келетуғын байланыс ортасындағы қатнасты сәўлелендиреди. Бул байланыс пүтин сыпатында, предметлер болса оған қарап бөлимлер сыпатында жүзеге келеди. Әпиўайы бир мысал: химия элементлерден натрий менен хлор жеке-жеке алынғанда олардың биригиўи (ас тузы) ийе болған затларға ийе болмайды. Бунда предметлердиң (бөлимлердиң) байланысы дүзилиўши пүтин типин белгилейди: дүзилис байланыслары структура пүтин, ҳәрекетлениў байланыслары ҳәрекетлендириўши пүтин, раўажланыў байланыслары раўажланыўшы пүтинди белгилейди. Басқа көп философиялық машқалалар сыяқлы, пүтинлик машқаласы, антик заманларда ортаға қойылған еди. Бир неше әсирлер даўамында әлемниң дүзилиси ҳәм бирлиги предмет ҳәм қубылыслардағы тәртип избе-излик, анықлық ҳәм топарластрыўы адамларды қызықтырып келген. Алымлар ойшыллар предметлердиң ҳәр түрлилиги бирлиги ортасында байланыслық үстинде ойланып келген. Олар бир қатар сораўларды ортаға таслады: пүтинликтиң мәниси неден турады? Не бирлемши: пүтинликпе ямаса бөлим бе? Ҳәмме предметлер бөлингенде, оның сыпаты бөлинедиме? деген сораўлар қойылған.

---
[17] Бердимуратова А.К. Философия. Н., «Қарақалпақстан» 147.б.

Идеализмниң ўәкиллери  Платон, Лейбниц тағы басқалар, пүтин бөлеклердиң жыйындысынан ибарат емес, ол тийкарынан руўхый искерликтиң нәтийжесинде пайда болған деген пикирге келген. Өтмиш материализмниң ири ўәкиллери, Демокрит, Ф.Бекон, Гольбах өз дәўирлеринде тәбият пәнлерине сүйенип пүтинди механистлик мәнисте, яғный, нәрселердиң жыйындысынан келип шығатуғын қәсийет деп белгилеген.

Материалистик диалектикада пүтинлик принципи /қағыйдасы ислеп  шығылды. Бул принципке көре, пүтин бөлимлер жыйындысынан ибарат болмастан, олардың байланысыўы, өз-ара тәсиринен келип шыққан жаңа қәсийет тәрепти өзинде жәмлейди.

Енди жоқарыда келтирилген философиялық машқаланы ҳәзирги анализине өтемиз. Бунда предметлердиң ҳәм анықлығы тийкарында не жатыўын, тәртип пенен раўажланыў ортасындағы байланысларды анықлаў ушын бүгинги күнде жаңа мазмун менен байып барып атырған бөлим ҳәм пүтин категорияларына  итибар етемиз.

Бөлек ҳәм пүтин категориялары болмыстың барлық тараўларының тәртиплегенлигин, төменен жоқары тәрепке өтиўде, бир басқыштан жаңа басқышқа өтиўде жаңа қәсийетти сәўлелендиреди.

**Мазмун ҳәм форма** - әлемдеги түрли нәрсе, қубылыс ҳәм процесслердиң диалектикасын үйрениўде, олар ортасындағы байланыс ҳәм қатнасларда билиўде айрықша орын тутатуғын категориялар. Мазмун бул белгили нәрсе, ҳәдийсе процесслердиң өзине тән сыпат қәсийетлери жыйындысын аңлатады, философия, логика, тилтаныўшылықтың мәниси мазмуны дегенде, тийкарынан, предмет, предмет ҳаққындағы пикир, белгили бир предмет үстинде орынланатуғын ислердиң комплекси түсиниледи. Ал форма мазмунның бар усылы, нәрсе ҳәм ҳәдийселердиң ишки ҳәм сыртқы дүзилисин сәўлелендиреди. Форма деген не? Адамлардың өз турмысында қәдимги қолланатуғын форма ҳаққында түсиниклери тек геометриялық елеслеўлер менен байланыслы. Олар затлардың тек сыртқы көринисин, сыртқы пишимин билдиреди. Ал форма ҳаққында философиялық түсиник басқаша. Форма бул затлардың процесслердиң қубылыслардың жасаў ҳәм раўажланыў усылын көрсететуғын фигуралар, образлар, структуралар байланыс ҳәм қатнасық түрлери болып табылады.

Жаңа дәўир философлары Ф.Бэкон ҳәм басқа материалистлер материяның формадан үстин турыўшы атрибут деп түсинген. Сондай-ақ олар материя менен қәлиплесиўиниң өз-ара байланыслығын атап өткен. Форма ҳәм материяның өз-ара қатнасын анықлаў ушын Ф.Гегель «мазмун» түсинигин категория дәрежесине көтерип, оны терең аналилизлеп берди. Оның пикиринше, мазмун ҳәм форма нәрселердеги бир-бири менен өзгеше бирақ үзликсиз байланыста болған, бири екиншисине айланып турған, қарама-қарсы тәреплерин билдиреди.

Мазмун ҳәм форманы анализлеп қарағанымызда, әлемдеги предметлердиң мазмунлы тәреплерин, олардың турақлы ҳәм өзгериўшең характернин тереңрек анықлаў имканиятын береди.

М а з м у н – бул объекттиң храктерин белгилеп бериўши элементлер, қәсийетлер, ишки процесслери, олар ортасындағы байланыслар комплекси. Және ҳәм қысқаша етип айтқанда, мазмун объектин қурамына кириўши барлық бөлимлер ҳәм процесслердиң жыйындысы. Мысалы, оқытыў искерлиги мазмунына оқытыў қураллары, билим бериў процесслери алып қараўға болады.

Ф о р м а – мазмунның элементларин байланыстырыў усылы. Жоқарыда келтирилген мысалдан пайдалансақ, онда форма оқытыўшы, оқыў ҳәм оқытыў қураллары, оқытыўшы сыяқлы бөлимлердиң байлансыўы, билим бериў процессиниң белгили тәртибин билдиреди. Усыған байланыслы оқытыў ҳәм оқыў искерлигиниң формасы, лекция оқыў, семинар, гүрриңлесиў өткериў жазба жумыс т.б.

Форма предметтиң мазмунын шөлкемлестиреди, тәртиплестиреди. Демек, форма бул сыртқы қыяпа, көрнис емес екен. Соның менен бирге, мазмун тек форма арақалы пайда болады. Ф.Гегель айтқанындай, форма мазмунланған, мазмун формаланған болады.

**7. Элемент, структура ҳәм система.** Структура (латын сөзинен алынған- дүзилис) – системаның дүзилиси ҳәм ишки формасы, усы система элементлери ортасындағы турақлы өз-ара байланыслардың бирлигин сәўлелендириўши философиялық түсиник. Системаның мазмуны, яғный системаларды шөлкемлестириўши элементлердиң жыйнағы, булар бир-бири менен өз-ара байланыста болады. Системалардың материаллық қурамы жалғыз болғанда олардың структурасы элементлер байланысларының характерлерине, олардың кеңисликте жайласыўына қарап түрлише болыўы мүмкин. Структура

функция түсиниклери бир-бирине уқсас болып, олар системаның дүзилиси менен оған тән қатты ҳәрекет ислеў усылы ортасындағы байланыслықты сәўлелендиреди. Системалардың материаллық субстанциядан (негизинен) қандайда болыўына қарамай олардың айырым бир топары ушын характерли болған қатнаслардың жыйынтығынан, системаның бәрҳама (инвариант) тәрепинен ибарат болған структура функцияға қарағанда системаға тән қатты ҳәрекет (ислеў) усылында ашылатуғын ишки негиз сыпатында пайда болады. Функция бирдейине өз ис ҳәрекети бойынша структураға тийкарланған болады. Мысалы, биология объектлери функциясының өзгериўи олардың структурасының өзгериўине алып келеди. Структура функция билиў теориясында, илим методологиясында айрықша роль ойнайды. [18]

Система ҳаққында көз-алдыға келтириўлер дәслеп инсан билиминиң тәрепи ҳәм харктерин белгилеўде ислетиледи. Платон, Лейбниц, И.Кант ва Ф.Гегель билиўдиң системалы белгилерин анализлеўге ҳәрекет етеди. О.Конт К. Маркс жәмийетти үйрениўде системалы изертлеў усылын ислеп шықты.

XX әсир басларында А.А.Богданов, В.И.Вернадский өз алдына сапалы жақтан үйрениўди қойды, бунда улыўма системалы тәреплерди үйрениўде , 40-жыллары австриялы алым биолог Л. Берталанфи системаның улыўма теориясын ислеп шығыўға қаратылған програманы усынды. Ҳәзирги пайытта өз-ара байланысқан, объектлердиң тәртипли байланыслығы, экологиялық орталықты, түрли басқарыў процесслериниң мәнисин, инсан - технология – компьютер системасын изертлеўге қаратылған «система» түсиниги ҳәм жантасыўлардан илимий билиў ҳәм практика тараўларында кең пайдаланбақта.

Системалы объектлердиң түрлери көп қыйлы болады. Объектлердиң улыўма характерин, сыпатын нәзерде тутып, системалардың материя ҳәм руўхый түрлери болыўы мүмкин. Биринчиден ноорганикалық, биологиялық ҳәм социал- экономикалық системалар киреди. Руўхый системалар инсан руўхый искерлигиниң нәтийжеси болып, илимий, философиялық, этикалық, идеологиялық, ҳәм т.б. алып қараўға борлады. Структура ҳәм элементлерге қарап статикалық ҳәм динамикалық системаларға ажыратыў мүмкин. Статик

[18]Қарыңыз: Кадырова Э.Р.Диалектика категорий «Элемент» и «Структура» в процессе научного познания– Автореф. дис. ... канд. филос. наук. –Ташкент, 1996. 8-9.Б.

системалар минерал, қурылған жайлар т.б. өз жағдайларын, структураларын белгили шегарада өзгертпей сақлайды. Динамикалық система сыртқы орталық пенен өз-ара тәсир процессинде өз ҳалаты структурасын өзгертип турады. Бундай системалар қатарына геологиялық қатламлар, биосфера, ислеп турған машиналар киреди.

Өз ҳәрекетиниң тәртибин белгилеўшиге, орталық тәсирине берген жуўапқа қарап р е а к т и в лат. ре... қарсы; акцио – тәсир, яғный, кери тәсир, а д а п т и в лат. адаптаре – сәйкеслесиў, мақсетке умтылыўшы системалардың топары бар. Реактив системаның ҳалаты мысалы, газ бенен толтырылған шар тийкарынан орталықтың тәсири менен белгиленеди. Адаптив системалар организм, биосфера, компьютер менен тәмийинлеген роботлар сыртқы орталық тәсири ҳәм ишки тәртипке салыўшы дүзилмелер арқалы дөгерек әтирапқа сәйкеслеседи, өзлериниң ҳалатын өзгертириў қәбилетине ийе.

Илимий изертлеўлерде объектлерди үйрениўдиң бундай методлары ҳәрекет етпекте: субстрат – структура метод (структураны ашыўдағы ҳәрекетти анализлеў) функционал метод ҳәрекетлерди анализ етиў тағы басқаларды қараўға болады.

Элемент (латын сөзинен алынған - elementum) – бурынғы, дәслепки материя бирлемши, ең әпиўайы дәслепки бөлекшелерин билдириўши түсиник. Тәбият түрли - бөлекшелерден қуралып, байланыс ҳәм усылда қосылыўда пайда болады, раўажланады. Әййемги заманлардан баслап, философлар тәбияттаныўшылардың бир тәрептен, материаллық питпейтуғын – тамамланбайтуғынлығы себепли, тәбиятта бундай элементлер жоқлығы ҳаққындағы пикирлер ортасында қарсылықлар болып келген. Бул пикирлер ортасындағы қарсылықлардың анықланыўы шешилиўи себепли материяның дүзилиси ҳаққындағы инсан билимлери байып барды. Илмий ҳәм философиялық билиўдиң кейинги раўажланыўы даўамында «элемент» түсиниги «бөлим» «пүтин», «система», «әпиўайы», «қурамалы», қатегориялар менен байланысқан ҳалда анализ етилетуғын болды.

Сондай-ақ, әййемги грек философлары материяның жалғыз элементи Фалес суў , Анаксимен, ҳаўаны, Гераклит отты. Ол дүньяның затлары ҳәм қубылыслары оттың ҳәр қыйлы ҳалда болыўының нәтийжеси. Демокрит, Левкип, кейиншелик Эпикур материяның ең

майда, бөлинбес бөлеклери сыпатында атом ҳаққында тәлийматты илгери сүреди.

Әййемги Мыср, Ҳиндистан, Қытай, Иран ҳәм Орта Азияда дүньяның тийкарында топырақ, от, суў, ҳаўадан ибарат болған төрт элементтен ибарат, деген материядан жатады, деген көз-қараслар бар болған.

Демек, XIX-XX әсирлердеги табияттаныўшылықта жетискенликлер философиялық методологиялық жақтан изертлениўлердиң нәтийжесинде «элемент» ҳәм «структура» түсиниклериниң мәниси анықластырылады. Бул түсиниклерди үйрениўге Өзбекистанның тәбияттаныўшы ҳәм фийлософ алымлары үлкен үлес қосқан, Элемент структура категориялары системасындағы орын ҳәм әҳмийети толығы менен анықланады.

# III Бап. ДИАЛЕКТИКА РАЎАЖЛАНЫЎЫНЫҢ УНИВЕРСАЛ НЫЗАМЛЫҚЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА

## 2.1.Нызам түсиниги

Диалектика раўажланыўның нызамлықлары мәселесине келсек, ол тәбияттағы жәмийеттеги ҳәм адамзат ойлаўындағы ҳәр түрли шексиз байланыслар ҳәм қатнасықлардың белгили түрин сүўретлеў менен байланыслы. Айтайық, бул қатнасықлар ҳәм байланыслар сыртқы ҳәм ишки, зәрүрли тосынлы, ўақытша, турақлы болыўы мүмкин.

**Гәп нызам ҳаққында** категория сүўретлейтуғын байланыслардың, қатнасықлардың тийкарғы белгилери ҳәм айырмашылығы неде дегенде ең алды менен нызамлылық байланыслардың объективлигин, демек бизиң санамыздан ғәрезсизлигин мойынлаўға болады. Нызамлылық бизиң санамыздан ғәрезсиз жасайтуғын материаллық объектлердиң тәбиятынан келип шығады. Соның ушын булл нызамлықларды ислеп шығарыўға ҳәм жоқ етиўге болмайды. Адамлардың тек өз мәпинде нызамлардың пайда тәрепин қолланып ҳәм зыян келтиретуғын тәсиринен қутылыўға ҳәрекет етиўи мүмкин.

Нызамның екинши белгили тәрепи оның затлар ҳәм қубылыслардың ишки байланысларын ҳәм қатнасықларын билдириўинде. Егерде объектлердин изертлегенде олардың сыртқы байланысларында тоқтамай, тереңирек ишки байланысларын изертлеўге умытылғанда, тек сол ўақытта бул объектлердиң нызамын ашыўға болады. Айтамыз, саўда менен өндирис арасындағы байланысларға итибар бериў зәрүрли. Тийкарынан нырқ өндиристе исленип шығылады, ал саўда иске асырылады. Әлбетте, булл бойынша талап ҳәм усыныстың салыстырмалы еркинлигин бийкарлаўға болмайды.

Нызам түсиниги ишки байланысларды сүўретлейди. Усы жағынан нызамды еки қубылыстың арасындағы ишки байланысларды билдиреди десек қәтелеспеймиз. Бирақ нызамға тап усындай анықлама бериў еле жеткиликсиз, себеби ҳәр бир ишки байланысты булл нызамлы байланыс деўге болмайды. Мысалы, булт пенен жаўынның арасында ишки байланыс бар. Бирақ, барлық ўақытта булттан кейин жаўын бола бермейди. Нызам нәрселердиң тийкарын көрсетеди. Нызам – тийкарлардың арасындағы қатнасық. Соның менен бирге нызамға бул ишки ҳәм тийкарғы байланыс деп анықлама бериў жеткиликсиз.

Нызамлы байланыслардың және де белгили бир тәрепи олардың турақлығында. Нызамлы байланыслардың және де белгили бир тәрепи олардың турақлылығында. Нызам булл қубылыстың беккем, өзгермейтуғын тәрепи. Нызам қубылыслардың арасындағы қатнасықты шығаратуғын байланысларға киреди. Мысалы, Архимедтиң ашқан нызамын-суўдағы затқа булл зат орныны басқан суўдың аўырлығына тек күш тәсир етеди. Булл жерде затлардың массасы, көлеми, материалы ҳ.т.б. қанщелли көтериле берсин, бирақ қатнасықтың биреўи биреўине белгиленген теңлемеси, пропорициясы өзгерилмейди. Байланысларда болатуғын пропорцияны, теңликти, басқаша айтқанда байланыслардың өзгермейтуғын, турақлы тәрепин нызам түсиниги сүўретлейди. Демек, нызам категориясы себепли байланыслардың ишки, тийкарғы ҳәм турақлы, тәреплерин сүўретлейди.

Диалектиканың басқа конкрет илимлер менен салыстырғанда нызамларды изертлеўде өзгешелиги бар. Материяллық дүньяда, оның барлық ҳәрекет формаларында болған ғалабалық нызамларда ҳәрекеттиң тек айрықша формасына ийе нызамлар бар. Диалектика бириншиден, ең улыўмалық нызамларды изертлейди. Бирақ универсаллық нызамларға ҳәрекеттиң барлық формалары, яғный, механикалық, физикалық, химиялық, биологиялық, социаллық ҳәм ойлаў алып қаралады.

Булл ең улыўма нызамлардың илимине, мысалы, диалектиканың тийкарғы нызамлары ҳәм категорияларын сүўретлейтуғын байланыслар да қатнасықлар да киреди. Екиншиден, диалектика ең улыўмалық нызамларды өзинше, нақ түрде, олардың дүньяның ҳәр қыйлы сфераларында өзгеше көринетуғын формаларынан ажыратып қарайды. Конкрет илимлер конкрет нызамларды изертлейди. Мысалы, физика Архимед нызамы менен шуғылланады, химия – Авгардо нызамы менен, биология- филогегнез ҳәм отногенездиң бирлиги ҳаққында нызам менен ҳәм басқаларды алып қараўға болады.

Демек, философия ҳәм ойлаўдың ҳәрекети ҳәм раўажланыўы нызам ҳәм нызамлықларды ашып береди ҳәм анализ қылады. Объектлердиң ҳәрекети ҳәм өзгериси мәлим нызам ҳәм нызамлықларға бойсынатуғын өзгерис мәлим нызамлықларға бойсыныўдан әмелге асады. Нызам дген не деп? сораў қоямыз.

Нызам – бул предмет қубылыслар ортасындағы ишки, зәрүрли, тәкирарланатуғын байланыс ҳәм байланысыўдан ибарат. Тәбият, жәмийет искерлигинде бундай байланыс ҳәм байланысыўлардың бар болыўы оларға турақлылық, тәртипликти бғышлайды. Егерде нызамлы байланыс ҳәм байланысыўлар болмаса әлем бөлекшелериниң броун ҳәрекетине уқсап бий тәртип тосыннан пайда болатуғын қубылыслар комплексинене ибарат. Тәбият ҳәм жәмийетте әмел ететуғын нызамлар объектив характерге ийе, бизиң санамызға байланыслы болмаған ҳалда бар. Нызам түсиниги ишки  байланысларды сүўретлейди .Усы жағынан нызамды еки қубылыстың арасындағы байланысларды билдиреди, десек қәтеспеймиз. Бирақ нызамға тап усындай анықлама бериў жеткиликсиз себеби  ҳәр бир ишки байланысыы бул нызамлы байланыс деп болмайды. Мысалы, булт пененен жаўынның арасында ишки байланыс бар. Бирақ, барлық ўақытта булттан кейин жаўын жаўа бермейди.. Нызам нәрселердиң тийкарны көрсетеди. Диалектика үйренетуғын нызамларды тәбият, жәмийет ҳәм инсан искерлиги тараўында әмел етиўин есапқа алып, олардың раўажланыўының ең улыўма ямаса универсал нызамлар деп белгилеў мүмкин. Булар: 1.муғдар ҳәм сыпат өзгерислериниң өз-ара байланысы нызамы.: 2. Қарсылықлардың пайда болыўы ҳәм шешилиўи нызамы.3. бийкарлаў, синтез ҳәм қайтарлыўдың өз-ара байланысы нызамы. Усы нызамларды көрип шығамыз

## 2.2. Сан өзгерислериниң тийкарғы сапа өзгерислерине өтиў нызамы.

Болмыста бар болған материя ҳәм руўхый предметлер, системалар ҳәм қубылысларды анықлап турады, ямаса өз-ара тәсир процессинде ҳалатларды өзгертиреди. Өзгерислер түрлише болады: орын алмасыў, көбейиў, структуралық жылжыў, кеңейиў, тиклениў, жаңаланыў т.б. Бундай өзгерислерди бақлаў тийкарында адамлар нәрселердиң саны ҳәм сапасы ортасында байланыс барлығын аңлаған. Әййемги грек философлары өз ўақтында итибарға алына бермейтуғын майда өзгерислер топланып, адам жәнеде сезерлик дәрежде өзгерислерге алып келетуғынлығына дыққат аўдарған еди. Айтамыз үйилген қумның сезилместей дәрежде азая бериўи қумды биротала жоқ етсе, адамның басындағы шашты билдирмей түсиўи оны тақыр бас етеди. Бул жерде бир ҳалдан екиншисине өтиў, елеспесиз, көринер-көринбес жағдайға

ийе. Басқа жағдайларда бул шегара жақсы анық көрнис табады. Бундай мысалларды көплеп келтириўге болады. Спорт ҳәм кәсиплик бойынша шеберлик я билимлилик, данышпанлық та ақырынлап ўақыттың өтиўи менен жәнеде сезилерлик дәрежеге өтеди.Алколгольди, наркотикти тосынан бир рет қолланыў қәўипли – алкоголизмге, наркаманияға алып келиўи мүмкин т.б.

Сапа – бул объекттиң барлық элементлериң барлық элеметлери ҳәм қәсийетлери ортасындағы өз-ара тәсир, ондағы ишки байланыслардан, басқа объект, сыртқы орталық пенен болған турақлы балйаныслардан пайда болған бир пүтинликти, системалы анықлықты, белгилеўди билдиреди. Сапа, объекттиң пүтинлигин,турақлы белгисин, мәнисли тәрепин билдирсе, қәсийет оның өзгериўшең, бир ҳалаттан екинши ҳалатқа өтип туратуғын қәсийетин билдиреди.[19] Өзиниң сапасы менен бир объект предмет басқа объектен ажыралып турады. Соның менен бирге, объекттиң сапа белгиси дөгерегинде айырым қәсийетлер жоқ болып, жаңа қәсийетлер пайда болыўы мүмкин. Ески ҳәм жаңа қәсийетлердиң алмасыўы объектиң бир пүтинлиги характерин өзгертиргенде оның сапасы өзгере баслайды.[20]

Демек, сапа тәрептен бир-биринен парық етиўши бөлимлерден бир объектке бирлесиўи көп спалы қәсийетти пайда етеди. Түрли барлықта, физикалық, химиялық, биологиялық сапалардың, инсанда булардан тысқары социал ҳәм шахсиятлы сыпатлардың қурамалы уйымы бар. Сапа тийкарынан әдеттегидей адамлар өз турмысында белгили бир затақа баҳа бергенде сапа түсиниги қолланады. Мысалы, жай,саат, гезлеме сыяқлы мәселелерди қараўға болады бул затлар жақсы ислеген бе ямаса жарамсыз ҳалдама деймиз. Филсолфия пәнинде Бул сөзди басқа мәнисте қолланамыз, яғный затлардың ишки тәбияты. **Сан -** қубылыслар, предметлердиң, процесслердиң оларға тән қәсийетлериниң раўажланыў ҳәм интенсивлиги бойынша муғдарға ҳәм санларда көринис табатуғын характеристикасы.

Пифагоршылардың ҳәм басқа да өзине дейингилердиң ойларын улыўмаластыра отырып, Аристотель санды былай түсиндирди: сан дегенимиз - состав бөлеклерге бөлиниўи, олардың ҳәр бири олар екеў ме я көп пе, тәбияты бойынша биреў ҳәм белгили бир нәрсе. Қәлеген сан

[19] Философия. М.,2000. 394 б.
[20] Қушаков Ш.С. Диалектика ва билиш назарияси. С., 2007.

егер есапланса көп, ал ол өлшенсе муғдар.[21] Бул философиялық пикирлеўдиң әдеттен тысқарылығына қарамастан (пикир буннан мың жыл бурын айтылған), оның мәнисин түсиниў қыйын емес: санлық тәрепине затлардың өлшеўге ҳәм математикалық сәўлелендириўге тән тәреплери киреди.

Демек сан бул затлардың белгилемеси. Бул белгилемениң өзгерилиў белгили шегарадан шығып кеткенше заттың сапасын, тийкарғы қәсийетлерин өзгертпейди. **Өлшем** - сапа менен санның диалектикалық бирлиги ямаса санлық өзгерислердиң сондай интервалы, оның шегарасында предметтиң сапалық белгилилиги сақланады. Мәселен, өсимлик ҳәм ҳайўан организмлери өзиниң өмир сүриў уқыбын температураның анық белгиленген шегараларында ғана сақлайды. Ҳәммемиз билемиз, денениң температураларының айналыў диапазоны онша үлкен емес жағдайда адамның нормал дәрежеде өзин-өзи сезиўи ҳәм адам организминиң өмири мүмкин болады. Ҳәр түрли затлардың агрегатлық ҳалының температуралық өлшемлери өмир сүреди. Бундай өлшемлерди билиў практикада кең қолланылады. Айтайық, суў суйық ҳалында 0 ден 100 градусқа шекем өмир сүреди, нольден төмен температурада суў музға айналады, 100 градуста қайнап баслайды. Сынаптың суйық ҳалындағы -39 градустан +357,сынап -39 градуста қатады, ал 357 градуста қайнап баслайды. Агрегатлық ҳалаттың өлшемин билиў, мәселен, металлургияда ҳәм жүдә әҳмийетли. Усында сынапты алыў тийкарланған. Сынабы бар қазылманы 500 -550 градуста қыздырыўда сынап шығарылады ҳәм соңынан конденсаторларда усланады, ол жерде температура 20градуста қоллап-қуўатланады. Аналогиялық жол менен - шығарыў ҳәм конденсация арқалы цинктиң ҳәм басқа да реңли металлардың пирометаллургиясы әмелге асырылады.

Солай етип биз санлық өзгерислердиң сапалық өзгерислерге өтиўине тиккелей келдик.

Секириў - санлық өзгерислердиң сапалық өзгериске өтиўи ямаса бир сапалық ҳалаттың екиншисине өтиўи (өлшемниң, шектиң артыўы нәтийжесинде), секириўдиң мысаллары: жулдызлар ҳәм планеталар, соның ишинде Күн системасының пайда болыўы, Жер бетинде тиришиликтиң пайда болыўы, өсимликлердиң ҳәм ҳайўанлардың жаңа түрлериниң, адамның, оның анасының қәлиплесиўи, адамзат жәмийети

[21] Аристотель. Соч. в ң-т. М. , 1974

тарийхында жәмийетлик - экономикалық формациялардың пайда болыўы ҳәм алмасыўы, социаллық революциялар. Секириўге мысалларды жүдә көп келтириў мүмкин. Санлық өзгерислердиң топланыўы менен секириўге алып келиўи мүмкин. «Металлдың шаршаўынан» машинаның деталының сыныўы. Металл детальдың кысымы артында турған структураның микроскопиялық өзгерислери ерте ме, кеш пе сыныўға алып келеди. Егер микрожарылыўлар биринен соң бири пайда бола берсе, олардың саны ақырынлап өседи, метал стерженьниң жарылыўы тез болады.

Демек объекттиң қәсийети ҳәм шәриятына қарап секириў түрли көрнислерде пайда болады. Ол тез яки әсте, тар кең көлемде, струтуралық яки функционал түринде пайда болыўы мүмкин. Организмниң генетикалық аппаратында пайда болған мутация өзгерис, адам санасында шешилмей киятырған мәселениң шешими инуиция жәрдеминде, табылыў ҳәм сыпат жағнан жаңа көз алдыға келтириўдиң пайда болыўы тез секириўден, тири жанзат эволюциясы, инсан ҳәм жәмийеттиң раўажланыўынан әсте-ақырынлық пенен пайда болып атырған сыпатлы секириўден дерек береди. Социал турмыста бундай секириўлер эволюцион яки революциялар, жаңаланыўлар формасында әмелге асады.

**Жәмийетте пайда болатуғын муғдар ҳәм сыпат өзгерислериниң өзине тән қәсийетлери.**

Социал турмыста муғдар өзгерислериниң сыпат өзгерисине өтиўи өзине тән характерге ийе болып, ол объектив ҳәм субъектив факторлар, материя ҳәм руўхый поцесслердиң әмел етиўи менен белгиленеди. Объектив факторға экономикаға раўажланыўға бағдарлайтуғын механизм ҳәм қәлиплестириўши шәраятлар ислеп шығарыў ресурслары, ислеп шығарыў түрлери ҳәм қатнасларының раўажланыў дәрежеси киреди.

Конкрет тарийхый жағдайда объектив ҳәм субъектив факторлар бир-биринен қарсы емес, яки қарсылықлы қатнаста болады. Бул болса жәмийетте жаңа класс сыпатының пайда болыўының қыйын, бир тегис емес болыўын белгилейди. Жәмийетте пайда болмйтуғын муғдар өзгерислердиң сыпат өзгерисине өтиўге сондай объектив ҳәм субъектив факторлардың тәсир көрсетиўин, сыпат жағнан жаңаланыўының

нәтийжесин белгилеў ушын «революция», «эвалюция» үзликсизлик ҳәм «реформа» түсиниклерин қолланады.

Демек ҳәзирги дәўирде Өзбекстан Ресупубликасында пайда болып атырған өзгерслерге тоқтап өтейик. Ресупубликада мәниси жағынан жәмийетти түпкиликли өзгерислерге қаратылған жаңа сыпатқа өтиў, секириў пайда болмақта.

Бундай секириўдиң әмелге асырыў қуралы сыпатында сиясий аўдарыспақ, классłық гүрес емес, яки топланып қалған социал машқалаларды әсте-ақырынлық пенен избе-излик пенен басқышпа-басқыш ҳәрекет етиў арқалы шешиўди таңлаған. «Кәлпеки ревалюциялық секириўлерсиз, трагедиялы ақыбетлерсиз ҳәм күшли социал ләрзелерсиз, эволюцион жол менен нормал, мәдениятлы раўажланыўға өтиў-таңлап алынған жолдың тийкарғы мазмуны ҳәм мәниси соннан ибарат»[22]

Сонның менен бирге мөлжелленген раўажланыўға өтиў жолы түпкиликли өзгерислерди әмелге асырыўды нәзерде тутады. Бунда катализатор (жеделлестириўши элемент ямаса процесс ) роли мүликти мәмлекет қарамағынан шығарыў ҳәм меншиклестириў, ҳәм базар экономикасына өтиў үлкен әҳмийетке ийе. Ҳақыйқатында да, Өзбекистанның базар қатнасларына басқышпа-басқыш өтиўи, бир тәрептен, бурыннан мийрас болып қалған барлық унамлы тәжирийбелерди терең өзлестириў имканиятын берди, екинши тәрептен, реформалардың тийкарғы басқышларын анық ажыратып берди. Бул басқышлардың ҳәр бири ушын анық мақсетлерди, оларға ерисиў мүмкиншиликлерин белгилеп алыўға жағдай туўдырды. Бул бағдар халықтың «жаңа үй қурмай турып, гөнесин бузбаў» ҳаққындағы даналық пикирине тийкарланғанын көрсетти.

Басып өткен жол ҳәм арттырылған тәжирийбени қалыс баҳалаўдан, ғәрезсизлик жылларында ерисилген жетискеликлерди талқылаўдан жәнe заман талапларынан келип шыға отырып, алдымызда демократиялық реформаларды буннан былайда тереңлестириў ҳәм елимизди раўажландырыўын жеделлестириўдиң әҳмийетли үстинликлерин жәнe анық шеклерди белгилеў ўазыйпасы турған еди.

Усы пикирден келип шығып Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Өзбекстан Республикасын буннан былай да

---

[22] К а р и м о в И.А.ЎЗБЕКИСТОНнинг ўз истиқлол ва тараққиёт йўли. 10 – бет

раўажландырыў бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы ҳаққында»ғы[23] Пәрманы қабыл етилди. Усы пәрманға муўапық раўажланыўдың бес әҳмийетли бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясының бағдарламасы тастыйықланды.

1.Мәмлектлик ҳәм жәмийетлик қурылысты жетилистириў;

2.Нызам үстинлигин тәмийинлеў ҳәм суд-ҳуқық системасын буннан былай да реформалаў;

3.Экономиканы буннан былай да раўажландырыў ҳәм либераллластырыў;

4. Социаллық саланы раўажландырыў;

5. Қәўипсизликти, миллетаралық татыўлықты ҳәм кеңпейилликти тәмийинлеў, терең ойланған, өз-ара пайдалы ҳәм әмелий руўхтағы сыртқы сиясат жүргизиў.

Ҳәрекетлер стратегиясын бес басқышта әмелге асырыў нәзерде тутылмақта, онда жылларға берилетуғын атамаларға муўапық ҳәр жылы оны әмелге асырыў бойынша Мәмлекетлик бағдарлама тастыйықланады.

Қарсылықлардың пайда болыўы нызамы. Қарама –қарсылық-лардың бирлиги ҳәм гүреси нызамы. Қарсылықлар обьектив ҳәм ғалаба характерге ийе.  Айтайық, обьектив дүньяның қәлеген материаллық бирлиги, ҳәр бир процеси ямаса қубылысы раўажланыўдағы қарама-қарсы тәреп ҳәм тенденциялардың өз-ара тәсиринен, қарсылықлардың пайда болыў, қәлиплесиў ҳәм шешилиўинен турады.

Ҳәрекеттиң өзи қарама-қарсы тәреплерден - үзлиўден ҳәм үзликсизликтен турады. Ҳәрекеттеги дене бир ўақытта бир орында турады ҳәм турмайды. Бул қарама-қарсылықтың мудамы пайда болыўы ҳәм бир ўақытта шешилиўи ҳәрекет болады.

Тәбият пенен жәмийеттиң қарама-қарсылықлы характери илим ҳәм практиканың мағлыўматлары менен тастыйқланады. Ҳәзирги физика, мәселен, барлық микрообъектлердиң толқын тәризли ҳәм корпускуляр қәсийетлерге ийе екенлигин айтады.

Жәмийеттиң тийкарын ҳәм оған характерли ишки қарсылықлар, биринши гезекте өндириўши күшлер менен өндирис қатнасларының арасындағы қарама-қарсылық қурайды.

---

[23] Еркин Қарақалпақстан.2017-жыл, 7-февраль.

Адамзат билиўи ҳәм қарама-қарсылықлы. Ақыры, билиў процеси мудамы ойлаўдың объектке жақынласыўы ҳәм тәбиятты адамның ойында сәўлелендириў «өли», абстракт жағдайда емес, ал ҳәрекеттиң мәңги процесинде, қарама-қарсылықлардың пайда болыўында ҳәм олардың шешилиўинде болады.

Солай етип, қарсылықлар раўажланыўдың тийкарын қурайды, олар объективликке ийе, тәбият ҳәм жәмийет, пүткил бизди қоршаған дүнья менен ажыралмас бирликте.

Диалектикалық қарсылықлар қарсылық, қарама-қарсылық, айырмашылық, конфликт, бирдейлик ҳ.т.б. категориялары арқалы ашылады.

Қарсылық ҳәм қарама-қарсылықты тең мәнисли түсиниклер сыпатында түсиниў бар. Шынында да, мәлим қубылыс қарсылықлы ямаса ол қарама-қарсылықлардың бирлигинен турады деў бир сөз есабы. Деген менен қарсылықты қарама-қарсылықлардың арасындағы қатнас сыпатында қараў дурысырақ болады.

Процесслер ҳәм қубылыслар раўажланыўдың қарама-қарсы тәреплердиң я тенденцияларынан туратуғын қарсылық сыпатында болады. Солай етип, «қарама-қарсылық» түсиниги («противоположность») қарама-қарсылықтың ҳәр бир тәрепин аңлатыўға, ал «қарсылық» - усы тәреплердиң өз-ара қатнасларын, қарама-қарсылықлардың өз-ара қатнасларын аңлатыўға байланыслы қолланылады.

**Айырмашылық -** қарсылықтың көринисиниң бир формасы. Айтайық, тутыныў ҳәм алмасыў қунының, қунның турақлы ҳәм эквивалентли формалары. Сондай-ақ товар тутыныў қуны ҳәм қун сыпатында еки түрли жасаўға ийе. Бирақ бул еки түрли бирдей емес жасаў айырмашылыққа өсип шықса, айырмашылық қарама-қар

Алдыңғы әдебиятларда философияға байланыслы раўажланыў, раўажланыўдың улыўма нызамлықларынан бири – қарама – қарсылықлардың бирлиги ҳәм гүреси нызамы деп белигиленген. Бирақ бул нызамды сәўлендириў ушын ислетилген «бирлик» ҳәм «гүрес» сөзлериниң бирлестирилиўи жасалма характерге ийе. Диалектикада тийкарғы дыққат – итибарын раўажланыўдың дереги ҳәм себебин анықлаўға бериледи. Биз диалектика нызамларына берилген түсиндириўге сүйенип қарсылықлардың пайда болыўы шешилиўи

нызамларын анықлаўға оның элементлери ҳәм өзине тән процесслерди анализ етиўден баслаймыз

3.1. **Айырмашылық** ,Теңлик, қарама – қарсылық түсиниклери.

Философия объектлердиң топарласыўы ҳәм өзгериўшеңлигин белгилейтуғын қәсийетлерге айырықша итибар бериледи. Жекке алынған предметтиң өзгериўшеңлиги теңлик ҳәм айырмашылық қәсийетлери арқалы пайда болады. Теңлик – предметтиң бир қыйлығын өз-өзине теңлигин, нәрселердиң уқсаслығын сәўлеледиреди.

**Айырмашылық** – предметтиң характерин, оның басқа нәрседен ажыратып туратуғын парықты билдиреди. Мысалы, электрон менен позитрон ортасындағы айырмашылық оларда бар болған электр заряди белгиси парықланыўынан келип шығады. Айырмашылық түрли дәрежеде ҳәм көлемде пайда болады, болыўы мүмкин: улыўмалық, жузий, керекли, зәрүрли, тосынанлық сыяқлылар.

Солай етип, тенлик, Айырмашылық ҳәм жеке предметке, ҳәм предметлер топарына бир ўақыттың өзинде тән болған, бирақ қарама-қарсы қәсийетти билдиретуғын тәреплер.

Предметларге тән болған теңлик айырмашылық бир жағдайда қалып кетпейди. Ўақыт өтиўи менен, ишки ҳәм сыртқы тәсирлер, өзгерис процесслери теңлик айырмашылық, айырмашықты қарама-қарсылыққа айландырады.. Ҳәр бир қарама – қарсылық өз тарийхына ийе болып, мәлим айырмашылықтан өсип шығады. Айтайық, әййемги общиналық жәмәә дүзими дәўиринде ислеп шығарыў менен бөлистириў ортасында мәлим айырмашылық болған. Бул айырмашылық қарама-қарсылыққа айланыўы жеке муликтиң пайда болыўы, товар ҳәм пул айыра баслаўының пайда болыўы менен белгиленеди.

**Қарасылық – ҳәрекет, өзгерис ҳәм раўажланыў дереги.** Бир – бирин бийкарлаўшы қарама-қарсы қәсийетлер ортасында пайда болатуғын өз-ара тәсир қарсылықты пайда етеди. Бирақ ҳәр қандай қарама-қарсылық мысалы, пәс- бәлент,ақ-қара, күн – түн, т.б. қараўға болады. Булар қарама-қарсылықты пайда ете бермейди. Усы нәрсе есапқа алынып философияға диалектикалық қарсылық түсиниги киргизилген. Диалектик қарсылық – предметларде бар болған крама-қарсы қәсийетлер өз-ара байланысқан бир – бирин тиккелей бийкарлаўды билдиреди.

Болмыстағы  хар бир прелметке ҳәм қубылысқа ол яки бул көрнистеги крама-қарсылықлаға ийе. Қарама – қарсы қәсийет өз-ара бийкарлаў тийкарында қарсылықлы пайда болады. Қарсылық болса әлбетте басқа ҳалатқа, басқышқа, сапаға өтиў зәрүрлигин пайда етеди.

Бир пүтин, қурамаылы системаларда биосфера, популяция, инсан, социаллық структуралар қарсылықлар қарама-қарсылықлар айырмашылықлардан өсип шығады, тикленеди, ақыбетинде өз-ара бийкарлаў процессинде шешиледи. Нәтийжеде жаңа сапа ямаса передмет пайда болады.

Предметлердеги қарсылықлар қандай басқышлардан өтип, жаңа нәрсениң пайда болыўын шәртли сүўретте көремиз.




Таблицада көрсетилген гәплер басқышлы прорцесс айырмашылықтың өткерилиўинен тап жаңа предметтиин пайда болыўына дейин, раўажланыўдың улыўма усылын, нызамлықларынан бирин пайда етеди.

Қарсылықлардың түрлери, тийкарынан, улыўмалық қарсылық, ишки қарсылықлар, сыртқы қарсылықлар, тийкарғы қарсылықлар, тийкарға ийе болмаған қарсылықлар ды алып қараўға болады. Социал раўажланыўдағы қарсылықлар ҳәм олардың өзине тән характерли белгилери бар. Бунда диалектиканың универсал нызамларынан деп қараўға болады.

**Бийкарлаўды бийкарлаў нызамы.** Раўажланыў процесси бийкарлаўды бийкарлаў жолы менен ҳәм әмелге асады. Бул бойынша бийкарлаў түсинигин анықлап алыў зәрүр. Бийкарлаўды бийкарлаў нызамы гөне менен жаңаның арасындағы диалектикалық байланысты, раўажланыў барысында өткен басқышлардың жаңа жоқарырақ дәрежеде қайтадан пайда болыў сыяқлы, ҳәрекеттиң алға есилме түрде илгерлеў сыпатын, жаңаның жеңилмейтуғынлығын,  раўажланыўдың бағдарын ҳәм соларға уқсас раўажланыўдың тәреплерин билдиреди.

Болмыстың ҳәмме областларында мудамы гөне өмири тамам болып атырған нәрсе ҳәм ҳәдийселердиң ҳәм жаңа нәрсе, ҳәдийселердиң пайда

болыў процесси болып турады. Бундағы ескиниң жаңа менен алмасыўы бийкарлаў деп аталады. «Бийкарлаў» атамасын философияға Ф.Гегель киргизген. Бийкарлаў диалектикада күнделикли санада исленетуғын түсиниктен парық қылады.

Бийкарлаўды диалектикалық түсиниў жаңаның ески менен қарапайым алмасыўы болмастан, бәлки жаңа ескиниң жағдайында пайда болып, ондағы дүзиў тәреплеринен пайдаланып, қарар табыўды тән алыў «Ишки бийкарлаў» раўажланыўдың ҳәрекетлендириўши күши деп Ф.Гегель бийкарға айтқан емес. Диалектикалық бийкарлаў бир ўақытта «жоқ» деў менен «аўа» деп, яғный бийкарлаў менен бирге тастыйықлаўды ҳәм өз ишине алады. Ол ҳәмме нәрсени пүтинлей бийкарлаўшы нигилистлик көз қарастан айтылып, бир пайытта болатуғын бузылыў менен жаралыўды, қулласы нәрсе ҳәм ҳәдийселердиң жоғалыўы ҳәм пайда болыўын байланыстырып илгери раўажланыў ҳалатын сәўлелендиреди. Бул диалектикалық бийкарлаўдың белгили бир тәрепин шөлкемлестиреди.

Диалетикалық бийкарлаўдың еки тәрепи бар: биринshиси, ескиниң орнына жаңаның келиўи тәбийий-тарийхый процесс болғанлығы ушын раўажланыўдың ҳақыйқый шәрти есапланса, екиншиси, ол жаңаның ески менен байланыслы екенлигин көрсетеди.

Бийкарлаўды бийкарлаўдың мәниси соннан ибарат, әлемдеги ҳәмме нәрсе ҳәм ҳәдийселер мудамы раўажланыўда болып, бир ҳалаттан екинши ҳалатқа өтип отырады ҳәм ақыбетинде раўажланыўдың үзиликсиз екенлиги келип шығады. Ҳәр бир пайда болған нәрсе я ҳәдийсе өзине дейин пайда болған сапа ҳәм муғдардың бийкар етилиўиниң нәтийжеси, соның менен бирге буның өзи ҳәм ўақыттың өтиўи менен бийкарланады. Демек, ҳәр бир нәрсе ҳәм ҳәдийсениң өзгериўи ҳәм раўажланыўы ҳәрқашан еки ҳәм оннан көбирек бийкар етиўлер менен әмелге асады. Бунда бир бийкарлаў нәрсе ҳәм ҳәдийселердеги өзгериў ҳәм раўажланыўдың бир моментин есапқа алса, «бийкарлаўды бийкарлаў» атамасы олардың шынжырын, бир неше дәўирин сәўлелендиреди.

Бийкарлаўды бийкарлаўдың тағы бир белгиси сонда, раўажланыўдағы периодлықтың тамам болыўшы ҳалқасында яғный нәўбеттеги бийкарлаў басқышында оның алдыңғы басқышындағы

айырым белгилер тәкирараланады (дән өсимликтен және дәнлерге айналады).

Бийкарлаўды бийкарлаўдың әмелге асыўында раўажланыў туўры сызық формасында емес, ал шеңбер формасында болады, оның соңғы точкасы басланғыш точкаға жақынласады. Бирақ бул жақынласыў оның ақырғы точка ме менен тутасыўы емес, ал жоқары басқышта болғанлықтан раўажланыў спираль формаға ийе болады. Бул спиральдың ҳәр бир жаңа орамы алдыңғы орамға қарағанда жоқарырақ басқышта жүзеге келген болады. Мине бул мәнисте раўажланыўдың диалектикалық тәлийматында спираль тәризли атамасы исленеди. Диалектикалық бийкарлаўға байланыслы раўажланыўдың спираль тәризли характери өзиниң үш моментине ийе: биринщиден, бийкарлаўды бийкарлаўда, дәслеп нәрсе ҳәм ҳәдийсе өзгериссиз қала алмайды, бунда жаңа сапа жемирилип атырған нәрсе тийкарында пайда болды. Буны деструкция дейди. Екинщиден, бийкар етилип атырған нәрсе менен пайда болып атырған нәрсе арасындағы өз-ара байланысты, олардың бир-бирине болған мүнәсибетин ашып берди. Буны кумуляция дейди. Үшинщиден, бийкар етилип атырған нәрсе алдын ерискен табысларды, оның раўажланыўына тийисли базы белги ҳәм қәсийетлерди сақлаў, оларды пайдаланыў тийкарында жүз береди. Буны конструкция дейди. Буннан бийкарлаўды бийкарлаўдың ҳақыйқый белгиси, яғный нәрсе ҳәм қәсийетлердиң илгерилеп раўажланыўы, жаңалықтың жеңилмеслиги логикалық жақтан өз-өзинен келип шығады.

Жоқарыда айтылған үш процесстиң бирлиги ҳәзирги күнде Өзбекстанның бийғәрезлигин беккемлеў ҳәм раўажландырыўда өз көринисин таппақта. Биз ушын ҳәзир жәмийетимизде гөнерген социаллық мүнәсибетлерди илажы барынша диалектикалық избе-излик ҳәм зийреклик пенен өз ўақтында болдырыў, жаңадан пайда болып киятырған базар экономикасына кең имканиятлар ашып береди.

Мәмлекет тәрепинен әмелге асырылып атырған ҳәм халқымыз кең қоллап-қуўатлап атырған базар қатнаслары жәмийетимиздеги хожейинсизлик, қала ҳәм аўылларда мийнетти шөлкемлестириўдиң ески усылларының, өмирдиң ҳәмме областларында басқарыўдың буйрықпазлық усылларының, жәмийетке зәлел келтириўши экологиялық ҳәм руўхый бузылыўлардың сапластырылыўына алып келеди.

Раўажланыўдың бағдары туўралы түрли дәўирлерде түрлише көз-қараслар болған. Узақ ўақытлар раўажланыўдың бағдарын натуўры түсиниў ақыбетинде философлар ҳәмме нәрселер дәўирлик тәкирарланыўшы өзгеристен, яғный, дөңгелек ишинде мудамы айналыстан ибарат деген. Базы бир алымлар раўажланыўды туўры сызық пенен барыўшы яки тәкирарланып барыўшы басқышлардан ибарат деп түсинген. Мәселен, француз алымлары Ламарк, ҳәм Сент-Илер тири тәбиятта раўажланыў үзиликсиз ҳәм секириўлерсиз туппа-туўры жолдан илгерилеп барады десе, италиялы философ Ж. Вико жәмийет өз басынан мудамы тәкирарланып турыўшы үш басқышты (балалық, жигитлик ҳәм қартайыў дәўири) кеширеди деген.

Соны да да айтыў керек, раўажланыў процесинде мәлим дәрежеде тәкирарланыўды ушыратамыз. Бирақ олардың ҳәр бири алдыңғы ҳалаттың қарапайым өзгериссиз тәкирарланыўынан ибарат болмай, бәлки жаңаша, өзгеше жоқарырақ басқышта пайда болыўы, буннан бийкарлаўды бийкарлаў қарапайым ҳәм туўры жол менен пайда болмай, бәлки өзине тән жол менен спираль тәризли бағдарда болады. Бундағы раўажланыў процессине муўапық бийкарлаў ҳәм бийкарлаўды бийкарлаў моментлеринде басланатуғын ўақтынша изге шегиниў, тәкирарланыўлар менен бир қатарда илгерилеп баратуғын раўажланыўды ҳәм көре билиў бийкарлаўды бийкарлаўдың мәнисин қурайды.

Тарийхта, мәселен Өзбекстан шарайтында бирнеше мәртебе жәмийетти изге қайтарыўшы үлкен жоғалтыўлар ҳәм қурбанларға алып келген қурғақ бийкарлаўлар болған. Ҳаслында, реаль тарийхый раўажланыў идеалластырылған көринистен жырақ болып, өз қатнасларын жоғалтпаған ҳалда, беккемлеп барыўшы басқышлардан ибарат.

Ҳәзирги күнде Өзбекстанда ески ҳәм гөнерип атырған нәрселерди бийкар етиў ҳәм олардың орнына жаңаларын қурыў, жаратыў ушын гүрес даўам етпекте. Жәмийетте жүз берип атырған базар экономикасы туўдырылып атырған өзгерислерди ҳәр бир адам туўры түсинип алыўы тийис. Республиканы сапалы жақтан өзгертиў оны жоқары раўажланған мәмлекетлер қатарына киргизиў ушын ҳәзирги дәўирде ҳәрбир адамнан көбирек күш-ғайрат сарыплаўды, өз искерлигине баҳа бериўде қалыс, принципиал болыўды ҳәм пидәкерликти талап етеди. Өзбекстанның

ғәрезсизлигин беккемлеў ушын тек экономикалық өзгерислер қурыў жетерли емес. Соның менен бирге сиясий, мәдений ҳәм руўхый өзгерислер ҳәм болдырыў искерликли социаллық сиясат алып барыў, инсан бойынша ғамхорлық, оның өмирлик мәплерин қорғаў ҳәм зәрүр.

"Ғәрезсизлик бизден билимданлықты ҳәм жоқары дәрежеде қәниге болыўды талап қылады. Ендиликте өзгеристи илим ҳәм техниканы басқарыў, мийнетти шубҳасыз, жоқары дәрежеде шөлкемлестириў сыяқлылар ҳәр таманлама таярлықсыз ҳәм терең билимлерсиз болыўы мүмкин емес. "Ғәрезсизлик раўажланыўға тосқынлық қылыўшы административлик - буйрықпазлық механизмин бузып таслаў, Өзбекстанның социаллық- экономикалық ҳәм руўхый раўажланыўдың исенимли механизмин жаратыў.

"Ғәрезсизлик улыўма инсаный минез-қулық нормаларын бузыў ҳалларынан, безиў, социаллық әдалат принциплерин избе-излик пенен әмелге асырыў. Бул деген сөз бенен истиң, ҳуқық пенен ўазыйпаның бирлигин тәмийинлеў, ҳадаллық ҳәм ҳүждан менен ислеп, жоқары өнимли мийнетти шөлкемлестириў, оған ҳақы төлеўде теңлестириўшилик тенденцияларына, күтиўшиликке кейиплерди бийкарлаў. Солай етип, болмыс ҳәм билиўге сай бийкарлаў ҳәм бийкарлаўды бийкарлаў даўам ете береди. Бул процессте диалектиканың ҳәмме принциплери әмелге аса береди.
Диалектика категориялары ҳәм нызамлықларын анализлеўде ол яки бул формада бийкарға байланыслы көз-алдыға келтириўлерге дус келемиз. Буннын себеби сонда, ҳәр қандай бийкарлаў нызалықларын анализ етиўде ол яки Бул формада бийкарға байланыслы көз-алыдыға келтириў пикирлерине дус боламыз. Күнделикли туррмыста «бийкар» түсинигин «жоқ», «қарсы шығыў» сөзлери менен байланыстырамыз. Философияда бул түсиник категория дәрежесине көтерилген болып кең ҳәм терең мазмунға ийе.

**Бийкаралаўдың түрлерине итибар беремиз.** Диалектикалық бийкарлаўдың мәнсин түсиниўде бийкарлаўдың түрлерин анықлаў айырықша әҳмийеке ийе. Айырым әдебиятларда бийкарлаў түрлери ҳаққында концепция инабатқа алынбасада, тийкарына диалектикалық бийкарлаўға итибар берилмекте. Усыған байланыслы, диалектикалық бийкарлаў деструкция, кумуляция ҳәм конструкциядан ибарат болған

бир пүтин процесс деген идея атап көрсетилген.[24] Бул жерде белгиленген екинши екинши ҳәм үшинши берилген пикирлер, анығырағы, оларға берилген анықламаға қайшы келеди. Тийкарынан, кумуляция латын сөзинен алынған, көбейиў жыйналыў, мазмунлы муғдар өзгерислерин яғный, көбейиў, өсиў ҳәм раўажланыўды береди. Жоқарыда келтирилген пикирлерди нәзерде тутып, бийкарлаў процессиниң түрлери бар екенлиги, олардың ҳәр бириниң өзине тән характерге ийе екенлиги ҳаққында көз-алдыға келтириўлерди ислеп шығыў апзалырақ көринеди.

Бийкалаўды өзгертириўге алып барылған процесс. Өзгериске алып баратуғын жағдай. Өзгерис сыяқлы түрли форма арқалы өзиниң сәўлелениўи. Бийкарлаў классификация дурыс анализленбеген машқалалар. Айырым авторлар раўажланыўдың ҳәр қыйлы басқышында пайда болатуғын диалектикалық бийкарлаў үш түрге бөлинеди деген пикирге келмекте. Ю.А.Хариннның айтыўына қарағанда, буларда деструкция, алып таслаў арқалы жаңаланыў ҳәм транцформация деп қараған.

Д е с т р у к ц и я (лат. бузылыў, жымырлыў) - белгили дәрежеде объектиң әпиўайыласыўы, структурасының бузылыўы, раўажланыў тоқтап қулаўы ушыраўы формасында пайда болады. Белгили дәрежеде объекттиң әпиўайы структурасының бузылыўы, раўажланыў тоқтап қулаўға уқсаған формада пайда болады. Бул бийкар бузылыў, ыдыраў, жарылыў, жымырлыў, жоқ болыў, қулаў, кризис атамаларында өз көрнисин тапқан. Алып таслаў арқалы жаңаланыўда, деструкциядан парықлы, бийкар етиў процессинде ол ямаса бул системаның айырым қәсийетлери, элементлери сақланады, басқарыў алмастырылады, бийкар етиледи, жоқ болады. Раўажланыў жаңаланады, усы жол менен система өзин бир пүтиликги сақланады ҳәм раўажланып бара береди. Т р а н с ф о р м а ц и я (лат. қайта өзгертиў, өгертип жибериў, айландырыў – раўажланыўға алып баратуғын сондай бийкарлаў, онда объект система өз тийкарларын сақлаған ҳалында сапа жағынан өзгереди, бир системадан екинши системаға өтиў пайда болады. Бул типтеги бийкарлаў раўажланыў емес, бәлким секириў жолы менен түпкиликли өзгериске, раўажланыўға алып келетуғны процесс. Егер алып таслаў арқалы жаңаланыўда система дүзилсе, тәмийинлесе, транцформациялы

---

[24] Введение в философию. Часть 2 М., 1989 Бет168-169

бийкарлаў объект алдынгы ҳалатта, сыпатқа тосынлыққа, ҳәтте, қарма-қарсы сыпатқа ийе болған жаңалыққа айланады. Бурынғы СССРда қайта қурыў дәўиринде алдын бар болған тоталитар системаны демократиялық социализмге айландырыў режеси қабыл етилген еди. Бирақ пайда болған киризис сондай дәрежеде тереңлести, деструктив поцесслер жүдә кең көлемде тарқалған, нәтийжеде, қойылған мақсет әмелге аспады, бурынғы СССР аймағында система сапа жағынан түптен ажыралып туратуғын ғәресиз мәмлекетлер пайда ең жаңа тарийхтан белгили.

### *Бийкарлаўды бийкарлаў ҳәм синтезлестириў*

Бир ҳалатдан екинши ҳалатқа өтиў пайда болып атырған сан-санақсыз өзгерислердиң бир көрнисин пайда етеди. Байланыслардың шынжырының бир буўынын пайда етеди. Ҳалаттың өзгериўи болса бийкар етиў бирден предметтиң алдыңғы жаңдайы яки хоссасынан ажыралып турыўшы ҳәм өзинде тафовутни сақлаған белгини биринши бйкарлаўды жүзеге шығарады.

Қыйн, көп системалы объектлерде бийкарлаў лаҳзасида өз көрнисин тапқан қарсылықты шешиўге сондай бир жағдайды келтирип шығарады. Ол предметтиң дәслепки ҳалатынан биринши бийкарлаўды пайда ететуғын нәрседен ажыралып турады. Яғный биринши бийкарды жүзеге келтирген қарсылықты шешиў екиншиси бийкарлаўды пайда еткен басқа қарсылықты келтирип шығарады. Екинши бийкарлаў лаҳзасида пайда болған қарсылықты шешиўди, алдыңғы лаҳзада топланған өзгерислердиң жуўмақлаўшы көрнисинде, жаңа сыпаттың қәлиплесиўине алып келеди. Биринши бийкар ушын тийкар болған айрым хислатлар күшти яки әҳмийетин жоқ етпеген хоссалар, функциялар тикленеди.

Бийкарлаўды көп процессли екенлигин аңлаған Гегель раўажланыўдың бир неше басқышлы шынжырға уқсатады ҳәм бул форманы «триада» деп айтады.

Гегельдиң пикиринше, тек идея триада үшлик формасында бир басқыштан екинши басқышқа өтип раўажланады. Тезис ҳәм антитезис ортасындағы қарсылықтың шешилиў синтезине алып келеди. Синтез үшинши басқыш, екинши басқыштың бийкарлаўшысы, биринши басқышқа қарағанда бийкарлаўды-бийкарлаў сыпатында пайда

болады.Гегель триада формасында пайда болатуғын, көп басқышлы бийкарлаўды-бийкарлаў процессин раўажланыў нызамы деп билди.

Демек диалектика барлық қубылысларды детерменизм тийкарында, яғный қубылысларды себеп-ақыбетлик байланыста изертлеўден ибарат. Әлбетте бундай объективлик нызамлықлар бар, буған көп мысаллар келтириў мүмкин: экономикалық кризислер, дәўиринде сиясий ҳәкимият өз тәрепдарларын жоғалтады, оппозиция жанланады, жаңа сайлаўлар болған жағдайда ол ҳәкимиятқа ели кетиўи мүмкин басқа мысал: азатлық урыслары дәўиринде халық ҳүкимет тәрепинен бурынғыдан беттер жәмлеседи. Бирақ диалектикалық усылды универсал усыл деп қараймыз. Айрым жағдайда диалектикалық усыл деп қараўға болмайды. Буны турмыстың өзи көрсетип отыр: көп қубылысларды бундай усыл менен билиўге болмайды. Техникалық илимлердеги ашылыўлар да буны тастыйықлайды. Бурын тәбият мәңгиликке белгиленген саат механизими сыпатында иертленетуғын еди. Енди физикалық процесслерде тосынлықтың (случайность) ролин квант теориясы тийкарлап береди. Диалектиканың орнына жаңа усыл синергетика пайда болды.[25]

Бирақ сонны айтыўымыз керек, физика, математика, химия, биология, сыяқлы фундаметаллыққа ийе илимлерде пайда болып атырған өзгерислерди тек диалектиканың нызам категориялары менен түсиндириў жеткиликсиз болып қалды. Бул бойынша түрли пикирлер бар. Шет еллерде көп ғана философлар диалектиканы биротала бийкарламастан синергетиканы ҳәм қоллап қуўатламақта.

Алымлардың пикиринше, «синергетика» түсиниги илимге 70-жыллары кирип келген. Ол дәслеп физикалық, биологиялық, химиялық, қубылыслардағы кейиншелик экономикалық-техникалық, жәмийетлик процесслердеги өзин-өзи шөлкемлестириў, уйымластырыў, өзин-өзи басқарыў, хаос (тәртипсизлик) сыяқлы ҳалатлардың бағдарланыўын, нызамларын билиўге қаратылған. Бул тәлийматты дәслеп бельгиялы физик Илья Пригожин, соңынан немец физиги Хенерик Хакен ҳәм басқа алымлар тийкарын салған ҳәм ол бүгилигинде ғарезсиз ойлаў методы сыпатында қаралмақта. Бул бағдарды түсиндириўге турақласқан пикир жоқ. Мысалы, оны биртопар алымлар диалектиканың даўамы десе, екинши биреўлери XX әсирдеги илим ҳәм жәмийетлик

[25] Политология. М:. Акалим, 1998.110.Б.

раўажланыў нәтийжесинде жүзеге келген ойлаў методы деп түсиндиреди. Синергетикаға тән қәсийет не? Жасыратуғыны жоқ, ХХ әсирдеги тәбияттаныўдағы ҳәм жәмийеттаныўдағы жетискенликлер нәтийжесинде объект пенен субъект, материаллық пенен руўхыйлық, изертлеўши менен оның изертлеў объекти, тәбият пенен жәмийет, түрли қатламлар ҳәм топарлар ортасындағы мүнәсибетлерге жаңаша қатнас басланды. Оның мәниси соннан ибарат, илим ҳәм философияның өз-ара парқы енди олар арасындағы қарсылық, қарама-қарсылық ҳәм антогонизм туўралы емес, бәлким олардың бирге ислесиўи, бирлиги ҳаққында пикир жүргизиўди талап етпекте. Демек, синергетика болатуғын болса инсан турмысында, илим процессинде бурын болмаған қатнасларды философиялық анализ етиўши бағдар сыпатында пайда болды.

Егер диалектика раўажланыўды қарама-қарсылықлардың бирлиги ҳәм гүреси, сан өзгерислериниң сапа өзгерислерине өтиўи, бийкарлаўды бийкарлаў нызамлары арқалы сәўлелендирсе, синергетика оларды раўажланыўдың бирден-бир универсал нызамлары деп қарамайды. Буннан тысқары синергетика бүгинги цивилизация раўажланыўына тән бас принцип – үзликсизлик (эвалюция), басқышпа-басқыш раўажланыў (коэволюция), теңсизлик, турақсызлықтың турақсызлықтың турақлы сыпат алыўы сыяқлы нызамлықларды тийкарлап берди ҳәм олар илим, жәмийетлик турмыс раўажланыўында барған сайын өз дәлийллеўине ийе болмақта.

Раўажланыўды түсиниў бойынша баҳалы идеялар немец классикалық философиясында Кант, Гегель тәлийматларында өз көрнисин тапты. Әсиресе раўажланыў туўралы концепция ең алды менен адамзаттың тарийхый раўажланыўының объектив идеализм позициясынан түсиндирлиўи Гегельге тийисли.Раўажланыў, илгери сүриў басланғыш сападан жоқары сапаға өтиў болып табылады. О леки сапаның рамкасында санлық ҳәм сапалық өзгерислер арқалы әмелге асады ҳәм бунда раўажланыўдың дереги объектив диалектикалық қарама-қарсылық болады, ал раўажланыўдың бағдары бийкарлаўды бийкарлаў болып характерлнеди. Жоқарыға қарай раўажланыў өзине теденция түринде салады.

Ол өз ишине раўажланыў дәўириниң жаңа сапаның қәлиплесиўиниң зәрүрли этапы сыпатында салыстырмалы түрде тыныш

(эвалюциялық) дәўирди ҳәм киргизеди. Сондай-ақ регресстиң, демек гөнеге қайтып айналып келиў мүмкиншилиги ҳәм болады. Солай етип раўажланыў жоқарылаўдың автомат процесси бола алмайды. Қулласы тамамлап, екинши сапаға өтеди. Деген менен мәлим нызамларда өз көрнисин табады. Диалектиканың нызамлары қарама-қарсылықлардың бирлиги ҳәм гүреси, сан өзгерислериниң сапа өзгерислерине өтиў ҳәм бийкарлаўды бийкарлаў нызамларыда сондай.

Синергетика үйрететуғын раўажланыўдың эвалюциялық принципин анализ етип көрейик. Бүгинги күнде диалектика тийкарлап берген эвалюциясыз ревалюция, ревалюциясыз үзликсиз раўажланыў жүз бермейди деген гәп гөнерип қалды. Себеби эвалюция болмыстың улыўма нызамы сыпатында тек ғана инсанлар менен инсанлар ортасындағы, яки инсан менен тәбият ортасындағы бирлик, бирге ислесиўди ҳәм мақуллайды. Ол жәмийет турмысында кеңислик ҳәм ўақытқа байланыслы геосиясатлық өзине тәнликти есапқа алыўды талап етеди. Жәмийетте ревалюциялық ҳәдийсе жоқ демекши емеспиз. Тарийхта көплеп ревалюциялық аўдарыспақлар болған. Олар туўралы көплеп шығармалар жазылған. Бирақ XX әсир илими ревалюцияның раўажланыў процессиндеги бирден-бир жолы екенлигин көрсетиў менен бирге оның белгили дәрежеде қәўетерли жол екенин дәлийлеп берди. Ақыры, о лески системаны зорлық пенен аўдарып таслаўды, бузыўды, жоқ қылыўды ақлайды. Мәлим, марксистлик тәлийматта зорлық – жаңа жәмийеттиң киндик шешеси» деп қаралады.

Улыўма ревалюциялық ревалюциялық тәлийматта зорлыққа айрықша итибар бериледи ҳәм оған шақырылады. Үзиликсиз раўажланыў тәлийматында болса, прогресс, раўажланыў ескини бузбастан, урыссыз-қағыссыз әмелге асыўы мүмкин болған прогресс екенлиги тийкарланады. Бул тәлиймат ҳәзирги заман тәбият илимлериниң тийкарғы нызамлықлары сыпатында тийкарланғанылған.

# IV БАП.ФИЛОСОФИЯ ПӘНИН ОҚЫТЫЎДА ИННОВАЦИЯЛЫҚ МЕТОДЛАРДАН ПАЙДАЛАНЫЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

## 4.1. Философия пәнин оқытыўдың бүгинги күндеги машқалалары

Мәмлекетимизде билимлендириў тараўында "Миллий модел" тийкарында әмелге асырылып атырған реформалардың ҳақыйқый мәниси –миллийликтиң үстинлигин тәмийинлеў болып қалмастан, ал, дүнья пәни ҳәм билимлендириў системасы ерискен ең алдыңғы жетискенлик ҳәм миллий өзликти қәлиплестирў тийкарында, миллий раўажланыўымызды тәмийинлеп беретуғын билимлендириў системасын жаратыўдан ибарат. Бул барада, философияны оқытыў ҳәм жасларда философиялық ойлаўды қәлиплестириў машқаласын жаңаша парадигмалар тийкарында шешиў зәрүрлиги жүзеге келди. Сонлықтан, әсирлер даўамында дүнья философиясы, сондай-ақ миллий философиялық қәдириятлар тийкарында жасларда философиялық ойлаў, пикирлеў көнликпелерин қәлиплестириўди үзиликсиз тәлим системасына киритиў, бизиңше миллий менталитетимиздиң миллий раўажланыўы идеясы тийкарында жәнеде жоқарылатыўға хызмет қылады. Усы тийкарда Биринши Президентимиз И.А.Каримов "Перзентлеримиз, келешек, әўладлар бизден усы үлкени, усы муқаддес жерди және де бай, күшли ҳәм қудиретли ҳалатта қабыл қылып алыўлары ушын, биз уллы әждадларымызға қарағанда усындай миннетдаршылық сезимлерин сезиниўлери ушын лазым болған барлық жумысты ислеў бизиң пухаралық миннетимиз", деп айтқан еди "Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш" мийнетинде. Пухаралық миннетимиз ҳәр қандай аудиторияда, жоқары оқыў орнында болама, улыўма билимлер бериў орынларда болама, ҳәттеки еки-үш адамнан ибарат сәўбетиндеде келешек әўладларымыз ушын инсаный, адамгершилик сезимлеримизди әшкар қылыўымыз, үйретиўимиз, олардың санасында, жүрегинде Ўатан сүйиўшилик сезимин қәлиплестириўимизди талап етеди.

Ҳәзирги дәўирде философияны оқытыўда оқытыўшы дус келетуғын ең характерли шәрт-шараят сондай, философия қәлиплескенли берли тап бүгинги күнге шекем оның прдеметинде де, оны үйрениўшилердиң тәбиятында да, оны үйрениўди шөлкемлестириў формаларында да үлкен өзгерислер жүз берген. Ең ақырғы өзгерис елимиздиң өз ғәрезсилигин қолға киритиўи мүнәсебети менен

догмаласқан ҳәм бир жақлама марксизм-ленинизм фислофияның бийкарланыўы ҳәм оның орнына өз миллий философиямызды қәлиплестириў мәселесиниң көнделең болыўы мүнәсебети менен әмелге аспақта. Себеби, бүгинги күнге шекем философияның предметинде дүнья көлеминде еки үлкен өзгерис жүз берген. Олардан биринщиси философияның рацианналласыўы ҳәм дифференцияласыўы себепли оның пәнге айланыўы ҳәм кейин ала позитивизм ағымы тәрепинен керексиз екенлигиниң көрсетилиўи болған еди.

Ўатанымыз ғәрезсизликке ерискеген шекем философияның тек ғана бир формасы, яғный марксизм-ленинизм философиясы пәни ҳақыйқат сыпатында оқытып келинген еди. Оқытыў усыллары ҳәм оны шөлкемлестириў формалары да соған масласқан еди. Демек, ендиликте биз тоталитар социализм шараятында жүдә шеклеп қойылған өз философиялық идеямызды, бир тәрептен өтмиш идеологиясы тәрепинен умыттырылған, сығып шығарылған өз өтмиш миллий философиямыз мазмунын еслеп алыўға ҳәм оны заманымызға муўапықластырған  ҳалда қайта тиклеў ҳәм раўажландырыўға, екинши тәрептен,  жоқары айтып өтилген дүнья философиялық мәдениятында жүз берген өзгерислерди терең талқылап ҳәм сын көз бенен үйренип шығып, оларды өз дүньяқарамызды кеңейтириўмизге қаратып, үшинши тәрептен, усы жоқарыдағылар  тийкары өз жаңа миллий филосфиясыз тийкарларын ислеп шығыўға, төртинши тәрептен, усы процесслер менен барабар филасофия оқытыў жумысларын алып барыўға қаратыўымыз керек. Усы жерде биринши президентимиз Ислам Каримовтың: “Көп әсирлик тарийхымыз соны көрсетеди, инсан дүнькарасының қәлиплесиўинде илимниң, әсиресе социаллық пәнлерди орны үлкен. Бул жәмийеттаныў болама, тарийх, философия, сиясаттаныў болама, психология ямаса экономика болама-олардың барлығы адамның интеллектуал кәмилликке ерисиўинде үлкен тәсир күшине ийе”– деб айтқанларын еслеўдиң өзи жеткиликли.

Бунның үстине ҳәзирги ўақытта философия сабақларының бизиң талабаларымыз  жүдә қысқа ўақыт аралығында, мәселен, 36 саатлық лекция ва 36 саатлық семинар шынығыўларында өзлестириўи керек болмақта. Бул  ўақыт ишинде биз талабаларды ҳәм өз өтмиш миллий философиялық қәдириятлары менен, ҳәм дүнья философиясы мазмунында жүз берген ири өзгерислер менен, ҳәм қәлиплесе баслаған

жаңа философияның өзиниң тийкарғы темалары менен, ҳәм миллий идея –идеологиямыз мазмуны менен терең таныстырыўға үлгериў жолларын излеўимиз керек. Бизиң миллий өзлигимизди қорғай алатуғын зийрек шахслар жетилисип шығыўы ушын биз оқытыўшылар излениўимиз, өз үстимизде тынбай мийнет етиўимиз қәжет. Елбасымыз әмелге асырып атырған сиясатта усыларды әмелге асырыўға бағдарланған. Бизди тыңлаўшы аудитория әййемги философияны үйретиўдеги сыяқлы ҳикметти сүйгени ушын ҳақыйқый элитар философияны билиўге қызығатуғынлардан емес, ал керисинше тоталитар социализм идеялогиясы дәўириндеги боссөзликлер себепли абыройсызланған философия көринисин есте сақлап қалғанлардың перзентлери екенлигинде есапқа алыўымыз керек. Анықлап айтқанда, тоталитар социализм философиясы қәлиплесип болған, таяр ҳәм бийкарлаў мүмкин болмаған абсалют туўры илимий тәлиймат сыпатында оқытып келинген еди.

Ҳәзирги дәўирде (бир әсирде берли) Батыста қайта тикленип атырған ҳақыйқый мәнидеги философия болса элитар билимге қайтыўды талап етпекте. Яғный философияны үйрениў , бир тәрептен мәмлекетти басқарыў әмелияты ушын зәрүрлик болса, екинши тәрептен оны үйрениў өмирдиң мәнисин түсиниў, кәмил инсан болыў қуралы болып келген еди. Ендиликте болса биз филофосияны өз миллий философиямыздың машаққатлы қәлиплеплесиўи, туўылыўы процессинде оқытып атырмыз.

Ҳәзирги дәўирде философияны оқытыўдың және бир қурамалылығы соннан ибарат, оны үйренетуғын инсанлар тәбиятында да үлкен тезлик пенен қурамалы өзгерислер жүз бермекте. Яғный, биз бүгинги күнниң талабаларының глабалласыў дәўириндеги санасының тәз пәт пенен өзгериўип атырғанлығында есапқа алыўымыз керек. Бизге белгили, бун процесс биз тоталитар социализм дәўириндеги жабық жәмийет шараятында шыққан ҳәм Батыс философиясының О.Шпенглер, Х.Ортега-и-Гассет, К. Мангейм, Х. Арендт, Т. Адорно, М. Хоркхеймер, В. Беньямин ҳәм Г. Маркузе сыяқлы белгили философлары унамсыз тәреплерин анық ашып берген массалық мәденияттың кирип келиўи ушын қолай болған ашық жәмийет, информация хаосты, глобалласыў, сондай-ақ, идеологиялық ҳүрижлер шараятында әсиресе үлкен қәўип туўдырмақта. Бул жағдай шараятында жасларды элитар

мәдeният болып келген философиялық мәденияты руўҳында тәрбиялаўды, ҳақыйқый кәмил әўладты жетилистириў жумысын оғада қурамаластырады.

Жоқары оқыў орында ислеўши профессор, доцент, ассисентлердиң eң тийкарғы ўазыйпасы – талабаларды оқытыў. Оқытыў процессин ҳаққында еки түрли түсиник қәлиплескен. Бириншиси, субъект-объект арасындағы қарым-қатнас формасында сәўленленсе, екиншиси субъект-субъект арасындағы қарым-қатнас формасы көринеди. Биринши жағдайда оқытыўшы талабалаларға информацияны қабыл етиўши объект сыпатында қараса, екиншисинде оқытыўшы тиккелей қатнаста болыўшы, яғный сәўбетлес сыпатында қаралады. Әлбебетте, философиядын сабақ өткен сабақ өтиўдиң eң жақсы формасы биринширси. Методикада айрым қәнигелердиң пикирине көре сабақ өтиўдиң екинши формасы жаңа болып, биринш иси болса eски, дәстүрий екен. Бул пикирл пүткиллей туўры деп болмайды. Себеби, eң алды менен барлық дәўирлерде бул еки форманыда қоллаўдың дәўир ҳәм шәрт-шараятлар менен талап етилиўи ҳәмде оқытыўшының өз жағдайынан келип шығатуғын (яғный объектив ҳәм субъектив) себеплери болады.

Усы мәнисте бул мәселе анализине конкрет жантасыў зәрүр. Мәселен, субъект-объект қатнасы

1) талабалар топарында тартыншақ, актив болмаған ямаса билим жәрежеси жүдә төмен талабалар көпшиликти талап етеғун жағдайда;

2) оқытыўшының өзи лекцияны биймәлел оқый алатуғын тәжрийбе ҳәм билимге ийе болмаған жағдай

3) оқыў темасы ҳәм материалы жүдә жаңа, еле ҳәр тәреплеме үйренилмеген, ендиғана үйренилип атырған ҳалда болыўы да мүмкин. Усы сыяқлы жағдайларда сабақларда субъект-объект қатнасы қарар табыўы тәбиий.

Бирақ буннан, биринш иден философия сабақларын ҳәмийше сонлай өтиў керек деген жуўмақ шығарыўға асықпаў керек. Екиншиден, бундай жағдайларда да, яғный субъект-объект формасында сабақ оте турып да бундай сабақлар ишинде де субъет-субъект қатнасық тәризин имканы барынша, фрагментар түрде болса да киритип турыў мүмкиншилигин есапқа алыў керек.

Керисинше, субъект-субъект формасында сабақ өтилген, оқытыўшы тийкарғы субъект болыўы, талабалар болса оған қарағанда белгили дәрежеде объект болыўлары да тәбиий. Мәселен, философиядан сабақ бериўши ең жоқары үлгиси есапланған Платонның барлық диалогларында Сократ өз шәкиртлери менен сәўбет (диалог) алып барар екен, яғный, субъект-субъект тәризинде қарым-қатнас алып барар екен, бундай сәўбетлердиң үлкен бөлиминле, әсиресе тийкарғы идеялар талқылаўларында ҳәм жуўмақларында Сократ монологлары үлкен орын ийелегенлигин көремиз. Демек, бизиң дәслепки сабақларымызда философия не екенлигин ойлап та көрмеген ҳалда сабаққа киретуғын, мәселен, математика ямса информатика оқытыўшысы болман деп оқыўға кирген талабалар философия сабақларының дәслепки күнлеринде бул пәнге қызықтырыў ушын әлбетте субъект-обхект формасында сабақ алып барыўды талап етеди.

Сондай болсада, ҳәзирги күң талабасына оқытыўшы ҳәм объект, яғный билимлнери узатылып атырған ҳәм өзи өзгертириўи керек болган объект сыпатында да, өзи менен тең сәўбетке ҳақлы субъект сыпатында да жантасыўы мақсетке муўапық. Ҳәзирги дәўир философиялық сабақларының ең жоқары экзистенциал мәниси де сонда, яғный талаба менен теңдей, соның менен бир ўақытта оннан үстин устаз дәреджесинде тура билиў. Бул жағдай турыў тәжрийбесиз ҳәм философиялық-теориялық билими сайыз оқытыўшы ушын жүдә қыйын. Соның ушын да бундай жағдайларда көпшилик жас оқытыўшылар субъект-объект вариантында ис тутады. Бул вариантты жумыстың сабақтың басланыўында, оның айрым бөлимлеринде қолланса болады, бирақ пүткиллей бул формада алып барыў жарамайды. Себеби бүгинги күн талабасы терең теориялық билим көнликпелерине ерисе алмаған болсада, кең информациялық запасқа ийелиги менен өз оқытыўшысынан үстин келиўи қыйын емес. Әне усындай жағдайларда оның менен субъект-субъект, яғный филсофиялық сәўбетлердиң “тең ҳуқықлы партнеры” сапатында сәўбетте болыў пайдалы болады.

Және айта кетиўге арзырлы мәселелердиң бири бул философия пәнинин институтымызда барлық қәнигеликлерде оқытылады. Философия пәниннен оқытып атырған шәкиртлери терең өзлестирип алыўы ушын оқытыўшы биринши нәўбетте талабалардың қәнигеликлеринен келип шыққан ҳалда, сабақ өтиў процессинде сол

талабалардың қәнигеликлерине тийисли болған мысаллардан пайдаланылса мақсетке муўапық. Өйткени өзиниң қызығыўшылығы бар пән менен философияны байланыстырып өтилсе әлбетте өтип атырған теманы өзлестирип алыў анағурлым қызықлы ҳәм аңсат болар еди. Бул әлбетте оқытыўшыдан тереңирек излениўди талалап ететуғын жағдай.

Жуўмақлап айтқанда, ҳәзирги дәўир философиясын оқытыўда барлық пәнлерди оқытыўдағы сыяқлы жаңа усыллардан қоллаў, яғный инновацион методлардан пайдаланыўды талап етпекте. Яғный биз қәлиплесиў процессинде болған миллий философиямызда жаңа усыллар тийкарында оқытыў машқалалары үстинде де ислеў зәрүрлиги көнделең болмақта. Бул жағдайдан келип шығып, ҳәзирги күнде билимлендириў орынларда философияны оқытыў оғада қыйын ис екенлиги көринеди. Соған қарай философиядан қәниге болыў ҳәзирги ўақытта оғада қыйын, ҳәм соның менен бирге жүдә ҳүрметли ҳәм жуўапкершиликли ис. Бирақ бул ҳүрмет оқытыўшының өз ҳүжданы ҳәм оны түсинип жете алған айрым талабалардан басқаларға сезилмейтуғын бийғәрез ҳүрмет. Әне усы ҳүрметке ийе болыў ушын дәслеп сабақ өтиў процесси ҳаққында улыўма теориялық түсиниклерге ийе болыўымыз әҳмийетли.

## 4.2. Философия пәнин оқытыўдағы инновациялар ҳәм алдыңғы шет ел тәжийбелери

Ҳәр бир жаңа теманы өтиўде, оның характерине сәйкес түсиндириў усылларын таңлаў, сабақтың өзине сол тема бойынша талабалардың билим ҳәм көнликпелерин пайда етиўге жәрдем беретуғын шынығыў түрлеринен пайдаланыў талабалардың философияны үйрениўге болған қызығыўшылықларын арттырады.

Ҳәр бир пән тәжрийбе ҳәм изленислер тийкарында раўажланып барғаны сыяқлы, философияны оқытыўда алдыңғы тәжрийбелер түрли пикирлер тийкарында раўажланып барады.

Улыўма, сабақ нәтийжелилиги оқытыўының оған таярлық көриўинде, сабақ методын дурыс таңлаўына ҳәм педагогикалық шеберлигине байланыслы. Жаңа билим бериў көбирек интерактив методларға тийкарланылса, машқалалы оқытыў методларынан пайдаланылса мақсетке муўапық болады.

«Инновация» түсиниги латын тилинен алынған болып (in-ға, novus-жаңа) яғный аўдармасы «жаңаланыў», «өзлестириў», «қандайда жаңалық киритиў», «жаңалық киритиў» өз нәўбетинде «жаңа» сөзи усы түсиниктиң тийкарғы ядросын қурайды.

«Инновация» түсиниги барқулла бир қийлы мәниде тәрийпленбейди, көп ҳалларда ол «жаңалық киритиў» түсиниги сыпатинда көрип шығылады. Солардан С. Турғуновтиң пикиринше, инновация - мақсетке бағдарланған өзгертиўлер болып, мәлим бир социал бирликке өзин шөлкем, жәмәәт ҳәм топарларға жаңа турақлы болған елементлерди улыўмалылық ҳалда халықтың мәнәўий мәдений мүнәсибетлери ҳәм мәмлекеттиң социал-экономикалық раўажланыўы менен үзликсиз байланыслы болған жаңалықларды киритиў болып есапланады.[1]

«Инновация» түсиниги кең ҳәм тар мәниде қолланылады. Кең мәниде инновация мәлим бир социал мүтәжликти еледе жақсы қандырыў ушын жаңа илимий әмелий қурал, яғный жаңалық жаратыў, тарқатыў ҳәм қоллаўды өз қурамына алатуғын комплекс процесс сыпатында қаралады.

Инновация тар мәниде бир жәмәәт хизметин жетилистириў ушын киритилип атырған ҳәм бул инновация субъекти тәрепинен жаңалық деп қабыл қылынған жаңа қурал, услуб, жантасыўлар системасына қарата айтылады. М.Жуманиязованың айтыўынша инновация - раўажланған технологиялиқ процесстиң жетилистирилген өними көринисинде болатуғын дөретиўшилик мийнеттиң нәтийжеси. Ол әмелият ҳәм теорияның әҳмийетли бөлими болып, социал-мәдений объект сыпатларын жақсылаўға бағдарланған социал субъектлердиң ҳәрекет системасы, әйни ўақытта басқарылыўшы ҳәм бақланыўшы өзгерислер механизми болып есапланады. Н.Мамадов өзиниң «Улыўма тәлим мектеплерин инновацион басқарыў» деп аталған изертлеўинде, инновация бул басқарыў объектин өзгертиў ҳәм жоқары дәрежедеги социал-экономикалиқ, илимий-техникалиқ нәтийжелерин қолға киритиў максетинде мәлим бир тараўларға жаңалықты ен жайдырыў жуўмақлаўшы нәтийже екенлигин айтып өтеди[1].

---

[1] Turg`unov S.T. Ta`lim muassasalarini bashqarishda innovatsion faoliyat.//j.Uzluksiz ta`lim. –T., 2006.-3-6 b.
[1] Jumaniyozova M. Innovatsion faoliyat-ta`lim sifatining kafolatidir.// j.Uzliksiz ta`lim. –T.: 2004.N6- 88-92-b

Республикамиз алимлариниң «инновация» түсинигине берген тәрийплериндеги ҳәр қыйлылық шет ел алымларының изертлеўлеринде де көзге анық тасланады. Уси тәрийплердиң салыстырмалы анализи тийкаринда түсиниктиң төмендеги әҳмийетли тәреплерин ажыратып көрсетиў мүмкин:

1. Инновация-бул жаңалық (А.М Саранов, И.М Роджес);

2. Инновация-бул өзгертиў, жақсылаў, қурамаластырыў (К.Ангеловский)

3. Инновация-бул өзинде өсиўши тийкарды көрсетип өтиўши қурам бөлек бирлиги (В.И Загвязинский)

4. Инновация бул жаңа қурал, жаңа метод, жаңа технология (В.А Сластенин, В.И Родимова)

5. Инновация жаңа мазмундағы методларын ислеп шығарыў (Р.Г Чедровский)

Бирақ сони айрықша айтип өтиў керек, педагогикалиқ инноватикаға тийисли әдебиятларда «инновация» түсиниги менен биргеликте «жаңалық» түсиниги де қолланилади.

Инноватиканиң тийкарғи көрсеткиши оның басланғиш раўажланыўына байланыслы болып, педагогикадағи жаңалық-бул тек ғана идея, жантасиў, метод, технология қуры берилген ҳәм еле пайдаланылмаған ҳалатлардағы емес, бәлки бул инновацион процесстиң жәмлескен ҳәм айрықша қурамлық бөлими, ол болса өзинде өзгериўшең шәраятдарда ҳәм ҳалатларда тәлим-тәрбия мәселелерин жетерлише нәтийжели шешиўди түсиндирип береди. Инновация болса-бул мәлим басқыш тийкарында раўажланатуғын процесслер. Ол бир неше мәнидеги түсиниклерди береди:

1. Инновация бул тәлимниң жаңа мазмуны, форма ҳәм методларды ислеп шығарыў,

2. Жаратылған педагогикалық системаны енгизиў ҳәм кең ен жайдырыў,

3. Тәлим мекемелерин басқарыў ҳәм раўажландырыўдың жаңа технологиясын ислеп шығыў,

4. Тәжирийбе-сынаў объекти сыпатинда,

5. Бир пүтин педагогикалиқ процессти инновациялаў,

6. Жаңалықлардың қолланылыў дәрежесин жаңа өнимдарлықлар менен өзгертиў басқышы.

М.Жуманиязованың пикиринше, егер хизмет қысқа мүддетли болса пүтин система өзгешелигине ийе болмаса өз алдына мәлим бир системадағы базы қурамлық бөлимлерди ғана өзгертиўди ўазыйпа қылып қойған болса, ол ҳалда биз «новация» ҳаққында пикир жүргизип атырған боламыз. Егер хизмет мәлим бир концептуал жантасыў тийкаринда әмелге асырылып атырған болса оның нәтийжеси сол системаның раўажланыўына яки оның принципиал өзгериўине алып келсе биз буны «инновация» деп атаймыз.

Хизмет өзгешелиги тәрепинен новация көлеми ҳәм ўақты бойынша шегараланған, инновация болса бир пүтин ҳәм даўамлы болади. Новация нәтийжесинде әмелдеги системада айрықша элементлер өзгертиледи, инновация нәтийжесинде болса әмелият субъектлериниң позициялары толиқ жаңаланади, системадағи байланислар ҳәм система реформаланади. Инноватикаға тийисли бир қатар изертлеўлерди анализ етиў тийкаринда төмендеги шешемге келиў мүмкин: «Инновация түсиниги мазмунина көре «жаңа», «жаңалиқ» түсиниклериниң тап өзи емес. Қәлеген жаңалиқ әмелий хизметте өзиниң кең көлемдеги нәтийжесин берсе ҳәм кең көлемли мүтәжлик об`ектине айланса ғана, түп мәнидеги инновация деп атаў мүмкин болади».

Инновациялар кең түрдеги көриниске ийе болип, олардиң улиўмалиқ тәрептен қабил қилинған аниқ типологияси яки классификацияси жоқ. Инновацияларди топарластириўға тийисли жигирмадан артиқ классификация бар. Мәселен; узақ мүддетли инновациялар ҳәм қисқа мүддетли инновациялар, радикал ҳәм реформаторли, авторитар ҳәм либерал, инациатив ҳәм админстративлик ҳәм басқалар. Инновациялық технология, экономика, саўда сатық, социал система менен байланыслықта ҳәр қыйлы көринислерде көринеди.

Педагогикалық инновациялар дегенде педагогикалық жаңалықларды үйрениў, өзлестириў, оларди баҳалаў, пайдаланыў ҳәм әмелиятқа кең ен жайдырыў түсиниледи.

Әмелиятшиларди көбирек жаңаланыўлардың анық нәтийжелери тәшўишке салса алымларды керисинше хизметке тийисли болған билимлер, билимлер системаси қызықтырады.

Педагогика илимлер доктори, пофессор С.Турғуновтың пикиринше, педагогикалиқ процесслерди шөлкемлестириў ҳәм

басқарыўда инновацион тәжирийбелерге қарай жаңалықлар модернизация, унификация, хизметин жетилистириў, формасин өзгертиў, раўажланыў менен байланыслы болған модификацион инновациялар, алдыннан белгили болған методлардың элементлерин жаңа системаға биригиўин нәзерде тутиўши бириккен инновациялар, уқсасликқа ҳәм улыўмалыққа ийе болмаған радикал инновациялар инновацион процесслердиң тийкары сыпатинда белгилениўи мүмкин. Инновациялардың қәсийетлерине қарай оларди ҳәр түрли тийкарлар менен ҳәр түрли классификациялаў мүмкин, яғный бүгинги күнде жаңалық киритиўдиң тамамланған классификациясы жоқ. Сол менен биргеликте бизиң изертлеўлеримиз шегарасында анықланған мағлыўматларға көре, педагогикалық процесслерди шөлкемлестириўде ҳәм өнимдарлиғин тәмийнлеўде ең дәслеп, жаңалықларды педагогикалиқ процесслердиң қайсы буўынына тийисли екенлигин инабатқа алыў мақсетке муўапық есапланады.

М.В Кларин тәлимге инновацион жантасыўдың еки түрин ажыратып көрсетеди.1) оқыў процессиниң дәстүрий репродуктив бағдары шегарасында кепилленген нәтийжелерин қолға киритиўге бағдарланған модернизацияланған инновациялар. 2) дәстүрий оқыў процессии қайта шөлкемлестириўге бағдарланған трансформацияланған инновациялар. Алым биринши жантасыўды технологиялық, екиншисин изертлеўлерге тийисли жантасыў деп атайды. В.И Беляев тәлим бағдарындағы инновацияларды олардың жүзеге келиўине қарай еки топарға бөледи:

1) инновацион процесстиң барлық шәрт-шәраятлар системасы, қурал ҳәм жолларын толық аңламаған ҳалда жүзеге келиўши инновациялар. Бундай түрдеги инновациялар эмперик инновациялар деп аталады. Педагогикалық инновацияға өзиниң дәстүрий емес тәжирийбе арқалы барады, шөлкемлескен бөлимге ийе, стихияли тәризде әмелге асады.

2) санали ҳәм мақсетке бағдарланған хизмети нәтийжесинде жүзеге келиўши инновациялар.

Бундай түрдеги инновацияларды илимий шөлкемлестирилген инновациялар деп атаў мүмкин. Уси инновация биринши түрдеги инновациядан өзиниң теориялиқ тийкарланғанлығы, нәтийжелердиң

анық әҳмийетке ийе екенлиги ҳәм кең ен жайылғанлиғи менен жоқары турады.

О.Р Хомерики оқыў-тәрбия процессиниң анаў яки мынаў қурам бөлеги менен байланыслықта инновацияларди төмендеги түрлерге ажыратып көрсетеди:

1) тәлим мазмунына тийисли инновациялар;

2) оқиў-тәрбия процессии методлары, методикаси ҳәм технологиясина тийисли инновациялар;

3) оқыў-тәрбия процессин шөлкемлестириўге тийисли инновациялар;

4) тәлим системасина тийисли инновациялар;

М.М Поташник ҳәм В.С Лазеревлар тәлимде қолланылыў көлемине қарай инновацияларди төмендеги түрлерине ажыратип көрсетеди;

1) локал, айрықша, өз-ара байланыспаған жеке инновациялар,

2) өз-ара байланысқан, жеке инновациялар бирлигин түсиндириўши модулли инновациялар.

3) пүтин тәлим мекемеларин жәмлестириўши инновациялар, технологиялари.

Тәлим процессиниң қурам бөлеклерине мүнәсибетлериниң төмендеги топарларға бөлиў мүмкин.

1. Тәлим мақсети ҳәм ўазыйпалары менен байланыслы педагогикалиқ инновациялар. Мәселен, идентив оқыў мақсетлерин оқыў ўазыйпаларина айландарыў.

2. Тәлим ҳәм тәрбия мазмуны менен байланыслы инновациялар. Мәселен, тәлим мазмунын интеграциялаў ҳәм дифференцияластириў, информацияландырыў ҳәм прогнозластырыў.

3. Тәлимниң форма, метод, қурал ҳәм технологиялар менен инновациялар. Мәселен дәстүрий емес формалары, интерактив методлар, мултимедиа қураллары, тәлимниң нәтийжели технологиялари (модулли тәлим технологиялари).

4. Тәлим алғанлығын диагноз қылыў менен байланыслы инновациялар. Мәселен оқыў портфолиолары,

Педагогикалиқ қолланыў тараўына көре педагогикалық инновациялар төмендеги түрлерге бөлинеди.

1. Оқыў процесиндеги қолланылатуғын педагогикалық инновациялар.

Мәселен тәлимниң ахборот технологиялары

2. Оқыў курсинда қолланылатуғын педагогикалық инновациялар. Мәселен электрон карта

3. Тәлим тараўында қолланылатуғин педагогикалиқ инновациялар. Мәселен, тәлимди демократияластырыў,

4. Тәлимди басқарыў тараўындағы қолланылытуғын инновациялар. Мәселен, тәлимниң мәмлекет басқарыўынан мәмлекет-жәмәәтшилик басқарыўына өтиўи.

Сыртқы қәсийетлерине қарай инновациялардың түрлери; мақсетлер таксономиясы, тәлим мазмуни, дидактик концепциялар, оқыўшылар ҳәм оқытыўшылардың биргеликтеги хызмети, тәлим методлары, методика ҳәм технология, тәлимди шөлкемлестириў формалары, тәлим алғанлығын диагнозлаў, тәлим нәтийжелери, улыўма алғанда, ҳәзирги күнде педагогикалық инновациялар ҳәр қыйлы көринисте пайда болмақта. Педагогикалық инновациялардың ҳәр қыйлы түрлеринен кең пайдаланыў тәлим сыпатын асырыўға хизмет қылади.

Жуўмақлап айтқандай, философия пәни оқытыўшысы тек ғана билим бериўши болып қалмастан ол дөретиўшиде. Ол сабақты өтпейди, ал жаратады. Соның ушын оқытыўшы үзиликсиз түрде өз кәсиплик таярлығын арттырып барыўы, педагогикалық турмыс талапларынан артта қалмаўы, излениўи, дөретиўи, заманагөй дүнялық инновацион технологиялардан хабардар болыўы лазым.

Тәлим процесинде салмақлы орын ийелеген машқалалы сабақ, машқалалы (илимий машқалалы ҳәм еркин пикирлеў) сабақлары мәселели тәлим технологиясына тийкарланады.

Усы сабақлардың өзине тән тәрепи сабақ даўаминда жүзеге келтирилген машқалалы жағдайларға тийкарланады.

Машқалалы тәлим деп, оқытыўшы тәрепинен педагогикалық тәсир көрсетиўдиң ең мақул варианты жәрдеминде пикир жүритиў нызамлықларына таянған ҳалда, талабалардың билимлерди өзлестириў процесинде пикирлеў қәбилетин раўажландырыў ҳәм билиў мүтәжлигин қандырыў мақсетине қаратылған, шахсти улыўма ҳәм арнаўлы раўажланыўға имкан жарататуғин процеске айтилады.

Машқалалы тәлим технологиялары талабалардың билимлерди өзлестириў дәрежесин арттырыў, көнликпелерин қәниге дәрежесине жеткериў мақсетинде қолланылып, онда талаба оқыў материалин

анализ қылади, салыстирады, синтезлейди, мағлыўматларды улыўмаластырып, таза хабар алады. Басқаша айтқанда, алдин өзлестирген билим ҳәм көнликпеларин жаңа жағдайларда қоллап, билимлерди тереңластиреди, кеңейттиреди.

Билимлерди бундай өзлестириў усулын ҳеш бир сабақлық ҳәм устаз үйрете алмайди, тек ғана талабалар машқалалы жағдайларды шешиў процесинде изленеди ҳәм машқалалар шешимин табады.

Талабаларды доретиўшилик ҳәм логикалиқ пикир жүритиўге үйретиў, ақлый искерлик усылларды ийелеўге, оларда илимий, қарсы пикир анализи, логикалиқ пикир жүритиў көнликпелерин формаландырыў ҳәм раўажландырыўға алып келеди.

Машқалалы методлар машқалалы жағдайларды жүзеге келтирип, талабалардың машқалалы шешиўи, қурамамлы сораўларға жуўап табыў процесинде жеке объект, ҳәдийсе ҳәм нызамларды салыстырыў көнликпелери ҳәм билимлерди активлестириўге тийкарланған актив билиў искерлигин жүзлестиреди.

Машқалалы тәлим технологиялары талабалардың билимлерди өзлестириў дәрежесин арттырыў, көнликпелерин қәниге дәрежесине жеткериў мақсетинде қолланылып, онда талаба оқыў материалды анализ қылады, салыстырады, синтезлейди, мағлыўматларды улыўмаластырып, таза хабар алады. Басқаша айтқанда, алдин өзлестирген билим ҳәм көнликпелерин жаңа жағдайларда қоллап, билимлерди тереңлестиреди, кеңейттиреди.

Билимлерди бундай өзлестириў усылын ҳеш бир сабақлық ҳәм устаз үйрете алмайды, тек ғана талабалар машқалалы жағдайларды шешиў процесинде изленеди ҳәм машқалалар шешимин табады.

Талабалардың билиў искерлигин бул тәризде пайда етилиўи оларда дөретиўшилик искерлигиниң пайда болыўына имкан жаратады.

Кейинги бапта биз «Әлемниң универсал байланыслары ҳәм раўажланыўы. Философияның нызам категориялары” темасында өткерилген машқалали сабақтың барысын көрсетип беремиз.

## 4.3. «Философия (Этика, эстетика, логика)» пәнинен "Әлемниң универсал байланыслары ҳәм раўажланыўы. Философияның нызам категориялары" темасында електрон оқыў модули исленбеси

### Тәлим технологиясы

*Тема:* "Әлемниң универсал байланыслары ҳәм раўажланыўы. Философияның нызам категориялары"

<table>
<tr><td colspan="2">Оқытыў ўақты: 2 саат</td></tr>
<tr><td>Оқытыў сабағының структурасы/ Лекцияның жобасы</td><td>1.Философия тарийхында раўажланыў ҳаққындағы көз-караслар эваолюцияси.<br>2.Раўажланыў концепциялары. Қатнас, байланыслық, байлансыў өз-ара тәсир түсиниклери.<br>3. Турақлылықтың өзгериўшеңлиги, турақлылық ҳәм турақсызлық, раўажланыў типлери.<br>4. Нызам түсиниги, нызамлардың түрлери, базис ҳәм локал нызамлар. Философияның тийкарғы нызамлары, қарама-қарсылық бирлиги ҳәм гүрес нызамы. Сан өзгерислериниң тийкарғы сапа өтиў нызамы.Бийкарлаўды бийкарлаў нызамы.<br>5. Категория түсиниги ҳәм олардың түрлери. Диалектиканың тийкарғы категориясы.</td></tr>
<tr><td colspan="2">Оқыў сабағының мақсети: Студентлерге раўажланыў концепциялары, қәлиплесиў, өзгерис ҳәм раўажланыў түсиниклери, турақлылық ҳәм турақсызлық, раўажланыў типлери, қарама-қарсылықлардың бирлиги ҳәм гүрес нызамы ҳаққындағы дәслепки билимлерди қалиплестириў.</td></tr>
<tr><td>Педагогикалық ўазыйпалары:<br>1.Философия тарийхында раўажланыў ҳаққындағы көз-караслар евалюциясын ашып көрсетеди<br>2. Раўажланыў концепциялары, қәлиплесиў, өзгерис ҳәм раўажланыў түсиниклери ҳаққында түсиниклер береди</td><td>Оқытыў ҳәрекетиниң нәтийжеси:<br>1.Философия тарийхында раўажланыў ҳаққындағы көз-караслар евалюциясын билим алады<br>2. Раўажланыў концепциялары, қәлиплесиў, өзгерис ҳәм раўажланыў түсиниклери ҳаққында түсиниклерге ийе болады<br>3.Турақлылықтың өзгериўшеңлиги</td></tr>
</table>

| | |
|---|---|
| *3.Турақлылықтың өзгериўшеңлиги ҳаққында айтып береди*<br>*4. Нызам, оның түрлери, базис ҳәм локал нызамлар, қарама-қарсылықлардың бирлиги ҳәм гүрес нызамлары менен таныстарады.*<br>*5. Категория түсиниги ҳәм олардың түрлери. Диалектиканың тийкарғы категориясы менен таныстырады* | *ҳаққында билип алады*<br>*4. Нызам, оның түрлери, базис ҳәм локал нызамлар, қарама-қарсылықлардың бирлиги ҳәм гүрес нызамларын билим алады*<br>*5. Категория түсиниги ҳәм олардың түрлери. Диалектиканың тийкарғы категориясы.* |
| *Оқытыў усыллары* | *лекция, визуализация, Б.Б.Б. таблицасы* |
| *Оқытыў жумысын шөлкемлестириў формалары* | Фронтал, индивидуал |
| *Оқытыў қураллары* | Лекция текстлери, визуал материаллар, |
| *Оқытыў шараятлары* | Видео проектор менен тәмийнленген аудитория |
| *Мониторинг ҳәм баҳалаў* | Тез түрде сораў(блиц-опрос), Б.Б.Б. таблицасы |

**Лекция сабағының технологиялық картасы**

| Жумыс басқышлары, ўақыт | Искерликтиң мазмуны | |
|---|---|---|
| | Оқытыўшының | Студенттиң |
| Биринши басқыш. Кирисиў бөлими. (15 минут) | 1.1.Пәнниң атамасы, аудиториялық саатлар, өз-бетиншеге ажыратылған сааатлар саны ҳәм баҳалаў критерийлери менен таныстырыў (Қосымша № 1)<br>1.2.Теманың атамасы, жобасы ҳәм әдебиятлар дизими менен таныстырыў | Тыңлайды, пәнниң атамасы саатлар санын жазып алады.<br>Теманың атамасы, жобасы ҳәм айрым әдебиятлар атамаларын жазып алады сораўлар береди. |

| | | |
|---|---|---|
| | (Қосымша № 2.) . 1.3. Лекция темасы бойынша тарқатпа материаллар бериледи (Қосымша № 3) | Тарқатпа материаллар менен танысады |
| Екинши басқыш. Тийкарғы бөлим. (55 минут) | 2.1.Жобада белгиленген мәселелерди избе-из слайдлар жардеминде түсиндириледи. (Қосымша № 4,). 2.2.Жобадағы ҳәр-бир мәселеден кейин сораў-жуўап өткереди. (Қосымша № 5) | Тыңлап, әҳмийетли түсиник ҳәм анықламаларды конспектлеп барады, сораўлар береди. |
| Үшинши басқыш. Жуўмақлаўшы бөлим. (10 минут) | 3.1. Теманы жуўмақлайды, ең тийкарғы түсиник ҳәм проблемаларға дыққатты қаратады. 3.2. Б.Б.Б. таблицасы менен таныстырып, студентлер толтырады.(Қосымша №6). 3.3.Сабаққа жуўмақ жасайды | Сораўлар береди. Б.Б.Б. таблицасын толтырады. |

Қосымшалар

Қосымша № 1

**«Filosofiya» pa`ni boyınsha reyting qadag`alawın o`tkiziw formaları, ballardın` bo`listiriliwi**

Pa`n boyınsha: ulıwma-84 saat

Lektsiya –26 saat

A`meliy-28 saat

O`z betinshe jumıs- 30 saat

Pa`nnin` ulıwma balı:-100 ball

Қосымша №2

### Ádebiyatlar dizimi


- 1. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. Т.: Ўзбекистон, 2016. -53 б.
- 2. Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан қурамиз. Т.: Ўзбекистон, 2017 -484 б.
- 3. Мирзиёев Ш.М. Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш-юрт тараққиёти ва халқ фаровонлигининг гарови. Т.: 2017. -28 б.
- 4. Каримов И.А. Асарлар тўплами. 1-24 жилдлар.- Т.: Ўзбекистон, 1996-2016.
- 5. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. 2-нашр –Т.: Маънавият, 2016, -176 б.
- Основы философии. Учебник. Издание 2-е, переработанное, дополн. /Под ред.М.А.Ахмедовой, В.С.Хана. – Т.: Меҳнат. 2004.
- Бозаров Д. Синергетик парадигма. -Т.: Тафаккур, 2010. -160б.
- Мадаева Ш. Миллий менталитет ва демократик тафаккур. –Т.: Фалсафа ва ҳуқуқ, 2007.
- Т.Е.Дудар История филосфии. Учебно-методическое пособие (Кейса) Сиктивар 2016, 11-20 стр
- Бердимуратова А.К. Философия. Оқыў қолланба Н., 2010-155 бет
- Нодырова Э.Р. Диалектика категорий элемент и структура в процесс. Научного познания. Т., 1996, 9, 10, 11 бетлер


Қосымша № 3

## Тарқатпа материяллар

**Диалектологияның тийкарғы структуралық элементлери**

**Онтология-**

- ҳақыйқатлықтың раўажланыўы ҳәм улыўма нызамлары ҳаққында көз-қараслар

**Гносеология-**

- билиў процессиниң диалектикасы, онда ең улыўмалық нызамлардың көриниўи

**Логика-**

- диалектикалық логика, ең улыўмалық нызамлардың абстрактилик ойлаўда ҳәрекети

**Методология-**

- диалектиканың басқа тәреплеринен жуўмақлар ҳәм диалектиканың улыўмалық нызамлары илимий билиўде қалай қолланылатуғынлығы ҳаққында олардан алынатуғын қағыйдалар

Диалектиканың принциплери

Улыўма өзгерис ҳәм раўажланыў принципи

Улыўма байланыс пиринципи

# Диалектиканың нызамлары

**Қарама-қарасылықлардың бирлиги ҳәм гүреси нызамы**



**Сан ҳәм сапа өзгерислериниң өз-ара өтиў нызамы**



**Бийкарлаўды бийкарлаў нызамы**



## Диалектиканың категориялары

- Себеп — нәтийже
- Форма — мазмун
- Зәрүрлик — тосынанлық
- Мүмкиншилик — ҳақыйқатлық
- Тийкар — қубылыс
- Жеккелик — өзгешелик — улыўмалық

**Диаеклтиканың тийкарғы нызамлары**

**Раўажланыў**

| Раўажланыўдың дереги не? | Раўажланыўдың механизми қандай? | Раўажланыўдың бағдары қандай ? |
|---|---|---|
| ? | ? | ? |
| Қарама-карасылықлардың бирлиги хәм гүреси нызамы | Сан хәм сапа өзгерислериниң өз-ара өтиў нызамы | Бийкарлаўды бийкарлаў нызамы |

## Dialektika

- Dialektika grek so`zinen alıng`an – dialegoomai gu`rrin`lesiw alıp barıp atırman, dodalap atırman - ta`biyat, ja`miyet ha`m oy raajlanıwının` en` ulıwma nızamları haqqındag`ı pa`n, waqıya ha`diyselerdin` olardın` rawajlanıwında, ishki qarsılıqlar na`tiyjesinde payda bolatug`ın o`z ha`reketinde biliw teoriyası ha`m metodı.
- Dialektika qadimde gu`rrin`lesiw pikirlesiwler, baxslasıw haqıyqattı ashıw jolı ha`m u`stem tiykarında analiz etilgen. Dialektika haqqındag`ı filosofiyalıq bilimler rawajlanıp barıwı menen anıq mazmunı bolıp baradı.

- Dialektika haqqında antik da`wir filosofları Sokrat birinshi bolıp qollang`an, ol dialektikanı mayevtika (ha`rip jaratıw o`neri) menen salıstırg`an. Geraklit ulıwma o`zgeriwshen`liktin` universallıg`ı, Sekonnın` operatsiyaları, Eley mektebi wa`killerinin` ha`reket ha`m barlıq formaları. Demokrittin` atomlar bar ekenligi ha`reketi, Aristotel`din` o`zgeriwshen`lik mashqalasının` rawajlanıw faktorı, qarsılıqlar, biykarlaw, miyraslıq, biliw qa`siyetleri, mazmun ha`m forma, metodları haqqındag`ı ko`z-qarasları antik dialektikag`a ta`n.


Sokrat


Geraklit


*Сократтын шакиртлери*


Ксенофант


Аристотел


Платон

**Baylanıs kategoriyası**

materiallıq du`n`yanın` barlıg`ı ha`m ondag`ı qatnaslardın` tek bir ta`repten sa`wlelendiredi. Ayırım alıng`an waqıya qubılıs, baylanıs predmet ha`m protsessler, olarg`a ta`n belgiler menen, oyın paytda kategoriyanın` konkret ko`rinisleri, predmet waqıya ha`m protsesslerdi uqsas, ayrıqsha ta`replerin bildiriwshi ulıwma belgileri bar.

**Ulıwmalıq kategoriyası**

na`rse qubılıs, protsesslerge ta`n tiykarg`ı, ba`rqulla ta`kirarlanatug`ın belgiler ha`m qa`siyetler jıyındısın bildiredi. Bul kategoriya na`rselerdin` kelip shıg`ıw ta`repinen ulıwma ekenligin, olar rawajlanıw ulıwma shınjırdın` u`zliksiz baylanıslı ekenligi, bir qıylı nızamlılarg`a boysınıwı mu`mkinligin an`latadı.

Filosofiyalıq kategoriyalar, ta`rip beriw, pikir aytıw – ob`ektiv reallıqtag`ı qubılıslardın` tiykarg`ı qa`siyetlerin nızamlıqların sa`wlelendiriwshi da`wirdin` ilimiy-teoriyalıq oydın` xarakterin belgilep beretug`ın ulıwma tu`sinikler:

kategoriya, ha`reket, sana, sıpat, mug`dar, sebep, na`tiyje

## Sistema

- (grek so`zi - bo`limlerden payda bolg`an, qosılg`an) anıq bir pu`tinlik sıpatında payda bolg`an ob`ekti sa`wlelendiriwshi filosofiyalıq kategoriya ko`binshe sistema en` ulıwma ta`rizde elementler ortasındag`ı o`z-ara baylanıslı birligi sıpatında ta`riypleydi. Sistema tu`sinigi o`z ma`nisine ko`re to'mendegi tu`sinikler menen baylanıslı.

«baylanıs» → «element» → «pu`tin» → «birlik» → «struktura»




Қосымша № 5

Теманы беккемлеў ушын сораўлар

1. Диалектика дегенимиз не?
2. Диалектиканың оның қандай альтернативалары бар?
3. Метафизика дегенимиз не?
4. Догматизм дегенимиз не?
5. Нызам - түсиниги нени аңлатады?
6. Диалектиканың қандай нызамлары бар?
7. Категория түсиниги нени аңлатады?
8. Философияның қандай категориялары бар?
9. Философияда элемент структура, система түсинигиниң мәниси қандай ?

Қосымша № 6

**Талабалардың теориялық билимлерди өзлестиргенлик дәрежесин анықлаў мақаетинде БББ усылынан пайдаланамыз**

**БББ кестеси** Билемен, Билиўди қәлеймен, Билдим

- текст (тема, бөлим) бойынша изертлеў жумысларын алып барыў имканын береди

- системалы пикирлеў, структураға ажыратып көникпелерди береди.

БББ кестесин дүзиў қағыйдалары менен танысылады. Жеке тәртипте (жуплыкта) кесте рәсмийлестириледи. Төмендеги сораўға

жуўап бериледи: “Усы тема бойынша  сиз нени  билесиз?” ҳәм “Нени билиўди  қәлейсиз?” (ендиги  жумыс  ушын  болжаў тийкар жаратылады)

Өз бетинше (жуплықта) кестениң 1 – 2 – бағанасы  толтырылады.

Өз бетинше  лекция темасын оқыйды (лекцияны еситеди).

Кестениң 3 – бағанасын өз бетинше (жуплықта) толтырады.

| **Тийкарғы түсиниклер** | **Билетуғын едим** | **Билип алдым** | **Билгим келеди** |
|---|---|---|---|
| *Философия тарийхында раўажланыў ҳаққындағы көз-қараслар евалюцияси.* | | | |
| *Турақлылық ҳәм турақсызлық, раўажланыў типлери.* | | | |
| *Ашық системалардың еволюцияси.* | | | |
| *Қарама-қарсылықлардың бирлиги ҳәм гүрес нызамы.* | | | |
| *Бийкарлаўды-бийкарлаў нызамы ҳәм мийраслық.* | | | |
| *Категория түсиниги ҳәм олардың түрлери.* | | | |

**2.4. Семинар оқыў сабағында оқытыў технологиясын жобаластырыў.**

**Теманы ҳәм оқыў сабағының даўамлылығын анықлайды.**

Семинар темасы ҳәм оқыў сабағының даўамлылығы тематикалық жоба ҳәм пәнниң исши дәстүри менен анықланады.

**1.Семинар жобасын ислеп шығады.**

Семинар жобасы толық болыўы керек. Семинарда додалаў ушын сораўлар ямаса оқыў жобасының структурасы деп рәсмийлестиреди, егер семинарда кейс шешилсе оқыў проектлери презентациясы өткериледи.

**2. Семинар мазмунын анықлайды.**

Семинар мазмуны төмендеги критерияларға жуўап бериўи керек.

Додалаўға дискуссиялық сораўлар шығарылады;

Теория ҳәм практиканың бир пүтинлиги ашылады;

Додаланып атырған материаллар олардың қәнигеликлери менен байланыстырылады;

Сабақлықта жоқ ямаса қысқа берилген материал алып қаралады;

**3.Оқыў сабағының структурасы ислеп шығылады**

**4. Оқыў моделин таңлайды**

қойылған мақсетлерге жетиўди тәмийинлейтуғын тек ғана усы берилген сабақ ушын ең оптимал, жақсы методлар, формалары ҳәм қураллары таңлап алынады.

**6.Кери байланыс усыллары ҳәм қуралларын анықлайды:** бақлаў, блиц-сораўлар, аралық, күнделик ҳәм жуўмақлаўшы қадағалаў нәтийжелериниң анализи тийкарында оқытыў диагностикасы.

**7. Технология моделин жойбарлаў нәтийжелерин таблица түринде рәсмийлестиреди.**

**_№1 Тема:_ : "Әлемниң универсал байланыслары ҳәм раўажланыўы. Философияның нызам категориялары"**

**Семинар сабағының технологиялық модели**

Студентлердиң қәбилет дәрежеси: I-дәреже(оқыўшылық)

| **Оқытыў ўақты: 2 саат** | |
|---|---|
| Оқытыў сабағының структурасы/ Семинардың жобасы | *1.Философия тарийхында раўажланыў ҳаққындағы көз-қараслар евалюцияси.*<br>*2. Раўажланыў концепциялары. Қәлиплесиў, өзгерис ҳәм раўажланыў түсиниклери.*<br>*3.Турақлылықтың өзгериўшеңлиги. Турақлылық ҳәм турақсызлық, раўажланыў типлери.*<br>*4. Ашық системалардың еволюцияси. Нызам түсиниги. Нызамлардың түрлери. Базис ҳәм локал нызамлар.*<br>*5. Қарама-қарсылықлардың бирлиги ҳәм гүрес нызамы. Муғдар ҳәм сыпат өзегерислер диалектикасы.*<br>*6. Бийкарлаўды-бийкарлаў нызамы ҳәм мийраслық.*<br>*7. К атегория түсиниги ҳәм олардың түрлери. .* |
| *Оқыў сабағының мақсети: Студентлерге раўажланыў концепциялары, қәлиплесиў, өзгерис ҳәм раўажланыў түсиниклери, турақлылық ҳәм турақсызлық, раўажланыў типлери, қарама-қарсылықлардың бирлиги ҳәм* | |

| | |
|---|---|
| *гүрес нызамы, Илим ҳәм философия категорияларының классификациясы ҳаққындағы түсиниклерин беккемлеў* | |
| *Педагогикалық ўазыйпалары:*<br>*1.Философия тарийхында раўажланыў ҳаққындағы көз-қараслар евалюциясын ашып көрсетеди*<br>*2. Раўажланыў концепциялары, қәлиплесиў, өзгерис ҳәм раўажланыў түсиниклери ҳаққында түсиниклер береди*<br>*3.Турақлылықтың өзгериўшеңлиги ҳаққында айтып береди*<br>*4. Нызам, оның түрлери, базис ҳәм локал нызамлар, қарама-қарсылықлардың бирлиги ҳәм гүрес нызамлары менен таныстарады.*<br>*6. Бийкарлаўды-бийкарлаў нызамы ҳәм мийраслық, категория түсиниги ҳәм олардың түрлери менен таныстырады*<br>*7. Илим ҳәм философия категория-ларының классификациясын айтып береди .* | *Оқытыў ҳәрекетиниң нәтийжеси:*<br>*1.Философия тарийхында раўажланыў ҳаққындағы көз-қараслар евалюциясын билим алады*<br>*2. Раўажланыў концепциялары, қәлиплесиў, өзгерис ҳәм раўажланыў түсиниклери ҳаққында түсиниклерге ийе болады*<br>*3.Турақлылықтың өзгериўшеңлиги ҳаққында билип алады*<br>*4. Нызам, оның түрлери, базис ҳәм локал нызамлар, қарама-қарсылықлардың бирлиги ҳәм гүрес нызамларын билим алады*<br>*6. Бийкарлаўды-бийкарлаў нызамы ҳәм мийраслық, категория түсиниги ҳәм олардың түрлери ажырата алады*<br>*7. Илим ҳәм философия категория-ларының классификациясын билип алады* |
| *Оқытыў усыллары* | Дискуссия усылы, мәселелер шешиў усылы |
| *Оқытыў жумысын шөлкемлестириў формалары* | Топарларға бөлинип |
| *Оқытыў құраллары* | Тарқатпа материаллар |
| *Оқытыў шараятлары* | Топарларға бөлип ислесиўге қолайластырылған аудитория |
| *Мониторинг ҳәм баҳалаў* | аўыз-еки сораўлар, аўыз-еки бақлаў, |

| | |
|---|---|
| | сораў-жуўап. |

**Семинар сабақтың технологиялық картасы**

| *Жумыс барысының ўақты* | *Жумыстың мазмуны* | |
|---|---|---|
| | оқытыўшы | Студент |
| I-басқыш. Темаға кирисиў. (10 мин.) | 1.1. Семинар сабақтың баҳалаў критериялары, жобасы, мақсети ҳәм әдебиятлары менен таныстырады. (Қосымша №1) Сабақ барысындағы билимлерди беккемлеўге қаратылған семинар сабақ формасында өтилиўи түсиндириледи. Лекцияда берилген тарқатпа материаллар бериледи.<br>1.2. Тема бойынша лекциядан өтилгенлерди еске түсириледи. Презентациялар проектр арқалы тамашаланады<br>1.3. Лекцияда өтилген теманы еске түсирип алғаннан соң студентлерди жанландырып алыў ушын Блиц сораўлары бериледи. (қосымша №2)<br>1.4.«Кластер» техникасынан пайдаланыў арқалы студентлерге, «Диалектика» кластерин толтырыўды усынады.(Қосымша №3).<br>1.5. Студентлердиң пикирлерин улыўмаластырып, оларды 3 топарға бөледи.(қосымша №4) | Тыңлайды. Жазып алады. тарқатпа материаллар менен танысады.<br>Сораўларға жуўап береди. Кластерди толтырады. |

| | | |
|---|---|---|
| II-басқыш. Тийкарғы Топарлық жумыс (30 мин.) | 2.1. Топарларға темаға байланыслы алдыннан таярланған мәселелерди тарқатады..<br>*2.2.Студентлердиң жуўапларын еситеди*<br>*2.3.Анықлықлар киритип бағдарлап отырады.*<br>2.3.Студентлердиң сабақтағы активлилигин баҳалаў көрсеткишлери ҳәм критериялары менен таныстырады | Өз пикирлерин билдиреди. Түсиниклерди пайдаланады.Топарларға бөлинеди. Мәселелерди үйренеди, жууўапларын айтады. Жууўапларды анализлеўге қатнасып отырады. |
| III-басқыш Индивидуал Жумыс 30 минут | 3.1. Тема бойынша берилген Венн диаграммасын толтырыў. (Қосымша №5)<br>3.2. Синквеин дүзиў ушин ҳәр бир топарға тапсирма бериледи (Қосымша 6)<br>3.3. Жууўапларды додалаўды шөлкемлестиреди | 3.1. Оқыйды Қағазға өз бетинше жазба түрде жууўапларын жазады<br>3.2. Анализлейди |
| IV-басқыш. Жууўмақлаўшы (10 мин.) | 3.1. Жумыс жууўмақларын шығарады. Актив студентлерди баҳалаў критериясы арқалы хошаметлейди | Тыңлайды. Алған балларын жазып алады. |
| | 3.2.Студенлердиң билимлерин беккемлеў мақсетинде үйге тапсырма категориялы кестени толытырў тапсырмасын бериледи. (Қосымша №7). Келеси сабақтын темасын береди | Тестти көширип алады. |

**Қосымша №1**

Баҳалаў критериялары

***Бул семинар сабағына рейтинг қадағалаў бойынша 2балл ажратылған***

| № | Дискуссияда қатнасы 1балл | | Шынығыў шешиўде қатнасы 1балл | |
|---|---|---|---|---|
| | Жуўаплары теориялық тийкарланған лығы 0,7балл | Активлиги 0,3балл | Жуўаплары теориялық тийкарланған лығы 0,7балл | Активлиги 0,3балл |
| 1 | | | | |
| 2 | | | | |

Қосымша 2:

Блиц- сораўлар

1. Диалектиканың тийкарын салыўшы? (*Сократ*)
2. Диалектиканы шамалаў дәлилеўлерди анализлеўге қолланатуғын тараў деп есаплаған ойшыл? (*Аристотель*)
3. Бийкар етип болмайтуғын гүман етип болмайтуғын, гүманға орын қалдырмайтуғын өзгермес мазмунға ийе тәлиймат? (*Догматизм*)
4. Диалектикаға байланыслы пикирлерди систематастырған ким? (*Платон*)
5. Тийкарлардың арасындағы қатнасық бул… (*нызам*)
6. Пәс- бәлент, ақ-қара, күн –….. даўам еттириң (*түн*)
7. Диалектиканың жуп категорияларын айтың. (*Тийкар-қубылыс*)
8. Әййемги Грек философы Фалес материяның жалғыз елементин не деп билген? (*Суў*)
9. Затлардың белгилемеси бул …. (*Сан*)
10. Бийкарлаў атамасын философияға киргизген ойшыл ким еди (*Ф.Гегел*`)

**Қосымша №4**

«Диалектика структурасы» кластери бойынша ислеў




## «Кластер» методы

- «Кластер» методы ҳаққында мағлыўмат
- Берилген тема бойынша студентлерге еркин ҳәм ашық түрде пикирлеўге жәрдем бериўши педагогикалық стратегия. Ол ойлаў искерлигин стимулластырыў ушын қолланылады. Белгили тема бойынша түсиникке ийе болыў ушын, студентлердиң өзлериниң жеке билимлерине қатнасын көрсетиўши стратегия.
- Кластерди дүзиўге қойылатуғын талаплар :

- -берилген теманың мазмунына байланыслы түсиник ҳаққында ойымызға келген барлық мағлыўматты жазамыз (олардың сапасын есапқа алмаған ҳалда).
- -мағлыўматлар арасында илажы барынша көп байланысты көрсетиўге ҳәрекет етиў керек.

**Қосымша №5**

**Топарлар дүзиў, тема таңлаў  ҳәм талқылаў**
**(Биргеликте ислеў технологиясы)**

Талабалар топарларға бөлинеди, яғный, топарларға бөлинип ислеўлери керек. Дурыс жууаплары ушын  хошамет ҳәм  қәте жууаплары ушын болса жәриймa карточкаларын жыйнап барады.

Топарларға  диалектика раўажланыўның нызамлықлары мәселеси бойынша ҳаққында қысқаша айтып усы нызамлықлар ҳаққында ҳәр бир топарға өз алдына тапсырмалар бериледи.

**Топарларға тапсырмалар**




**Қосымша №6**

**Концептуал  кесте**

Үйренилип атырған ҳәдийсе, түсинше, көз қараў,  тема  ҳәм  сол кибилерди еки  ҳәм  соннан  артық  аспект бойынша  салыстырылыў имканын  береди. Системалы  пикирлеў, мағлыўматларды структураластырыў  ҳәм  системаластырыў  көнликпесин раўажландырады. Концептуал кесте  дúзиў  қағыйдалары  менен таныстырылады.  Салыстырылып  атырған  нәрсе  анықланады, салыстырыў әмәлге  асырылатуғын характеристикалар ажыратылады.

- Жеке  тәртипте ямаса киши –топарларда концептуал  кесте  қурылады ҳәм  ол  толтырылады;

- вертикал бойынша – салыстырыў талап етилетуғын нәрселер (көз қараслар, теориялар) жайластырылады
- горизонтал бойынша – салыстырыўды әмелге асырыўдағы ҳәр қыйлы характеристикалар жайластырылады.

**Концептуал кесте**

| Диалектиканың тийкарғы нызамлықлары | Изертлеўи | Нызамның структурасы | Нызамның ҳәрекет етиў механизми | Мысал |
|---|---|---|---|---|
| Бийкарлаўды бийкарлаў | Раўажланыўдың бағдары | Бийкарлаў, бийкарлаўды бийкарлаў | Спирал тәризде | Қыс, бәҳәр, ата-ана ҳәм бала |
| Қарама-қарсылықлардың бирлиги ҳәм гүрес | Раўажланыўдың дереги | Көзге көринбейтуғын, | Бирдейлик, айырмашалық | Қасқыр ҳәм қоян, антилопа ҳәм жолбарыс |
| Сан ҳәм сапа өзгерислериниң өз-ара өтиў нызам | Раўажланыўдың механизми | Сапа, сан, өлшем, секириў | Санлы өзгерислер, сапалы өзгерислер | Гүбелек раўажланыў цикли |

**Қосымша 7**

## КАТЕГОРИЯЛЫ КЕСТЕ

1.Категориялар бойынша мағлыўматларды бөлистириўдиң бирден-бир усылы жоқ.

2. Бир мини-топарда категорияларға тайпаларға ажыратыў басқа топарда ажыратылған категориялардан парқ қылыўы мүмкин.

3. Үйрениўшилерге алдынан таярлап қойылған категорияларды бериў мӥмкин емес: бул оларды ғәрезсиз таңлаўы болсын.

4. Категориялы кесте жаратыў жуўмақлаўшы сыпатында емес, бәлки просесс сыпатында әҳмийетли.

**Диалектиканың категориялары бойынша билимлерин беккемлеў мақсетинде төменеги таблицаны толтырыўға усынаман**

| | |
|---|---|
| **Жеккелик**<br>Предметтиң ямаса ҳәдийсениң өзине тән белгилери | **Улыўмалық**<br>Предметлерди ямаса ҳәдийселерди бириктириўши белгилери |
| **Мысал: Адам** | |
| Сыртқы келбети, қызығыўшылығы, мейиллиги, билими | Организмлердиң дүзилиси, дослар, оқыў орнын таңлаў |
| **Себеп**<br>Предметтиң ямаса ҳәдийсениң пайда болыўына тәсир ететуғын процесслер жыйнағы. | **Ақыбет**<br>Себеп нәтийжесинде жүзеге келеди |
| **Мысал: Адам** | |
| Еркектиң әйелге мухаббаты | Баланың дүньяға келиўи |
| **Мазмуны**<br>Бул объект, қубылыслар ҳәм ҳәдийселерди қурайтуғын элементлер менен процесслердиң жыйындысы | **Форма**.<br>Бул элементлер менен процесслердиң бир-бирине қатнасы |
| **Мысал: Адам** | |
| Адамның ишки органлары: жүрек, баўыр, өпке т.д. | Бул органлардың бири-бирине қатнаста жайласыўы |
| **Тийкар**.<br>Бул предметтиң ямаса ҳәдийсениң характерли белгилери | **Қубылыс**.<br>Бул предмет ямаса объекттиң сыртқы кӛриниси |
| **Мысал: Адам** | |
| Қәнигелиги, мәдений көнликпелери | Сыртқы көриниси, тазалығы, азадалығы ҳ.т.б. |
| **Зәрүрлик**.<br>Объекттиң ямаса қубылыстың ишки мәнисинен келип шығатуғын нәрсе | **Тосынанлық**<br>Предметтиң ямаса процесстиң сыртқы себеплери менен анықланатуғын нәрсе |
| **Мысал: Адам** | |

| | |
|---|---|
| Институтқа оқыўға барыў керек | Аўырып қалды, уйықлап қалды |
| **Мүмкиншилик.**<br>Болған, ҳәзир бар, көринген, реал өмир сүриўши нәрсе | **Ҳақыйқатлық.**<br>Еле жоқ, бирақ жасаўы, көриниўи мүмкин болған нәрсе |
| **Мысал: Адам** | |
| 9 классты питкергеннен соң сизде  оқыўды лицейде даўам еттирип, институтқа оқыўға түсиў имканияты бар еди | Сиз техникумға оқыўға түстиңиз |

## 4.3. Тема бойынша кейс-стади

| | **Философия пәни бойынша:**<br>“Әлемниң универсал байланыслары ҳәм раўажланыўы.Философияның нызам категориялары” **темасы бойынша кейс-стади.**<br>***Есназарова З., Нөкис мәмлектлик педагогикалық институты “Жәмийетлик пәнлер” кафедрасы*** |
|---|---|

## I. ПЕДАГОГИКАЛИҚ АННОТАТЦИЯ

**Оқыў предмети:*Философия***

**Тема:** “Әлемниң универсал байланыслары ҳәм раўажланыўы.Философияның нызам категориялары”

**Кейс-стадидиң тийкарғы мақсети:** Әлемниң универсал байланыслары ҳәм раўажланыўы, философияның нызам категориялары бойынша өзлестирген билимлерин беккемлеў.

**Оқыў искерлигинен күтилетуғын нәтийжелер:**

1. **Жәмийетте пайда болатуғын муғдар ҳәм сыпат өзгерислериниң өзине тән қәсийетлерин үйренеди**
2. **Философияның нызам категориялары менен танысып алады**
3. **Бийкарлаўды бийкарлаў нызамын талқылайды**
4. **Мысаллар келтириледи, анализленеди**

**Усы кейс-стадиди жақсы әмелге асырыў ушын алдыннан талабалар төмендеги билим ҳәм көнликпелерге ийе болыўлары зәрүр:**

*Талаба билиўи керек:* Бул тема менен толық таныс болыўы, қосымша мағлыўматлар топлаған болыўы, Өзбекистан Республикасын буннан былай да раўажландырыў бойынша Ҳәрекетлер стратегиясын үйренип шыққан болыўы тийис.

*Талаба әмелге асырыўы керек:* теманы ғәрезсиз үйренеди, машқаланың әҳмийетин анықластырады, идеяларды алға сүреди, критикалық көз-қарастан көрип шығып, ғәрезсиз қарар қабыл етиўди үйренеди; өз көз-қарасына ийе болып, логикалық жуўмақ шығарады; оқыў мағлыўматлар менен ғәрезсиз ислейди, мағлыўматларды салыстырады, анализлейди ҳәм улыўмаластырады;

*Талаба ийе болыў керек:*коммуникатив көнликпелерге; көрсетип бериў көнликпелерине, бирге ислесиў көнликпелерине, машқалалы жағдайлар анализ қылыў көнликпелерине.

**Информация алыў дереклери дизими:**

Теориялық-методологиялық

1. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. Т.: Ўзбекистон, 2016. -53 б.

2. Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан қурамиз. Т.: Ўзбекистон, 2017 -484 б.

3. Мирзиёев Ш.М. Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш-юрт тараққиёти ва халқ фаровонлигининг гарови. Т.: 2017. -28 б.

4. Каримов И.А. Асарлар тўплами. 1-24 жилдлар.- Т.: Ўзбекистон, 1996-2016.

5. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. 2-нашр –Т.: Маънавият, 2016, -176 б.

Тийкарғы ҳәм қосымша әдебиятлар

1. Основы философии. Учебник. Издание 2-е, переработанное, дополн. /Под ред.М.А.Ахмедовой, В.С.Хана. – Т.: Меҳнат. 2004.
2. Бозаров Д. Синергетик парадигма. -Т.: Тафаккур, 2010. -160б.
3. Мадаева Ш. Миллий менталитет ва демократик тафаккур. –Т.: Фалсафа ва ҳуқуқ, 2007.
4. Т.Е.Дудар История филосфии. Учебно-методическое пособие (Кейса) Сиктивар 2016, 11-20 стр
5. Бердимуратова А.К. Философия. Оқыў қолланба Н., 2010-155 бет
6. Нодырова Э.Р. Диалектика категорий элемент и структура в процесс. Научного познания. Т., 1996, 9, 10, 11 бетлер

**Технологиялық өзгешеликлерден келип шыққан ҳалда кейс-стадидиң характеристикасы:**

Усы кейс-стадидиң тийкарғы дереги кабинетли, Кейс-стадидиң тийкарғы обьекти шахсқа бағдарланған. Бул шөлкемлестириўши институтционал кейс-стади болып, мағлыўматлар, жағдайлар ҳәм сораўлар тийкарында дүзилген. Көлеми орташа, систематастырылған болып, тренингке бағдарланған оқыў тема бойынша билим ҳәм

көнликпелер пайда етиўге қаратылған. Дидактик мақсетлери бойынша кейс-стади машқалаларды көрсетиўге, оларды шешиўге, анализ қылыў ҳәм баҳалаўға қаратилган.

II.Әмелий жагдайды басқышпа-басқыш анализлеў ҳәм шешиў бойынша оқыўшыларға методикалық көрсетпелер.Кейсти шешиў бойынша индивидуал ис көрсетпеси (жол-жобасы). Ҳәр бир кейс теориялық ҳәм практикалық блоклардан турады. теориялық блок теманың кеңейтилген жобасы берилген, бул оқыўшыға көп информациялардың ишинде бағдар алыўға. Информацияны таңлаўда акцентти дурыс қойыўға –ең баслысы деталларда «батып қалмаўға» мүмкиншилик береди. Оқыўшы кейсти үйренгеннен кейин берилген түсиниклерде еркин бағдар алыў керек, олардың анықлмаларын билиўи керек. Берилген әдебиятлар дизими ҳәр бир кейстиң теориялық блогин жуўмақлайды. Онда көрсетилген әдебиятлар менен танысыўды усыныс етемиз.

Анализлеў ушын белгили жазиўшилардин мийнетлеринен қысқаша фрагментлер берилген. Берилген фрагментлерди анализлеў керек. Буның ушын ең дәслеп үзиндини дыққат пенен оқың. Үзинди қәндай тийкарғы идеялардан ибарат екенлигин анықлаўға ҳәрекет қылың, Текст авторы өзиниң позициясын белгилейтуғын таяныш сөзлерды анықлаўға ҳәрекет қылың. Өзиңиздиң пикирлериңизди тесттеги киши цитаталар менен тастыйықлаң. Толық логикалық избе-изликте жуўап бериў ушын сизиң жуўабыңыздың кишкене жобасын дүзип шығыў усыныс етиледи.

<u>Мәселелер</u> – теориялық билимлерди қалай қолланылыўы сондай-ақ мәселениң машқаласы бойынша өз дүңяқараслық позициясын тәрийплеп бериўге, өз көз-қарасыңды анықлаў ҳәм аргументли дәлийлеп бериў , жәрдем бериўши әмелий мәселелер.. Мәселелерди орынлаўга кирискенде, мәселени дыққат пенен оқың. Өз пикириңизди избе-из айтып бериў ушын мәселени ямаса сораўды дыққәт пенен оқың. Жуўабыңыз аргументлестирилген болыўы керек!

**III. Оқытыўшы тәрепинен кейс-стадиди шешиў ҳәм анализ қылыў варианты**

Ҳәзирги дәўирде Өзбекистан Ресупубликасында пайда болып атырған өзгерслерди анализлей отырып жәмийетте пайда болатуғын

муғдар ҳәм сыпат өзгерислериниң өзине тән қәсийетлери үйрениледи. Ресупубликамыз мәниси жағынан жәмийетти түпкиликли өзгерислерге қаратылған жаңа сыпатқа өтиӯ, пайда болып атырған секириӯлер талқыланады.

Раӯажланыӯдың бағдары туӯралы түрли дәӯирлерде түрлише көз-қараслар болған. Узақ ӯақытлар раӯажланыӯдың бағдарын натуӯры түсиниӯ ақыбетинде философлар ҳәмме нәрселер дәӯирлик тәкирарланыӯшы өзгеристен, яғный, дөңгелек ишинде мудамы айналыстан ибарат деген. Базы бир алымлар раӯажланыӯды туӯры сызық пенен барыӯшы яки тәкирарланып барыӯшы басқышлардан ибарат деп түсинген. Ҳәзирги күнде Өзбекстанда ески ҳәм гөнерип атырған нәрселерди бийкар етиӯ ҳәм олардың орнына жаңаларын қурыӯ, жаратыӯ ушын гүрес даӯам етпекте. Кейсте уси көз-қарастан келип шиққан ҳалда болмыс ҳәм билиӯге сай бийкарлаӯ ҳәм бийкарлаӯды бийкарлаӯ нызамлықлары менен үйрениӯге ҳәрекет етеди.

**Кейс-стади оқытыӯ технологиясы**

Оқыӯ сабағынын технологияси модели

| | |
|---|---|
| *Ӯақыт 2 саат* | *Оқыӯшы саны* 30 |
| *Оқыӯ сабағынын формасы* | Билимлерди кеңейтириу, шукырластырыӯ, көникпе хәм канийгелерди дузилистириуге қаратылған әмелий сабақ |
| *Оқыӯ сабағынын режеси* | Кейс-стади мазмунына кирисиӯ.<br>2. Билимлерди активлестириӯ.<br>3. Кейс-стади мазмуни менен танысыӯ хәм ислеӯди шөлкемлестириӯ.<br>4. Кейс-стадиди топарларда шешиӯ 5.Натийжелер презентациясын хәм талықлаӯын өткизиӯ.<br>5. Машқаланы кесте тийкарында анализ етиӯ.<br>6. Оптимал вариантты шешип алыӯ.<br>Жуӯмақлаӯшы шешим шығарыӯ. |

| | |
|---|---|
| | Оқыўшылар хызметин ҳәм сабақ мақсетине жетиў дәрежесин баҳалаў. |
| *Сабақтың мақсети:* Әлемниң универсал байланыслары ҳәм раўажланыўы, философияның нызам категориялары бойынша өзлестирген билимлерин беккемлеў. | |
| *Педагогикалық ўазыйпалар*<br>• Тема бойынша теориялық билим ҳәм көнликпелерди беккемлейди<br>• Кейс пенен таныстырады<br>• Машқаланы табыўға, себеплерин анықлаўға, шешими табыўға бағдар береди. | *Нәтийже*<br>Теориялық билим ҳәм көнликпелерди беккемлейди;<br>Кейс пенен танысады<br>Машқаланың шешимин табады |
| *Оқытыў усылы* | Кейс- стади,ақлый хүжим, амелий усыл |
| *Оқытыў формасы* | Индивидуал, фронтал, киши топарларда ислеў |
| *Оқытыў куралы* | Кейс стади тапсырмасы, методикалық көрсетпе. |
| *Оқытыў шараяты* | Киши топарларда ислеў ушын арналған оқыў ханасы |
| *Қайта байланыс усыл ҳәм қураллары* | блиц-сораў, презентация, кадагалау |

**Оқыў сабағынын технологик картасы.**

| *Баскышлар, ўақты* | *Жумыс мазмуны.* | |
|---|---|---|
| | *Оқытыўшы* | *Оқыўшы* |

| | | |
|---|---|---|
| *1-бақыш. Кирисиў (10 мин.)* | 1.1.Оқыўшылар сабаққа таярлығын ҳәм қатнасты текседеды<br>1.2. Кейс - стади сабағының темасы, мақсети, режелестирилген натийже хам оны откериў режесин айтады.<br>1.3.Бахалаў критериялары менен таныстырады | Тынлайды, жазып алады |
| *2-басқыш. Тийкарғы (60 мин.)* | 2.1..Оқыўшыларға Кейс-стади материалларын тарқатады.<br>2.3. Кейс - стади материаллар талкылаўын шөлкемлестиреди, кейс пенен ислеў кағыйдаларына итибар қаратады, машқалаға ўазыйпаларды аныклаў, оны шешиў алгоритмине итибар қаратады. Кейсти индивидуал еркин шешиўди усыныс етеди.<br>2.4. Тәлим алыўшыларды 4 топарға боледи.<br>2.5. Соң биргеликте таңланган кейсти шешиў вариантының презентациясын таярлаўды усыныс етеди.<br>2.6.Презентация басланыўын дағазалайды ҳәм топар сардарларына кейсти шешиў бойынша ислеген ис натийжесиниң презентациясын өткериуге усынады.<br>2.7. Усынылган шешимлерди топарлар өз-ара бахалаўын шөлкемлестиреди.<br>2.8. Ҳәр бир топардын ислеген ис натийжелери улыўмаластырылып, жуўмаклаўшы пикирлер айтады. | Сораўларға жуўап береди<br>Кейсти еркин тәризде шешимин табады..<br>Топарларда ислейди, кейсти шешиў вариантларын биргеликте орынлайды, шешиудын оптимал вариантларын танлайды.<br>Топар ислеген исинин презентациясын таярлайды.<br>Топарлар кейс шешиминиң презентациясын өткереди. |

| | | |
|---|---|---|
| *3-басқыш. Жуўмаклаушы (5 мин.)* | 3.1.Усынылған кейс шешимлерин тәрийплейди.<br>3.2. Және бир марте кейстиң мақсети ҳәм оның кәсбий билимлерин асырыўға тәсирин билдиреди.<br>3.3. Оқыўшыларды баҳалары менен таныстырады | Тыңлайды, анықластырады. |

**Аудиторияда орынланган жумыс ушын баҳалаў критериялары ҳәм корсеткишлери**

| Топарлар дизими | Топар активлигине макс. 1 б | Маглыўматлар коргизбели баян етилиўи макс.2 б | Жуўаплардын толық ҳәм анықлыгы макс.2 б | Жәми макс.5 б |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

8-10 балл – "айырықша", 6- 8 балл – "жақсы"; 4- 6 балл – "қанығарлы"; 0 – 4 балл – "қанығарсыз"

**Кейске берилген материал-1**

**Биринши топар ушын**

**Жәмийетте пайда болатуғын муғдар ҳәм сыпат өзгерислериниң өзине тән қәсийетлери.**

Социал турмыста муғдар өзгерислериниң сыпат өзгерисине өтиўи өзине тән характерге ийе болып, ол обьектив ҳәм субьектив факторлар, материя ҳәм руўхый поцесслердиң әмел етиўи менен белгиленеди. Обьектив факторға економикаға раўажланыўға бағдарлайтуғын механизм ҳәм қәлиплестириўши шәраятлар ислеп шығарыў ресурслары, ислеп шығарыў түрлери ҳәм қатнасларының раўажланыў дәрежеси киреди.

Конкрет тарийхый жағдайда обьектив ҳәм субьектив факторлар бир-биринен қарсы емес, яки қарсылықлы қатнаста болады. Бул болса жәмийетте жаңа класс сыпатының пайда болыўының қыйын, бир тегис емес болыўын белгилейди. Жәмийетте пайда болмйтуғын муғдар өзгерислердиң сыпат өзгерисине өтиўге сондай обьектив ҳәм субьектив факторлардың тәсир көрсетиўин, сыпат жағнан жаңаланыўының

нәтийжесин белгилеў ушын «револющия», «евалющия» үзликсизлик ҳәм «реформа» түсиниклерин қолланады.

Демек ҳәзирги дәўирде Өзбекистан Ресупубликасында пайда болып атырған өзгерслерге тоқтап өтейик. Ресупубликада мәниси жағынан жәмийетти түпкиликли өзгерислерге қаратылған жаңа сыпатқа өтиў, секириў пайда болмақта.

Бундай секириўдиң әмелге асырыў қуралы сыпатында сиясий аўдарыспақ, класслық гүрес емес, яки топланып қалған социал машқалаларды әсте-ақырынлық пенен избе-излик пенен басқышпа-басқыш ҳәрекет етиў арқалы шешиўди таңлаған. «Қәлпеки ревалюциялық секириўлерсиз, трагедиялы ақыбетлерсиз ҳәм күшли социал ләрзелерсиз, еволюцион жол менен нормал, мәдениятлы раўажланыўға өтиў-таңлап алынған жолдың тийкарғы мазмуны ҳәм мәниси соннан ибарат»

**Кейс бойинша жуўмақ**

Мөлжелленген раўажланыўға өтиў жолы түпкиликли өзгерислерди әмелге асырыўды нәзерде тутады. Бунда катализатор (жеделлестириўши елемент ямаса процесс ) роли мүликти мәмлекет қарамағынан шығарыў ҳәм меншиклестириў, ҳәм базар економикасына өтиў үлкен әҳмийетке ийе.

Ҳақыйқатында да, Өзбекистанның базар қатнасларына басқышпа-басқыш өтиўи, бир тәрептен, бурыннан мийрас болып қалған барлық унамлы тәжирийбелерди тереӊ өзлестириў имканиятын берди, екинши тәрептен, реформалардың тийкарғы басқышларын анық ажыратып берди. Бул басқышлардың ҳәр бири ушын анық мақсетлерди, оларға ерисиў мүмкиншиликлерин белгилеп алыўға жағдай туўдырды. Бул бағдар халықтың «жаңа үй қурмай турып, гөнесин бузбаў» ҳаққындағы даналық пикирине тийкарланғанын көрсетти.

Басып өткен жол ҳәм арттырылған тәжирийбени қалыс баҳалаўдан, ғәрезсизлик жылларында ерисилген жетискеликлерди талқылаўдан жәнe заман талапларынан келип шыға отырып, алдымызда демократиялық реформаларды буннан былайда тереӊлестириў ҳәм елимизди раўажландырыўын жеделлестириўдиң әҳмийетли үстинликлерин жәнe анық шеклерди белгилеў ўазыйпасы турған еди.

Усы пикирден келип шығып Өзбекистан Республикасы Президентиниң «Өзбекистан Республикасын буннан былай да

раўажландырыў бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы ҳаққында»ғы[26] Пәрманы қабыл етилди. Усы пәрманға муўапық раўажланыўдың бес әҳмийетли бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясының бағдарламасы тастыйықланды.

1.Мәмлектлик ҳәм жәмийетлик қурылысты жетилистириў;

2.Нызам үстинлигин тәмийинлеў ҳәм суд-ҳуқық системасын буннан былай да реформалаў;

3.Економиканы буннан былай да раўажландырыў ҳәм либералластырыў;

4. Социаллық саланы раўажландырыў;

5. Қәўипсизликти, миллетаралық татыўлықты ҳәм кеңпейилликти тәмийинлеў, терең ойланған, өз-ара пайдалы ҳәм әмелий руўхтағы сыртқы сиясат жүргизиў.

Ҳәрекетлер стратегиясын бес басқышта әмелге асырыў нәзерде тутылмақта, онда жылларға берилетуғын атамаларға муўапық ҳәр жылы оны әмелге асырыў бойынша Мәмлекетлик бағдарлама тастыйықланады.

**Кейске берилген материал-2**

**Екинши топар ушын**

**Өзбекстанның ғәрезсизлигин беккемлеў ҳәм раўажландырыўда бийкарлаўды бийкарлаўдың үш процессиниң сәўлелениўи**

Бийкарлаўды бийкарлаўдың раўажланыўдағы периодлықтың тамам болыўшы ҳалқасында яғный нәўбеттеги бийкарлаў басқышында оның алдыңғы басқышындағы айырым белгилер тәкирараланады (дән өсимликтен және дәнлерге айналады).

Бийкарлаўды бийкарлаўдың әмелге асыўында раўажланыў туўры сызық формасында емес, ал шеңбер формасында болады, оның соңғы точкасы басланғыш точкаға жақынласады. Бирақ бул жақынласыў оның ақырғы точка ме менен тутасыўы емес, ал жоқары басқышта болғанлықтан раўажланыў спирал` формаға ийе болады. Бул спирал`дың ҳәр бир жаңа орамы алдыңғы орамға қарағанда жоқарырақ басқышта жүзеге келген болады. Мине бул мәнисте раўажланыўдың диалектикалық тәлийматында спирал` тәризли атамасы исленеди. Диалектикалық бийкарлаўға байланыслы раўажланыўдың спирал` тәризли характери өзиниң үш моментине ийе: бириншиден,

[26] Еркин Қарақалпақстан.2017-жыл, 7-февраль.

бийкарлаўды бийкарлаўда, дәслеп нәрсе ҳәм ҳәдийсе өзгериссиз қала алмайды, бунда жаңа сапа жемирилип атырған нәрсе тийкарында пайда болды. Буны деструкция дейди. Екиншиден, бийкар етилип атырған нәрсе менен пайда болып атырған нәрсе арасындағы өз-ара байланысты, олардың бир-бирине болған мүнәсибетин ашып берди. Буны кумуляция дейди. Үшиншиден, бийкар етилип атырған нәрсе алдын ерискен табысларды, оның раўажланыўына тийисли базы белги ҳәм қәсийетлерди сақлаў, оларды пайдаланыў тийкарында жүз береди. Буны конструкция дейди. Буннан бийкарлаўды бийкарлаўдың ҳақыйқый белгиси, яғный нәрсе ҳәм қәсийетлердиң илгерилеп раўажланыўы, жаңалықтың жеңилмеслиги логикалық жақтан өз-өзинен келип шығады.

Жоқарыда айтылған үш процесстиң бирлиги ҳәзирги күнде Өзбекстанның бийғәрезлигин беккемлеў ҳәм раўажландырыўда өз көринисин таппақта. Биз ушын ҳәзир жәмийетимизде гөнерген социаллық мүнәсибетлерди илажы барынша диалектикалық избе-излик ҳәм зийреклик пенен өз ўақтында болдырыў, жаңадан пайда болып киятырған базар економикасына кең имканиятлар ашып береди.

Мәмлекет тәрепинен әмелге асырылып атырған ҳәм халқымыз кең қоллап-қуўатлап атырған базар қатнаслары жәмийетимиздеги хожейинсизлик, қала ҳәм аўылларда мийнетти шөлкемлестириўдиң ески усылларының, өмирдиң ҳәмме областларында басқарыўдың буйрықпазлық усылларының, жәмийетке зәлел келтириўши екологиялық ҳәм руўхый бузылыўлардың сапластырылыўына алып келеди.

Раўажланыўдың бағдары туўралы түрли дәўирлерде түрлише көз-қараслар болған. Узақ ўақытлар раўажланыўдың бағдарын натуўры түсиниў ақыбетинде философлар ҳәмме нәрселер дәўирлик тәкирарланыўшы өзгеристен, яғный, дөңгелек ишинде мудамы айналыстан ибарат деген. Базы бир алымлар раўажланыўды туўры сызық пенен барыўшы яки тәкирарланып барыўшы басқышлардан ибарат деп түсинген. Мәселен, француз алымлары Ламарк, ҳәм Сент-Илер тири тәбиятта раўажланыў үзиликсиз ҳәм секириўлерсиз туппа-туўры жолдан илгерилеп барады десе, италиялы философ Ж. Вико жәмийет өз басынан мудамы тәкирарланып турыўшы үш басқышты (балалық, жигитлик ҳәм қартайыў дәўири) кеширеди деген.

Соны да да айтыў керек, раўажланыў процесинде мәлим дәрежеде тәкирарланыўды ушыратамыз. Бирақ олардың ҳәр бири алдыңғы ҳалаттың қарапайым өзгериссиз тәкирарланыўынан ибарат болмай, бәлки жаңаша, өзгеше жоқарырақ басқышта пайда болыўы, буннан бийкарлаўды бийкарлаў қарапайым ҳәм туўры жол менен пайда болмай, бәлки өзине тән жол менен спирал` тәризли бағдарда болады. Бундағы раўажланыў процессине муўапық бийкарлаў ҳәм бийкарлаўды бийкарлаў моментлеринде басланатуғын ўақтынша изге шегиниў, тәкирарланыўлар менен бир қатарда илгерилеп баратуғын раўажланыўды ҳәм көре билиў бийкарлаўды бийкарлаўдың мәнисин қурайды.

**Кейс бойинша жуўмақ**

Тарийхта, мәселен Өзбекстан шарайтында бирнеше мәртебе жәмийетти изге қайтарыўшы үлкен жоғалтыўлар ҳәм қурбанларға алып келген қурғақ бийкарлаўлар болған. Ҳаслында, реал` тарийхый раўажланыў идеалластырылған көринистен жырақ болып, өз қатнасларын жоғалтпаған ҳалда, беккемлеп барыўшы басқышлардан ибарат.

Ҳәзирги күнде Өзбекстанда ески ҳәм гөнерип атырған нәрселерди бийкар етиў ҳәм олардың орнына жаңаларын қурыў, жаратыў ушын гүрес даўам етпекте. Жәмийетте жүз берип атырған базар економикасы туўдырылып атырған өзгерислерди ҳәр бир адам туўры түсинип алыўы тийис. Республиканы сапалы жақтан өзгертиў оны жоқары раўажланған мәмлекетлер қатарына киргизиў ушын ҳәзирги дәўирде ҳәрбир адамнан көбирек күш-ғайрат сарыплаўды, өз искерлигине баҳа бериўде қалыс, принципиал болыўды ҳәм пидәкерликти талап етеди. Өзбекстанның ғәрезсизлигин беккемлеў ушын тек економикалық өзгерислер қурыў жетерли емес. Соның менен бирге сиясий, мәдений ҳәм руўхый өзгерислер ҳәм болдырыў искерликли социаллық сиясат алып барыў, инсан бойынша ғамхорлық, оның өмирлик мәплерин қорғаў ҳәм зәрүр.

"Ғәрезсизлик бизден билимданлықты ҳәм жоқары дәрежеде кәниге болыўды талап қылады. Ендиликте өзгеристи илим ҳәм техниканы басқарыў, мийнетти шубҳасыз, жоқары дәрежеде шөлкемлестириў сыяқлылар ҳәр таманлама таярлықсыз ҳәм терең билимлерсиз болыўы мүмкин емес.

“Ғәрезсизлик раўажланыўға тосқынлық қылыўшы административлик - буйрықпазлық механизмин бузып таслаў, Өзбекстанның социаллық- экономикалық ҳәм руўхый раўажланыўдың исенимли механизмин жаратыў.

“Ғәрезсизлик улыўма инсаный минез-қулық нормаларын бузыў ҳалларынан, безиў, социаллық әдалат принциплерин избе-излик пенен әмелге асырыў. Бул деген сөз бенен истиң, ҳуқық пенен ўазыйпаның бирлигин тәмийинлеў, ҳадаллық ҳәм ҳүждан менен ислеп, жоқары өнимли мийнетти шөлкемлестириў, оған ҳақы төлеўде теңлестириўшилик тенденцияларына, күтиўшиликке кейиплерди бийкарлаў. Солай етип, болмыс ҳәм билиўге сай бийкарлаў ҳәм бийкарлаўды бийкарлаў даўам ете береди. Бул процессте диалектиканың ҳәмме принциплери әмелге аса береди.

**Әмелий тапсырмалар**

**АССЕСМЕНТ** методы

4 дәрежели тапсырма

**Диалектиканың категориялары**

| | |
|---|---|
| **Сыпатлама**:<br>Мазмун ҳәм форма - әлемдеги түрли нәрсе, қубылыс ҳәм процесслердиң диалектикасын үйрениўде, олар ортасындағы байланыс ҳәм қатнасларда билиўде айрықша орын тутатуғын категориялар. | **Проблемалық тапсырма**<br>Форма деген не? Адамлардың өз турмысында қәдимги қолланатуғын форма ҳаққында түсиниклери тек геометриялық елеслеўлер менен байланыслы. Олар затлардың тек сыртқы көринисин, сыртқы пишимин билдиреди. Ал форма ҳаққында философиялық түсиник қандай? |
| **Өзгешелиги**<br>Мазмун бул белгили нәрсе, ҳәдийсе процесслердиң өзине тән сыпат қәсийетлери жыйындысын аңлатады, философия, логика, тилтаныўшылықтың мәниси мазмуны дегенде, тийкарынан, предмет, предмет ҳаққындағы | **Әмелиятта қолланыў**<br>Әлемдеги түрли нәрсе, хәдийсе ҳәм процесслердиң диалектикасын үйрениўде, олар арасындағы байланыс ҳәм қатнасларды билиўде қолланылады<br>МАЗМУН КАТЕГОРИЯСы – анық |

| | |
|---|---|
| пикир, белгили бир предмет үстинде орынланатуғын ислердиң комплекси түсиниледи.<br>Ал форма мазмунның бар усылы, нәрсе ҳәм ҳәдийселердиң ишки ҳәм сыртқы дүзилисин сәўлелендиреди. | нәрсе, ҳәдийсе, процесслердиң өзине тән сапасы, өзгешеликлери, әҳмийетлери белгилери, элементлеиниң жыйындысын аңлатады<br>Форма КАТЕГОРИЯСы – МАЗМУН барлық усылы, зат ҳәм ҳәдийселердиң ишки ҳәм сыртқы дүзилисин билдиреди |

**Мениң түсиндириўим:**

1. Дүньяның ҳәр бир предмети, қубылысы, ҳақыйқатлықтың процеси мазмун менен форманың диалектикалық бирлигинен турады.

2. Мазмун ҳақыйқатлықтағы қубылыслар менен предметлердиң топарларының, белгили классларының, белгилериниң, тәреплериниң жыйындысын ишине алады.

3. Форма мазмунның өмир сүриў, раўажланыў, аңлатыў усылы. Ол мазмун менен ажыралмас байланыста. Мазмун белгили конкрет шөлкемге, структураға ийе. Форма категориясы мазмунның сәйкес шөлкеминиң, дүзилисиниң, структурасының көриниси. Мәселен, өндириўши күшлер өндирис усылының мазмуны, өндирис қатнаслары - өндирис усылының формасы.

4. Форма менен мазмунның диалектикалық өз-ара байланысы, таза мазмунға сәйкес келмейтуғын гөне формалардың алмасыўы жәмийетлик раўажланыўдың ҳәмме барысы менен тастыйықланады. Мәселен, жәмийет раўажланыўы барысындағы өндирис қатнасықларының бираз прогрессив өндирис қатнасықлары менен алмасып барыў процеси.

5. Жәмийеттиң раўажланыў процесинде мазмун менен форманың ара қатнасынының нормал әмелге асыўы ҳәм субъектив факторға ҳәм байланыслы.

6. Сондай-ақ мазмун менен форманың өз-ара қатнасында жаңа мазмунның еле оған жуўап беретуғын гөне формаларды қолланыўы да бар.

**Кейстиң шешими:**

Ф о р м а – мазмунның элементларин байланыстырыў усылы. Жоқарыда келтирилген мысалдан пайдалансақ, онда форма оқытыўшы,

оқыў ҳәм оқытыў қураллары, оқытыўшы сыяқлы бөлимлердиң байлансыўы, билим бериў процессиниң белгили тәртибин билдиреди. Усыған байланыслы оқытыў ҳәм оқыў искерлигиниң формасы, лекция оқыў, семинар, гүрриңлесиў өткериў жазба жумыс т.б.

Форма предметтиң мазмунын шөлкемлестиреди, тәртиплестиреди. Демек, форма бул сыртқы қыяпа, көринис емес екен. Соның менен бирге, мазмун тек форма арақалы пайда болады. Ф.Гегель айтқанындай, форма мазмунланған, мазмун формаланған болады.

Форма ҳаққында философиялық түсиник басқаша. Форма бул затлардың процесслердиң қубылыслардың жасаў ҳәм раўажланыўы усылын көрсететуғын фигуралар, образлар, структуралар байланыс ҳәм қатнасық түрлери болып табылады. М а з м у н – бул объекттиң характерин белгилеп бериўши элементлер, қәсийетлер, ишки процесслери, олар ортасындағы байланыслар комплекси. Җәне ҳәм қысқаша етип айтқанда, мазмун объектин қурамына кириўши барлық бөлимлер ҳәм процесслердиң жыйындысы. Мысалы, оқытыў искерлиги мазмунына оқытыў қураллары, билим бериў процесслери алып қараўға болады.

## 2.6. Дәрежели тест тапсырмалары

**1. XX әсир диалектикасының тәлийматларының тийкарғы бағдарларын олардың ўәкиллери менен жуплаң**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Герменевтика диалектикасы. | А | Р.Дж Коллингвудт |
| 2 | Эзистенциалистлик диалектика | В | К. Маркс ҳәм Ф. Энгельс |
| 3 | Мессианлық диалектика | С | К.Ясперс, Ж.П.Сартр, А. Камю |
| 4 | Материалистик диалектика. | Д | Дильтей, Гадамер, Бэтт |

Жуўабы:

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1-д | 2 –с | 3 - а | –в |

**2. Диалектиканың категорияларын сәйкеслендириң**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | *Форма* | А | *тосынанлық* |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 2 | *Зәрүрлик* | В | *мазмун* |
| 3 | *себеп* | С | *қубылыс* |
| 4 | *тийкар* | Д | *нәтийже* |
| 5 | *мүмкиншилик* | Е | *ҳақыйқатлық* |

Жуўабы:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1-в | 2 –а | 3 - д | –д | -е |

**Тесттиң бул формасы түсиниўге тийкарланған. Тесттиң бундай формасында баҳалаўда ҳәр бир жуўап ушын балл қойылған нәтийжели болады. Өйткени студент айрымларын дурыс сәйкеслендирип, айрымларын анықлай алмаўы мүмкин. Усыдан келип шыққан ҳалда қаншасын дурыс сәйкеслендирди усыны баҳалаў керек.*

**3. Сократ биринши мәртебе диалетикаға тийкар салды.**

*а)* аўа  б) яқ*

**4. Сократтың диалектикаға байланыслы пикирлерин системаға салыўшы бул Фаробий**

а) аўа  б)* яқ

Бул алтернативалы тест типи болып, бунда баҳалаў қыйыншылық туўдырмайды.

**4. Толықтырың:**

*«Бийкарлаў» атамасын философияға ........... киргизген. Бийкарлаў ………………. күнделикли санада исленетуғын түсиниктен парық қылады.*

**5. Толықтырың:**

.....– бул объекттиң барлық элементлериң барлық элеметлери ҳәм қәсийетлери ортасындағы өз-ара тәсир, ондағы ишки байланыслардан, басқа объект, сыртқы орталық пенен болған турақлы балйаныслардан пайда болған бир пүтинликти, системалы анықлықты, белгилеўди билдиреди.

**....-** қубылыслар, предметлердиң, процесслердиң оларға тән қәсийетлериниң раўажланыўў ҳәм интенсивлиги бойынша муғдарға ҳәм санларда көринис табатуғын характеристикасы.

**Тесттиң бул түри анализлеўге тийкарланған тест болып есапланады.**

**6. Предметлердеги жаңа нәрсениң пайда болып, қарсылықлардан өтиў басқышларын избе-излигин келтириң**

*1) қарсылық  2) Бирдейлик  3) Жаңа предметтиң пайда болыўы  4) Қарама-қарсылық  5) Қарсылықтың шешилиўи*



Жуўабы:




## 4.7. арий

**Диалектика** -*«Диалектика» грек сөзинен алынып «гүриңлесиў алып барып атырман, додалап атырман» деген мәнисти билдирип, тәбият, жәмийет ҳәм ойлаўдың раўажланыўдың ең улыўма нызамлары ҳаққындағы пән*

**Мессианлық диалектика.** *Ол өз тәлийматының тийкарына практика түсинигин қойған ҳәм пүткил дүньяны социология категориялары позициясынан қарайды. Тарийхый билиў диалектикасы. Көбирек Р.Дж Коллингвудтың мийнетлеринде өз сәўлелениўин тапты.*

**С о ф и с т и к а** *(грекше софизм – үйдирме) саналы тийкарда логиканың нызам ҳәм қағыйдаларын бузыў қәлпеки дәлиллерди ислетиў тийкарында сырттан форма дурыс болып көринген пикирлер жүритиў усылы.*

**Эклектика** – *түрли, көбинше қарама-қарсы көзқарасынан қарағанда, социал филсофиялық көзқараслар, сиясий принциплерди бир-бири менен араласыў теориясы, идея пайда етиў усылы.*

**М е т а ф и з и к а** */грекше: мета та физика – физикадан кейин келетуғын/1 диалектикаға қарсы болған ойлаў усылы.*

**Д о г м а т и з м** */грекше догма – бийкар етип болмайтуғын гүман етип болмайтуғын, гүманға орын қалдырмайтуғын өзгермес мазмунға ийе тәлиймат/ ақида – ақидапарастлық болып ол илим ҳәм практиканың жаңа мағлыўматларын, орын ҳәм конкрет жағдайларын есапқа алмастан, мазмуны қатып қалған, ескирген түсиниклер ҳәм қағыйдаларға сүйенип қубылысларға баҳа бериў келтириўлерге усы тийкарда ол ямаса бул искерликти әмелге асырыў усылы деп қаралады.*

**Қатнас** - *өз-ара байланыслықтың зәрүрли лаҳза нәрселериниң бир-биринен шәртленгенлигинен, өз-ара қарамлықтан, байланысыўдан келип шығады.*

**Байланыс**- *предметлердиң бир-бири менен үзликсиз байланысыўын, өз-ара тәсир етиўин билдиретуғын болмыстың түпкиликли хоссасы.*

**Категориялар** (*грекше, kategoriya – белги, анықлаў) философиялық ойдың терең айрықша формасы, әлемдеги өзгерис, раўажланыў, байланыслық ҳәм үзликсиз байланыслыққа тән улыўма тәреплериниң сәўлелениўи: нәрсе ҳәм қубылыслардың өзине тәнлиги, уқсаслығы ҳәм айырмашылығын, турақлылығы*

*ҳәм өзгеристи аңлатыўшы, билиўдиң тийкарғы пайда етиўши ең улыўма түсиниклер.*

**Жеккелик** – *бул жалғыз сыпат ҳәм муғдарлы белгиге ийе болған, мәкан ҳәм ўақытта шегераланған, тек өзине тән белгилерге ийе бар болған, объектлерди сәўлелендиретуғын категория.*

**Улыўмалық-** *бул нәрсе ҳәм қубылыслардағы бөлим, элементлер ҳәм тәреплердиң уқсаслығына, айналғанын, сәўлелендиретуғын категория.*

**Тийкар** *предметлер ҳәм қубылыслардың ишки, ең негизги өз-ара байланысларын аңлатады.*

**Қубылыс** - *бул ҳақыйқатлықтың предметлериниң, процесслериниң сыртқы, аз турақлылыққа ийе тәрепи.*

**М а з м у н** – *бул объекттиң храктерин белгилеп бериўши элементлер, қәсийетлер, ишки процесслери, олар ортасындағы байланыслар комплекси. Және ҳәм қысқаша етип айтқанда, мазмун объектин қурамына кириўши барлық бөлимлер ҳәм процесслердиң жыйындысы. Мысалы, оқытыў искерлиги мазмунына оқытыў қураллары, билим бериў процесслери алып қараўға болады.*

**Ф о р м а** – *мазмунның элементларин байланыстырыў усылы. Жоқарыда келтирилген мысалдан пайдалансақ, онда форма оқытыўшы, оқыў ҳәм оқытыў қураллары, оқытыўшы сыяқлы бөлимлердиң байлансыўы, билим бериў процессиниң белгили тәртибин билдиреди*

**Структура** *(латын сөзинен алынған- дүзилис) – системаның дүзилиси ҳәм ишки формасы, усы система элементлери ортасындағы турақлы өз-ара байланыслардың бирлигин сәўлелендириўши философиялық түсиник.*

**Элемент** (*латын сөзинен алынған - elementum) – бурынғы, дәслепки материя бирлемши, ең әпиўайы дәслепки бөлекшелерин билдириўши түсиник.*

**Нызам** – *бул предмет қубылыслар ортасындағы ишки, зәрүрли, тәкирарланатуғын байланыс ҳәм байланысыўдан ибарат.*

**Сапа** – *бул объекттиң барлық элементлериң барлық элеметлери ҳәм қәсийетлери ортасындағы өз-ара тәсир, ондағы ишки байланыслардан, басқа объект, сыртқы орталық пенен болған турақлы балйаныслардан пайда болған бир пүтинликти, системалы анықлықты, белгилеўди билдиреди.*

**Сан** - *қубылыслар, предметлердиң, процесслердиң оларға тән қәсийетлериниң раўажланыў ҳәм интенсивлиги бойынша муғдарға ҳәм санларда көринис табатуғын характеристикасы.*

**Өлшем** - *сапа менен санның диалектикалық бирлиги ямаса санлық өзгерислердиң сондай интервалы, оның шегарасында предметтиң сапалық белгилилиги сақланады.*

**Секириў** - *санлық өзгерислердиң сапалық өзгериске өтиўи ямаса бир сапалық ҳалаттың екиншисине өтиўи*

**Айырмашылық** - *қарсылықтың көринисиниң бир формасы. Айтайық, тутыныў ҳәм алмасыў қуныының, қунның турақлы ҳәм эквивалентли формалары.*

## 4.5. Тема бойынша презентациялар



















Диалектика шамалаў дәлилеўлерди анализлеўте қолланатуғын тараў деп қараған. Диалектикалық сыпатлаўда шамалаўдағы дәлиллеўлерден жуўмақ келип шығады. Логикалық зәрүрли жағдайдан аподиктик (грек сөзи) – исенимли – гүмансыз дәлиллеўлерден жуўмақ шығарыўда диалектика қолланылмайды.


Диалектологияның тийкарғы структуралық элементлери
Онтология-
• ҳақыйқатлықтың раўажланыўы ҳәм улыўма нызамлары ҳаққында көз-қараслар
Гносеология-
• билиў процессинин диалектикасы, онда ең улыўмалық нызамлардың көриниўи
Логика-
• диалектикалық логика, ең улыўмалық нызамлардың абстрактилик ойлаўда ҳәрекети
Методология-
• диалектиканың басқа тәреплеринен жуўмақлар ҳәм диалектиканың улыўмалық нызамлары илимий билиўде қалай қолланылатуғынлығы ҳаққында олардан алынатуғын қағыйдалар


Предметлердеги қарсылықлар қандай басқышлардан өтип, жаңа нәрсениң пайда болыўы
Бирдейлик
Қарма-қарсылық
Қарсылық
Қарсылықтың шешилиўи
Пайда болған жаңа предмет


Сан өзгерислериниң тийкарғы сапа өзгерислерине өтиў нызамы.
• Сапа – бул объекттиң барлық элементлериң барлық элеметлери ҳәм қәсийетлери ортасындағы өз-ара тәсир, ондағы ишки байланыслардан, басқа объект, сыртқы орталық пенен болған турақлы балйаныслардан пайда болған бир пүтинликти, системалы анықлықты, белгилеўди билдиреди.


Бийкарлаўды-бийкарлаў нызамы ҳәм мийраслық.


60:00
1 • Диалектиканың тийкарын салыўшы?
2 • Диалектиканы шамалаў дәлилеўлерди анализлеўге қолланатуғын тараў деп есаплаған ойшыл?
3 • Бийкар етип болмайтуғын гүман етип болмайтуғын, гүманға орын қалдырмайтуғын өзгермес мазмунға ийе тәлиймат?
4 • Диалектикаға байланыслы пикирлерди системаластырған ким?
5 • Тийкарлардың арасындағы қатнасық бул…
6 • Пәс- бәлент, ақ-қара, күн –….. даўам еттириң
7 • Диалектиканың жуп категорияларын айтың.
8 • Әййемги Грек философы Фалес материяның жалғыз элементин не деп билген?
9 • Затлардың белгилемеси бул ….
10 • Бийкарлаў атамасын философияға киргизген ойшыл

## ЖУЎМАҚ

Диалектика категорияларын анализлеў соны көрсетеди, болмыс бир-бири менен өз-ара қатнаста болған шегарасыз системалар, предметлер ҳәм қубылыслардан ибарат болып, олардың мәниси, барлығы бир ҳалаттан басқыштан, сападан басқасына өтиўден түрли байланыслар арқалы пайда болады. Өз мәниси жағынан диалектикалық категориялар болмыстағы барлық объект, предмет ҳәм қубылыслардың ҳәрекети, өзгериси ҳәм өз-ара байланыслығын нызамлы, яғный үзиликсиз, зәрүр ҳәм улыўма тәреплерин сәўлелендиреди. Болмыс диалектикасының тәреплерин үйрениў әлемниң көп басқышлы рәң - бәрәң сүўретин бериў тийкарында илимий ҳәм философиялық дүньяға көз-қарасты, билиў ҳәм практика нәтийжелерин улыўмаластрыў, инсан искерлигиниң характери ҳәм бағдарына белгили дәрежеде баҳа бериў мүмкиншилигин береди.

Диалектика тәлийматында орайлық орынды ийелеген раўажланыў концепциясы тәбият, жәмийет ҳәм руўхыйлық тараўында пайда болған ҳәрекет ҳәм өзгерислердиң қәсийетлерин, олардағы тәкрарланыў, тиклениў, түпкиликли өзгерис тәсирлениў процесслериниң мәнисин түсиндирип береди. Бул әсиресе өзгерис, раўажланыў, ыдыраў ҳәм раўажланыў ортасындағы байланыс, уқсаслық ҳәм аңлаў ушын зәрүр болып табылады.

Демек, диалектика теориясы салыстырмалы турақлылықтан ол ҳеш қандай өзгермейтуғын, қатып қалған илим деген жуўмак шығарыў дурыс емес. Турмыс анық пәнлердиң раўажланыўының нәтийжесинде диалектика теориясы өз қағыйдаларын жаңалап байытып турады. Философиялық билим тийкарларын терең өзлестирип алыў ҳәм оларды әмелий ҳәм билиў процессинде унамлы қоллай билиў ушын диалектика нызамларының мәниси, қәсийетин ҳәм олардың дүньяны философиялық аңлаўдағы ролин ҳәр тәреплеме билиўи шәрт. Биз өзимиздиң питкериў жумысымызда нызам, байланыс, қатнас, диалектика категориялары ҳ.т.б. мәселелер бойынша, оның илимий билиў ҳәм әмелияттағы ролин тәрийиплеп берип, диалектика теориясын дөретиўшилик раўаландырыўға ҳәрекет етик.

Солай етип, нызам көп қурамалы байланыслар ҳәм қатнаслардың жыйындысы болып, объектив дүньядағы предмет ҳәм қубылысларды

айырықша, зәрүрли, улыўма салыстырмалы турақлылықты сәўлелендиреди.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. Т.: Ўзбекистон, 2016. -53 б.

2. Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан қурамиз. Т.: Ўзбекистон, 2017 -484 б.

3. Мирзиёев Ш.М. Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш-юрт тараққиёти ва халқ фаровонлигининг гарови. Т.: 2017. -28 б.

4. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 12 июнь 2015 йилдаги "Олий таълим муасасаларининг раҳбар ва педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида" ги ПФ-4732 фармони.

5. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Ўзбекистон Республикаси Ахборот технологиялари ва коммуникацияларини ривожлантириш вазирлигини ташкил этиш тўғрисида» 2015 йил 4 февралдаги ПФ-4702-сонли фармони

6. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2014.

7. И.А.Каримов. Янгича фикрлаш ва ишлаш–давр талаби, 5-жилд.– Т.: Ўзбекистон, 1997.

8. И.А.Каримов. Миллий истиқлол мафкура – халқ эътиқоди ва буюк келажакка ишончдир. – Т.: Ўзбекистон, 2000.

9. Karimov İ.A.. Joqarı ma`nawiyat – jen`ilmes ku`sh-T.: Ma`naviyat, 2008

10. Назаров Қ. Ғоялар фалсафаси . – Т.: Академия, 2011.

11. Фалсафа асослари. Назаров Қ таҳрири остида. –Т.: Шарқ, 2005.

12. Бердимуратова А.К. Философия. Оқыў қолланба. Н.2010.Б155.

13. Клизовский А.Й. Основы миропонимания новой эпохи. Таллин, 1991.

14. Введение в философию. Часть 2. М., 1989. С. 105

15. Новейший энциклопедический философский словарь М., 2001

16. Философия. М., 2000. 215.б

17. Фалсафа қомусий луғат.Т., «Шарқ».2004.-474Б.

18. А.А.Абдуқодиров, Ф.А.Астанова, Ф.А.Абдуқодирова. Case-study услуби: назария, амалиёт ва тажриба. -Т.: "Тафаккур қаноти", 2012, -134 бет.

19. Азизходжаева Н.Н. Педагогик технология ва педагогик махорат. – Т.: Чўлпон, 2005.

20. Йўлдошев Ж.Ғ., Усмонов С. Илғор педагогик технологиялар. – Т.: Ўқитувчи, 2004.

21. Ишмуҳамедов Р.Ж. Инновацион технологиялар ёрдамида таълим самарадорлигини ошириш йўллари Ўрта махсус, касб-ҳунар таълими муассасалари ўқитувчиларининг малакасини ошириш ва қайта тайёрлаш факультети тингловчилари, академик лицей ва касб-ҳунар коллежлари ўқитувчилари учун услубий тавсиялар. – Т.: ТДПУ, 2004.

22. Воинова М.Г. Педагогические технологии и педагогическое мастерство. – Т.: «ИҚТИСОД-МОЛИЯ», 2006.

23. Гузеев В. В. Интегральная образовательная технология. – М., 1999.

24. Гузеев В.В. Планирование результатов образования и образовательная технология.- М.: Народное образование, 2000.

25. Дьяченко В.К. Новая дидактика. – М., 2001.

26. Жукова Е.Д. Технология организаци и реализаци самостоятельной работы студентов : рабочая тетр. – Уфа : Изд-во БГПУ, 2004.

27. Кашлев С. С. Современные технологии педагогического процесса. Мн.: “Университетское”, 2000.

28. Колесникова И. А. Педагогическое проектирование: Учеб.пособие для высш. учеб. заведений / М: Издательский центр «Академия», 2005.

29. Левина М.М. Технология обучения, роль в структуре педагогического знания. (Разработка и внедрение гибких технологий обучения педагогическим дисциплинам). М.: МГПИ, 1991.

30. Левитес Д.Г. Современные образовательные технологии. Новосибирск, 1999.

31. Монахов, В.М., Бахусова, Е.В., Власов, Д.А. Педагогические технологии как дидактический инструментарий модернизatsii образования. – М. – Тольятти: ВУиТ, 2004.

32. Монахов, В.М., Бахусова, Е.В., Олейникова, И.А. Педагогическая технология В.М.Монахова от А до Я: самоучитель проектирования учебного процесса: Липецк: ИРО, 2007.

33. Новые педагогические и информационные технологии в системе образования: Учеб. пособие для пед. вузов и системы повыш. квалиф. пед. кадров Под ред. Е.С. Полат. – М.: Издат. центр «Академия», 2001.

34. Сайидахмедов Н.С. Янги педагогик технологиялар. – Т.: Молия, 2003.

35. Толипов Ӯ., Усмонбоева М. Педагогик технологияларнинг тадбиқий асослари – Т.: 2006.

36. Adam, R. The Process of Educational Innovation I R. - Lnd, 1991.

37. Bassett G. Innovation in Primary Education. - Lnd: 1992.

38. О.Толипова. Педагогик квалиметрия модули бўйича маърузалар матни ва амалий машғулотлар. -Т.: "ТДПУ", 2015, -108 бет.

39. Д.Рўзиева, М.Усмонбоева, З.Холиқова. Интерфаол методлар: моҳияти ва қўлланилиши / Методик қўлланма. -Т.: "ТДПУ", 2013, -116 бет.

40. Р.Ишмуҳамедов, М.Юлдашев. Таълим ва тарбияда инновацион педагогик технологиялар. -Т.: "Ниҳол", 2013, -279 бет.

41. Paxratdinov A`, Allambergenov K, Векbergenova M. XX a`sir qa`raqa`lpaq a`debiyati tariyxi. No`кis, «Qaraqalpaqstan», 2011, -608 B.

42. T.Qayipbergenov. Shig`armalari. V-tomliq. No`кis. Qaraqalpaqstan. 1979, 1980.

43. Nurjanov P. G`a`rezsizlik da`wiri qaraqalpaq prozasi, No`кis, «Bilim», 2003, -76

44. Davletov B. XX a`sir basindag`i qaraqalpaq a`debiyatinda janrliq formalar ma`selesi. 2005, -22 B.

**Web betler**

1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг Матбуот маркази сайти: www.press-service.uz

2. Ўзбекистон Республикаси Давлат Ҳокимияти портали: www.gov.uz

3. Ахборот-коммуникация технологиялари изоҳли луғати, 2004, УНДП ДДИ: Программе www.lugat.uz, www.glossaiy.uz

4. Ўзбек интернет ресурсларининг каталоги: www.uz

5. www.ziyonet.uz

## МАЗМУНЫ:

Кирисиў………………………………………………………………………. 3

**I БАП- ДИАЛЕКТИКА – УЛЫЎМА БАЙЛАНЫСЛЫҚ ҲӘМ РАЎЖЛАНЫЎ ТУЎРАЛЫ ТӘЛИЙМАТ……………………………… 5**

*1.1.Диалектикалық ойлаў. Диалектикалық пикирледиң пайда болыўы тарийхы…………………………………………………………………….* 5

*1.2 Диалектика түсиниги ҳәм оның философия тарийхындағы орны…...* 6

*1.3. XX әсир диалектикасының тәлийматларының тийкарғы бағдарлары……………………………………………………………………..* 9

*1.4. Диалектиканың альтернативалары……………………………………...* 13

**II БАП. ДИАЛЕКТИКА УЛЫЎМА БАЙЛАНЫСЛЫҚ КОНЦЕПЦИЯСЫ СЫПАТЫНДА……………………………………... 18**

*2.1. Қатнас, байланыслық, байланыс ҳәм өз-ара тәсиршеңлик түсиниклери…………………………………………………………………...* 18

*2.2. Диалектика категориялары……………………………………………..* 23

**III БАП. ДИАЛЕКТИКА РАЎАЖЛАНЫЎДЫҢ УНИВЕРСАЛ НЫЗАМЛЫҚЛАРЫ СЫПАТЫНДА…………………………………… 38**

*3.1. Нызам ҳәм нызамлық түсиниклери……………………………………..* 38

*3.2. Сан өзгерислериниң тийкарғы сапа өзгерислерине өтиў нызамы……* 40

**IV БАП.ФИЛОСОФИЯ ПӘНИН ОҚЫТЫЎДА ИННОВАЦИЯЛЫҚ МЕТОДЛАРДАН ПАЙДАЛАНЫЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ…………………………………………………………………… 58**

*4.1. Философия пәнин оқытыўдың бүгинги күндеги машқалалары……….* 58

*4.2. Философия пәнин оқытыўдағы инновациялар ҳәм алдыңғы шет ел тәжийбелери……………………………………………………………………..* 63

*4.3. «Философия (Этика, эстетика, логика)» пәнинен “Әлемниң универсал байланыслары ҳәм раўажланыўы. Философияның нызам категориялары“ темасында электрон оқыў модули исленбеси…………....* 71

Жуўмақлаў………………………………………………………………….... 109

Пайдаланылған әдебиятлар……………………………………………..... 111

**Дүзиўшилер:**

**Есназарова Зульфия Балташовна** – Әжинияз атындағы НМПИ жәмийетлик пәнлер кафедрасы, т.и.к., үлкен оқытыўшы

**Асаматдинов Эргаш Алламбергенович** - Әжинияз атындағы НМПИ жәмийетлик пәнлер кафедрасы, философия илимлери кандидаты.

**Тлеумуратова Зульфия Махсетовна** - Әжинияз атындағы НМПИ жәмийетлик пәнлер кафедрасы ассистент оқытыўшы.

**Турдиев Бахтияр Бердиханович** - Әжинияз атындағы НМПИ жәмийетлик пәнлер кафедрасы ассистент оқытыўшы.

# «ДИАЛЕКТИКАНЫҢ ТИЙКАРҒЫ ТҮСИНИКЛЕРИ»

(Оқыў методикалық қолланба)

**Бас редактор:** ***К. М. Кощанов***
**Тех.редактор:** ***Ҳ.К. Шамуратова***
**Корректор:** ***З.Б. Балтабаева***
**Оператор:** ***Н. Нысанбаев***

**Әжинияз атындағы НМПИ редакция – баспа бөлими**
**Әжинияз атындағы НМПИ баспаханасында басылған. 2020-жыл.**
**Буйыртпа №0131. Нусқасы 50 дана. Формат 60х84. Көлеми 7,25 б.т.**
**230105, Нөкис қаласы. П.Сейтов көшеси, н/у. Реестр №11-3084**